# PRENSIP LEVANJIL LA



# PRENSIP LEVANJIL LA

Pibliye pa Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo
Salt Lake City, Utah

1992, 1996 pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.
Tout dwa rezève.
Enprime nan Etazini Damerik.
Apwobasyon Anglè: 6/96
Apwobasyon Tradiksyon: 6/96
Tradiksyon *Prensip Levanjil la*

# TAB MATYÈ

Prefas......v

**Vi nou nan syèl la avèk Bondye** ***Premye pati***
*Chapit 1* Gen yon Bondye......2
*Chapit 2* Vi nou nan syèl la......5
*Chapit 3* Sovè nou an......9
*Chapit 4* Nou lib pou nou chwazi......13

**Kite prezans Bondye** ***Dezyèm pati***
*Chapit 5* Jezi te fè tè a......19
*Chapit 6* Adan ak Èv......21

**Kominikasyon avèk Bondye** ***Twazyèm pati***
*Chapit 7* Sentespri a......28
*Chapit 8* Pale avèk Papa nou ki nan Syèl la......31
*Chapit 9* Pwofèt yo......36
*Chapit 10* Ekriti yo......41

**Sovè nou an, Jezikri** ***Katriyèm pati***
*Chapit 11* Lavi Jezikri a......49
*Chapit 12* Ekspyasyon Jezikri a......55

**Levanjil Jezikri a** ***Senkyèm pati***
*Chapit 13* Fwa nan Jezikri......63
*Chapit 14* Repantans......67
*Chapit 15* Batèm......73
*Chapit 16* Don Sentespri a......77

**Legliz Jezikri a** ***Sizyèm pati***
*Chapit 17* Disip Jezikri yo......89
*Chapit 18* Legliz Jezikri te òganize a......95
*Chapit 19* Legliz Jezikri jodi a......101
*Chapit 20* Òganizasyon Prètriz la......107
*Chapit 21* Òdonans yo......115

**Suiv Jezikri** *Setyèm pati*

*Chapit 22* Obeyisans ....................127
*Chapit 23* Sakrifis ....................133
*Chapit 24* Jou Adorasyon an....................139
*Chapit 25* Lwa Chastete a ....................144
*Chapit 26* Onètete....................149
*Chapit 27* Pawòl Sajès la....................152
*Chapit 28* Dim ak Ofrann....................157

**Sove fanmi nou yo** *Uityèm pati*

*Chapit 29* Fanmi yo enpòtan ....................163
*Chapit 30* Devwa nou pou ede manm fanmi nou yo ....................167
*Chapit 31* Devwa nou pou preche levanjil la....................175
*Chapit 32* Viv tankou fanmi pou toutan....................179

**Dezyè aparisyon Jezikri a** *Nevyèm pati*

*Chapit 33* Dezyèm aparisyon Jezikri a....................187
*Chapit 34* Milenyòm nan....................191

**Lavi apre lanmò** *Dizyem pati*

*Chapit 35* Lavi aprè lanmò....................197
*Chapit 36* *Lavi Etènèl ....................203

**Atik Fwa yo**** ....................208

*Enstriktè yo ta dwe pase plis pase yon sèl peryòd klas ap diskite chapit sa yo.

**Enstriktè a kapab itilize Atik Fwa yo pou revize oubyen anseye leson yo.

**Chan yo**

(Lis chan yo drese apre itilizasyon nou sigjere, men anpil nan yo kapab itilize pou plis pase yon sèl objektif. Paregzanp laplipa nan chan ouvèti yo ak chan kloti yo kapab sèvi pou lòt objektif.)

***Pou Kòmanse***

Vini, Sen Yo ....................212
Pitit Bondye An N' Chante ....................214
Redanmtè Izrayel ....................215
Yon Fondasyon Solid ....................216
Konte Benediksyon Ou Yo ....................218
An Nou Tout Travay ....................220
Mwen Bezwen Ou Tout Tan ....................222
Travay La Bèl ....................223
Premye Priyè Joseph Smith La ....................224

***Sakreman***

Gran Redanmtè A Te Mouri ....................226
Oumenm Papa Letènèl ....................228
Sajès Ak Amou Li Gran Anpil ....................229
Jezi Te Fèt Kon Ti Pòv ....................230
Papa Bondye Tande Vwa Nou ....................231
Mwen Sezi Anpil ....................232
Gen Yon Mòn Jaden Byen Lwen ....................234
N'ap Chante Non Jezi Kris ....................235
Nan Imilite, Sovè Nou An ....................236

***Pou Fini***

Lespri Bondye Tankou Dife ....................238
Anlè Sou Tèt Mòn Nan ....................240
Tout au sommet des monts ....................241
Kounyeya An Nou Rejwi ....................242
Fè Sa Ki Byen ....................244
Mèsi Bondye Poutèt Pwofèt Ou ....................246
Mwen Konnen Jezi Kris Vivan ....................248
Bondye Avèk Ou ....................250
Oumenm Papa ....................252

*Sijè Espesyal*

Lè Yonn Renmen Lòt (Fanmi, fwaye)....254
Mwen Prale Kote Ou Vle (Misyon)....256
Maten An Anvan Ou Sòti (Priyè)....258
Louwe Nonm Sa (Joseph Smith)....260
Lwen Lòtbò Nan Laplèn Jide (Nwèl)....262
Nwèl Rive! (Nwèl)....263
Jezi Kris Resisite (Pak)....264
Li Resisite! (Pak)....265

**CHAN POU TIMOUN**

M'se Pitit Bondye....266
Mwen Konnen Papa Bondye Vivan....267
Lè M' Te Li Istwa Sa....268
Mwen Remèsye Ou, Papa....269
Lesenyè Te Ban Mwen Yon Tanp....270
M' Vle Fè Jantiyès....271
Fèm, Fè Sa Ki Bon....272
Plak Lò Yo....273
Aprann Mwen Mache Nan Limyè A....274
Priyè Familyal....275

**MO POU KONNEN**....276

# PREFAS

Liv sa a ap ede nou aprann epi anseye prensip baz levanjil Jezikri a. Lè nou konnen prensip sa yo, l ap ede nou konprann bi lavi a, ak kòman pou nou kontan tout bon vrè. Prensip ki eksplike nan liv sa a, yo vrè. Pandan n ap etidye prensip sa yo medite epi priye sou yo, n ap rive konnen pou tèt pa nou epi Sentespri a ap temwaye nou yo vrè.

Nou kapab itilize liv sa a pou anpil bi diferan. Nou kapab itilize l pou etidye epi aprann poutèt nou. Nou kapab itilize l pou prepare diskou oubyen pou ede eksplike lòt moun levanjil la.

Nou kapab itilize liv sa a pou etid familyal ak sware familyal. Chak leson gen kesyon noumenm antanke paran oubyen enstriktè kapab poze jèn timoun yo pou wè nan ki nivo yo konprann.

Lè nou anseye leson ki nan liv sa a, nou kapab itilize plis pase yon klas pou yon chapit. Fè si elèv nou yo konprann yon prensip byen anvan nou ale nan yon lòt sijè. Si ou gen tradiksyon ekriti yo, ale nan referans ekriti yo epi diskite sou yo.

Kòm enstriktè, kenbe nan espri nou n ap bezwen apeprè 46-50 peryòd klas pou anseye yon klas pa ane. Planifye pou leson ou yo fèt pandan tout ane a. Sa vle di n ap bezwen plis pase yon semèn etid pou 10 oubyen plis nan leson yo. Nou kapab anvi pase plis pase yon peryòd klas espesyalman nan chapit sa yo 2, 3, 10, 11, 13, 16, 19, 20, 21, 30, 32, ak 36. Deside kisa k ap pi bon pou satisfè bezwen klas nou an.

Lè nou preske rive nan fen ane a nou kapab vle fè youn oubyen de klas pou n diskite sou Atik Fwa yo, ki parèt tou nan liv sa a. Nou ta kapab tou itilize Atik Fwa yo pou revize leson yo.

Paran ak enstriktè yo, priye pou nou jwen gid pandan n ap prepare epi anseye leson sa yo. Kite Sentespri a gide nou nan konpreyansyon nou epi nan ansèyman nou. Chak manm ta dwe li chapit yo epi vini prepare pou pataje avèk lòt manm yo nan diskisyon klas yo.

Imaj ki nan liv sa a ap ede nou pote konpreyansyon pou kèk nan prensip yo epi doktrin ki te anseye yo.

Nou kapab chante kantik ki nan liv sa a lakay nou, nan reyinyon legliz yo, oubyen nenpòt kote li apwopriye. Bondye te di chante im yo se yon fason pou priye, e l ap reponn priyè sa yo avèk benediksyon.

Lè nou wè yon mo make avèk yon *, nou kapab jwenn siyifikasyon l nan finisman liv la. Yo mete lòt mo tou pou ede nou konprann siyifikasyon l.

Ke Bondye beni nou pandan n ap etidye ak lespri priyè, verite liv sa yo.

# VI NOU NAN SYÈL LA AVÈK BONDYE

*Premye pati*



# GEN YON BONDYE

*Chapit 1*

*Pafwa moun mande tèt yo: Èske genyen yon Bondye? Si gen yon Bondye, kisa l sanble? Kòman m kapab konnen apwopo limenm?*

**Gen anpil bagay ki montre nou genyen yon Bondye**
Lè nou gade anpil bèl bagay sou latè, nou konnen yon moun saj ak bon te planifye epi fè l. Leswa, lè nou wè tout etwal yo ak tout planèt sa yo ki toujou an mouvman chak nan pozisyon pa yo, nou konnen yon moun ki gen anpil pouvwa te fè yo epi kontwole yo. Bondye se moun ki fè tout bagay sa yo.

Genyen anpil bon moun ki te wè epi pale ak Bondye. Yo di nou kòman Bondye ye epi kisa li vle nou fè. Yo di nou li se Papa nou ki nan Syèl la. Yo ekri liv sakre pou nou kapab aprann konsènan li.

Nou chak kapab konnen Bondye egziste epi li se Papa nou ki nan Syèl la. L ap ede nou konnen li reyèl, epi nou kapab konnen plis konsènan li.

***Diskisyon***
- Kisa kèk bagay ki montre Bondye egziste?

**Papa nou ki nan Syèl la se yon moun ki pafè**
Bon moun sa yo ki te wè Papa nou ki nan Syèl la te di li reyèl. Li vivan. Li sanble avèk yon moun.

Papa nou ki nan Syèl la se pa yon idòl ni yon bèt. Li gen yon kò chè ak zo. Kò li sanble ak kò yon moun, men li diferan. Kò li p ap janm mouri. Kò li pa santi doulè epi li pa kapab vin malad.

Li gen santiman. Li kapab santi kontan oubyen tris. Li renmen tout moun e li vle yo gen bonè. Li emab epi janti. Li fè byen sèlman, epi li pale verite

sèlman. Li konnen tout bagay. Li kapab fè tout bagay. Limyè klere ozalantou li. Klate l ak bote l pi gran pase tout bagay nou janmen wè.

Papa nou ki nan Syèl la se sèl èt nou dwe adore. Li rete yon kote yo rele syèl. Se yon kote pi bèl pase tè a.

***Diskisyon***
- Ki kalite moun Bondye ye?
- Ki diferans ki genyen ant noumenm ak Bondye?

**Papa nou ki nan Syèl la montre nou lanmou li pou nou nan anpil fason**
Papa nou ki nan Syèl la itilize pouvwa l pou ede nou. Li te bay Pitit Gason li a Jezikri fè syèl la ak tè a. Li te ba l fè solèy la, lalin nan, ak etwal yo. Li te ba l enstriksyon pou l mete plant avèk bèt sou tè a. Papa nou ki nan Syèl la te fè tout bagay sa yo pou nou paske li renmen nou. Li vle ede nou vin bon epi kontan.

Papa nou ki nan Syèl la itilize konesans li pou ede nou. Li konnen tout bagay ki te rive lontan. Li konnen tout bagay k ap pase kounyeya. Epi li konnen sa k ap pral pase nan lavni a. Li konnen panse nou chak. Paske l konnen tout bagay, li konnen sa nou bezwen pou fè nou kontan. Li konnen pou nou reyèlman kontan, nou dwe fè byen. Li vle ede nou vin byen paske li renmen nou.

***Diskisyon***
- Kòman Papa nou ki nan Syèl la montre lanmou li pou nou?

**Papa nou ki nan Syèl la vle nou konnen li**
Paske Papa nou ki nan Syèl la renmen nou, li te ban nou lavi ak yon bèl tè pou nou viv. Li vle nou konnen sa nou dwe fè. Li pwomèt nou ke nou kapab konnen li.

Lè nou fè bagay sa yo l ap ede nou aprann plis konsènan Papa nou ki nan Syèl la:

1. Nou kapab gade tè li fè a epi vin rekonesan.
2. Nou kapab kwè Papa nou ki nan Syèl la egziste vrè epi li renmen nou.
3. Nou kapab li bagay bon moun te ekri konsènan Papa nou ki nan Syèl la.
4. Nou kapab aprann epi fè sa li vle nou aprann epi fè.
5. Nou kapab pale avèk Papa nou ki nan Syèl la epi mande l pou l ede nou konnen li.

Konesans Papa nou ki nan Syèl la kapab ede nou nan lavi nou. Konesans sou limenm kapab ede nou santi nou kontan epi an sekirite. Li bon epi li p ap fè nou bagay ki mal. Nou kapab aprann bagay li vle nou fè. Nou kapab aprann kòman pou n mande l èd li. Nou kapab vin pi bon epi yon pèp ki pi kontan.

***Diskisyon***

- Kisa nou kapab fè pou nou konnen epi konprann Papa nou ki nan Syèl la?
- Kòman konnen Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou?

***Referans***

*Anpil bagay montre nou genyen yon Bondye*

- Ak 7:55–56 (Yon nonm sen wè Bondye.)

*Papa nou ki nan Syèl la se yon moun pafè*

- Jenèz 1:26–27 (Bondye te fè lòm pou vin tankou l.)

*Papa nou ki nan Syèl la montre lanmou l pou nou nan anpil fason*

- Jenèz 1:1–25 (Bondye fè syèl la ak tè a epi tout bagay ki ladan yo.)
- Lik 12:6–7 (Bondye pran swen tout bagay li kreye.)

*Papa nou ki nan Syèl la vle nou konnen li*

- Detewonòm 4:29 (Moun ki vle konnen Bondye ap konnen li.)
- Jan 17:3 (Nou kapab konnen Bondye.)
- 1 Jan 2:3 (Si nou obeyi Bondye nou kapab konnen li.)
- Mozya 4:9 (Nou ta dwe kwè nan Bondye.)

# VI NOU NAN SYÈL LA

*Chapit 2*

*Kikote nou t ap viv anvan nou te fèt sou tè a? Kisa nou t ap fè?*

**Nou chak se yon pitit Papa nou ki nan Syèl la**
Anvan nou te fèt sou tè a nou te viv nan syèl la. Kay nou nan syèl la te pi bon e pi bèl pase tout bagay nou konnen sou tè a. Nou te fè pati yon fanmi anwo a e nou te renmen youn ak lòt. Papa ki nan Syèl la te Papa espri nou yo, se pou rezon sa a, nou rele l Papa nou ki nan syèl la. Poutèt li se Papa nou, li renmen nou e li pran swen nou.

Tout moun k ap viv sou tè a te frè ak sè nan syèl la. Pi gran pitit nan fanmi selès nou an se te *Jezikri. Li se pi gran frè nou.

Lè nou t ap viv nan syèl nou pa t gen kò chè ak zo tankou sa nou gen kounyeya. Nou te espri. Yon espri gen menm fòm ak yon moun. Kòm yon espri, nou te kapab pale youn ak lòt, deplase, fè chwa epi konnen diferans ant byen ak mal.

Nou pa t toutafè menm nan syèl la. Nou te diferan, menm jan nou ye kounyeya. Nou te gen dezi ak kapasite diferan. Nou te aprann pou nou itilize kapasite nou nan fason diferan.

***Diskisyon***
- Kisa kay nou nan syèl la te sanble?
- Kimoun ki te Papa nou?
- Kimoun ki te pi gran frè nou?

**Papa nou ki nan Syèl la te konnen nou kapab vin tankou li**
Depi Papa nou ki nan Syèl la se Papa espri nou, li te konnen nou trè byen. Li te renmen nou. Li te konnen nou te resevwa nan men li kapasite pou



*Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon fwaye selès pi gloriye epi pi bèl pase nenpòt kote sou tè a.*

nou aprann bagay li konnen yo epi vin tankou li. Li vle nou toujou fè byen tankou l. Li vle ede nou grandi kapasite n pou n vin tankou li.

***Diskisyon***

- Èske nou kapab aprann bagay Papa nou ki nan Syèl la konnen epi vin tankou l?
- Kòman sa fè n santi n pou nou gen yon Papa ki nan Syèl la?

**Papa nou ki nan Syèl la te fè yon plan pou ede nou**

Nan syèl la nou te aprann anpil bagay epi nou te grandi pi plis nou te kapab, men gen bagay nou pa t kapab aprann ni fè lòtbò a. Papa nou ki nan Syèl la te fè yon plan pou nou, pou nou aprann plis.

Li te fè yon reyinyon avè nou nan syèl la. Nou tout te la. Li te eksplike plan l lan pou ede nou aprann nan epi li te di nou, si nou suiv plan sa a, n ap vin tankou l.

Papa nou ki nan Syèl la di l ap gen yon tè kote n ap viv pou yon tan. Sou tè a, nou pa t ap sonje vi nou nan syèl la avè l. Nou tap kapab chwazi ant byen ak mal. Sa ap yon tès pou wè si nou tap obeyi Papa nou ki nan Syèl la lè nou pa avè l.

Dapre plan Papa nou ki nan Syèl la, nou tap resevwa yon kò chè ak zo. Nou tap bezwen kò sa a pou nou aprann bagay li konnen yo epi fè bagay li fè yo. Pita nou tap mouri epi espri nou tap kite kò chè ak zo nou yo. Men espri a ak kò a tap reyini ankò, epi nou pa tap janm mouri ankò. Moun ki fè sa Papa nou ki nan Syèl la te di pou nou fè tap retounen viv avèk li pou tout tan.

Nou te aprann tout moun tap gen pwoblèm sou tè a, tankou maladi, doulè, soufrans, ak lanmò. Men nou te konprann nou tap aprann nan tout bagay sa yo. Pwoblèm sa yo ta kapab anseye nou renmen epi ede youn ak lòt.

Papa nou ki nan Syèl la te chwazi tan avèk kote pou chak moun fèt sou tè a. Li te konnen kikote sou tè a pou l voye chak nan nou pou aprann bagay nou tap bezwen konnen yo. Nou tout ap gen opòtinite pou fè anpil bagay diferan. Papa nou ki nan Syèl la te vle nou fè byen epi gen kapasite pou retounen jwen li. Men li pa tap janm fòse nou fè anyen.

Kèk nan nou tap chwazi pou obeyi l. Si nou te obeyi l, nou t ap vin plis tankou l epi retounen viv avè l. Si nou pa t obeyi l, nou pa tap kapab vin tankou l epi nou pa tap kapab retounen al viv avè l.

Lè nou te tande plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou, nou te kontan anpil. Nou te vle gen posiblite pou n aprann epi devlope. Tout moun ki te viv sou tè a te dakò pou viv selon plan an.

***Diskisyon***

- Kisa plan Papa nou ki nan Syèl la te planifye pou nou?
- Poukisa nou te bezwen kite kay nou nan syèl la?
- Kisa Papa nou ki nan Syèl la te vle nou fè sou tè a?

***Referans***

*Nou chak se pitit Papa nou ki nan Syèl la*

- Lik 24:39 (Yon espri pa gen chè ak zo.)
- Ebre 12:9 (Bondye se Papa espri nou.)

*Papa nou ki nan Syèl la te konnen nou te kapab vin tankou li*

- Matye 5:48 (Jezi te di nou pou nou vin tankou Papa nou ki nan Syèl la.)
- 3 Nefi 12:48 (Jezi te di nou pou nou vin pafè menm jan avèk li epi Bondye, Papa nou an.)
- 3 Nefi 27:27 (Nou ta dwe suiv egzanp Jezikri epi vin tankou l.)

*Papa nou ki nan Syèl la te fè yon plan pou ede nou*

- Jan 14:2–3 (Papa nou ki nan Syèl la di, nou te kapab tounen jwenn li.)
- Ak 17:26 (Papa nou ki nan Syèl la te voye nou sou tè a, yon kote epi yon lè dapre plan li.)
- 1 Nefi 17:36 (Papa nou ki nan Syèl la te gen yon syèl ki kreye pou pitit li yo abite.)
- 2 Nefi 9:13; Alma 42 (Bondye gen yon plan pou nou.)

# SOVÈ NOU AN

*Chapit 3*

*Ki sèl moun ki kapab mennen nou tounen kot Papa nou ki nan Syèl la? Poukisa nou ta dwe suiv li?*

**Nou te bezwen yon dirijan**

Papa nou ki nan Syèl la te konnen depi nou te sou tè a, nou pa tap sonje vi nou te genyen avèk li a. Nou pa tap konnen kisa nou bezwen pou nou tounen kote l. Li te konnen tou nou tap peche. Akòz peche nou yo nou tap vin pini nan vin separe avè l pou tout tan. Epi lè nou mouri, nou pa tap genyen kò chè ak zo ankò.

Nou tap bezwen yon moun pou ede n avèk pwoblèm sa yo. Moun sa a tap anseye nou sa nou ta dwe fè pou nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Li tap ede nou konbat move bagay nou ta fè. Li tap fè yon mwayen tou pou nou te gen kò chè ak zo nou ankò lè nou mouri. Nou tap rele moun sa a Sovè nou. Sèlman limenm te kapab sove nou anba pinisyon bagay mal nou ta fè ki mal. Sèlman limenm te kapab ede nou obeyi Papa nou ki nan Syèl la. Sèlman limenm te kapab rann li posib pou nou gen yon kò chè ak zo ankò apre nou fin mouri.

***Diskisyon***

- Kisa kèk nan pwoblèm Papa nou ki nan Syèl la te konnen nou tap rankontre sou tè a?
- Poukisa nou bezwen yon Sovè pou ede nou?

**Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezikri pou Sovè nou**

Papa nou ki nan Syèl la renmen nou, e li te konnen nou tap bezwen èd. Li te konnen nou tap tris si nou pa kapab genyen yon kò chè ak zo epi



*Sou direksyon Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri te fè tè a.*

tounen al viv avèk li ankò pou tout tan. Nou te bezwen yon moun pou ede nou. Papa nou ki nan Syèl la te vle yon moun pou Sovè nou. De nan frè nou yo te ofri tèt yo pou sovè nou.

Pi gran frè nou an, Jezi te mande Papa nou ki nan Syèl la pou voye l. Li di li tap suiv plan Papa nou ki nan Syèl la. Li tap vin sou latè pou l anseye nou bagay nou tap bezwen fè pou nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Li tap mouri pou peye pou move bagay nou te fè. Li tap rann li posib tou pou nou viv ankò apre nou mouri. Li tap pèmèt nou chwazi poukont nou pou nou obeyi oubyen dezobeyi Papa nou ki nan Syèl la.

Jezi te konnen li tap enpòtan pou nou chwazi poukont nou sa nou tap fè. Si yon moun te fòse nou obeyi, nou pa tap kapab aprann epi vin tankou Papa nou ki nan Syèl la. Jezi te vle Papa nou ki nan Syèl la gen tout glwa ak onè.

Yon lòt frè, ki te rele Satan, te mande Papa nou ki nan Syèl la pou chwazi l kòm Sovè nou. Li di li tap vin sou tè a epi fòse nou fè sa nou ta dwe fè. Li di youn nan nou pa tap pedi. Li pa tap pèmèt nou chwazi poukont nou. Li pa tap mouri pou peye pou peche nou. Kòm rekonpans li te vle tout glwa ak onè Papa nou ki nan Syèl la te genyen. Satan te vle vin Bondye nou.

Paske Papa nou ki nan Syèl la renmen nou, li te chwazi Jezi pou Sovè nou. Pou rezon sa a, yo rele Jezi souvan Jezikri. Kris vle di chwazi pa Papa nou ki nan Syèl la pou Sovè nou. Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezi olyede Satan paske li pa t vle nou pèdi dwa nou pou nou chwazi poukont nou. Li te konnen nou dwe fè byen si nou vle, pa paske yon moun fòse nou fè l.

***Diskisyon***
- Kisa Jezi te vle fè pou nou?
- Kisa Satan te vle fe?
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezi pou Sovè nou?

**Jezi se Sovè epi dirijan nou**

Lè Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezi, Satan te vin fache anpil. Li te konvenk yon tyè nan espri nan syèl la pou suiv li. Ansanm, yo te batay kont Jezi ak disip li yo. Yo te vle fòse Papa nou ki nan Syèl la aksepte plan Satan an. Papa nou ki nan Syèl la te fè Satan ak patizan li yo kite syèl la.

Satan ak patizan li yo p ap janm gen yon kò chè ak zo. Yo p ap janm kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Sèlman moun ki aksepte Jezi kòm Sovè yo kapab gen yon kò chè ak zo.

Nou konnen, paske nou gen yon kò chè ak zo, nou te aksepte Jezi kòm Sovè nou. Nou te chwazi byen nan syèl la. Nou ta dwe kontinye chwazi bon bagay isit sou tè a. Nou ta dwe suiv Jezi. Limenm sèl kapab anseye nou kòman nou kapab retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Li kapab ede nou konbat move bagay nou fè epi ede nou aprann fè bon bagay jiskaske nou vin menm jan ak Papa nou ki nan Syèl la.

Papa nou ki nan Syèl la vle nou suiv epi obeyi Jezi. Li konnen Jezi ap toujou anseye fason pou n fè bagay yo, konsa lè nou obeyi Jezi nou obeyi Papa nou ki nan Syèl la tou. Yon kòmandman oubyen yon mesaj Jezi, se yon kòmandman oubyen mesaj Papa nou ki nan Syèl la tou.

***Diskisyon***

- Kòman nou konnen nou te chwazi Jezi kòm Sovè nou?
- Ki sèl moun ki kapab montre nou kòman pou n tounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la?
- Poukisa nou ta dwe suiv Jezi?

***Referans***

*Nou te bezwen yon dirijan*

- Jan 14:6 (Jezi se moun nou dwe suiv pou nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.)
- 1 Pyè 2:21 (Nou dwe suiv tras Jezikri.)
- 2 Nefi 31:13, 16 (Si nou suiv egzanp Sovè a, n ap sove.)

*Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezi pou Sovè nou*

- 1 Jan 4:14 (Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezi pou Sovè mond lan.)
- 2 Nefi 9:6–26 (Jezi te mouri pou nou.)
- 3 Nefi 27:13–14 (Jezikri te vin sou tè a pou l vin Sovè nou.)

*Jezi se Sovè epi dirijan nou*

- Matye 1:21 (Jezi te vin sove nou anba peche nou.)
- 3 Nefi 11:10–11 (Jezikri te soufri pou peche limanite.)
- 3 Nefi 18:16 (Jezi te montre nou yon egzanp pou suiv.)
- 3 Nefi 27:21 (Jezi te montre nou sa pou n fè.)

# NOU LIB POU NOU CHWAZI

*Chapit 4*

*Nou tout fè chwa chak jou. Papa nou ki nan Syèl la te ban nou dwa pou n chwazi poukont nou. Poukisa nou dwe eseye fè bon chwa?*

**Papa nou ki nan Syèl la ban nou dwa pou nou chwazi**
Nan syèl la, nou te lib pou nou chwazi. Nou te lib pou n suiv Jezi oubyen Satan. Prèske tout pitit Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezi. Lòt yo te suiv Satan. Papa nou ki nan Syèl la te pèmèt nou chak fè pwòp chwa pa l.

Papa nou ki nan Syèl la pèmèt nou tou chwazi poukont nou isit sou tè a. Lè nou te vini tè a, sa koz nou bliye vi nou avèk li. Nou te bezwen aprann pou n chwazi poukont nou lè nou pa t avè l.

***Diskisyon***
- Kòman nou santi n lè yo fòse n pou n fè yon bagay?
- Kòman nou santi nou lè yon moun ban nou dwa pou n chwazi sa n vle fè?

**Plan Papa nou ki nan Syèl la kapab mache sèlman si nou lib pou n chwazi**
Yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la se te pou voye nou sou latè kote tap gen bon ak move bagay. Li vle nou chwazi sa ki bon. Satan eseye konvenk nou chwazi mal. Nou lib pou n chwazi ant byen ak mal.

Lè nou fè bon chwa, nou vin pi anfòm pou n fè sa Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè. Lè nou fè sa Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè, nou vin pi sanble ak Li. Nou jwenn poukont nou pi bon chwa pou n fè. Nou konprann pi byen bagay ki fè nou kontan ak bagay ki fè nou tris.

Si nou pa t kapab chwazi poukont nou, nou pa tap gen kapasite pou n vin plis tankou Papa nou ki nan syèl la. Nou pa tap gen kapasite pou n aprann

poukont nou pi bon bagay pou n chwazi. Nou pa tap kapab montre Papa nou ki nan Syèl la nou renmen l epi vle suiv li reyèlman.

***Diskisyon***

- Poukisa nou dwe gen dwa pou n chwazi?

**N ap vin kontan lè nou chwazi pou n obeyi Papa nou ki nan Syèl la**

Bon chwa pote bon rezilta pou nou; move chwa pote move rezilta pou nou. Si nou chwazi pou obeyi Papa nou ki nan Syèl la, n ap vin yon moun pi bon e pi kontan. Si nou chwazi pou n dezobeyi l n ap tris e nou p ap pi bon.

Lè nou fè chwa ki kòrèk yo, nou wè nou vin pi kontan akòz yo. Nou aprann nou ta dwe fè plis bagay ki bon. Lè nou reyalize nan chwazi fè bon bagay nou vin kontan, nou vle fè plis bon bagay. Nou gen dezi pou n vin bon epi pi bon. Nou kapab fè chwa yo pi fasil, paske nou konnen rezilta a ap bon pou nou. Nou aprann bagay nou bezwen konnen epi fè pou n kapab vin plis tankou Papa nou ki nan Syèl la.

Lè nou fè move chwa, nou santi nou tris epi wont. Si nou toujou fè bagay ki mal, Satan kòmanse gen pouvwa sou nou. Li vin di epi pi di pou n chwazi pou fè sa ki byen. Nou sispan eseye suiv plan Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***

- Reflechi sou kèk chwa nou te fè. Ki te rezilta chak chwa sa yo?
- Kòman nou kapab chwazi pou nou vin kontan epi retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la?
- Kòman lè n fè yon bon chwa ede n fè plis bon chwa?
- Kòman lè n chwazi move bagay sa voye nou lwen bon chwa nan lavni?

**Papa nou ki nan Syèl la pral ede nou fè bon chwa**

Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè bon chwa, konsa nou kapab aprann bagay li konnen, fè bagay li fè epi gen sa li genyen. Li konnen n ap kontan epi n ap kapab retounen viv avèk li si nou chwazi fè bagay ki byen.

Papa nou ki nan Syèl la vle ede nou fè bon chwa. Avèk èd li nou kapab chwazi pou n fè tout bagay li te di nou pou fè. Lè nou mande l, li ede nou reziste anba tantasyon Satan. L ap ban nou fòs pou n chwazi sa ki byen. L ap ede nou suiv plan l la epi vin plis tankou l.

***Diskisyon***

- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè bon chwa?
- Èske l te janm eseye fòse nou fè sa ki byen? Poukisa?

### *Referans*

*Papa nou ki nan Syèl la ban nou dwa pou n chwazi*

- Jan 14:15 (Si nou renmen Jezi, nou obeyi kòmandman l yo.)
- 2 Nefi 2:27–29 (Nou lib pou n chwazi suiv Jezikri.)
- Elaman 14:30–31 (Papa nou ki nan Syèl la te fè nou lib pou chwazi byen oubyen mal.)

*Plan Papa nou ki nan Syèl la kapab mache si nou lib pou nou chwazi*

- 2 Nefi 2:11 (Pou tout bon bagay gen yon move bagay ki aji kont li.)
- Alma 41:3–5 (Si nou fè byen, n ap retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Si nou fè mal, n ap vin tris pou tou tan.)
- 3 Nefi 27:14–15 (N ap jije dapre sa nou chwazi pou n fè.)

*Chwazi pou obeyi Papa nou ki nan Syèl la fè nou vin kontan*

- 2 Nefi 9:18 (Moun ki kwè nan Papa nou ki nan Syèl la ap gen anpil jwa.)
- Mozya 2:41 (Moun ki obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la yo kontan, paske yo beni.)

*Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou fè bon chwa*

- Sòm 5:12 (Papa nou ki nan Syèl la ap beni moun ki bon yo.)
- Sòm 25:9 (Papa nou ki nan Syèl la ede moun ki chwazi fè byen yo.)
- Women 12:9 (Nou ta dwe fè bon bagay.)
- 1 Korentyen 10:13 (Papa nou ki nan Syèl la p ap pèmèt tantasyon vin twò fò pou nou reziste.)
- Mowoni 7:28 (Moun ki kwè nan Papa nou ki nan Syèl la vle fè byen.)

# KITE PREZANS BONDYE

*Dezyèm pati*





*Jezi te kreye yon bèl tè pou nou.*

# JEZI TE FÈ TÈ A

*Chapit 5*

*Kiyès ki te fè tè a? Poukisa l te fè l?*

**Nou te bezwen yon tè**

Yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la te eksplike nou nan syèl la se pou nou te kite syèl la pou yon tan. Nou te bezwen yon kote pou ale lwen prezans li, pou n resevwa yon kò chè ak zo pou yo te teste n pou montre si nou tap fè bon chwa. Li te bezwen jwenn yon moun fè kote sa a pou nou. Li te chwazi Jezi pou fè l.

***Diskisyon***

• Poukisa Bondye te planifye pou fè yon tè pou nou?

**Jezi te fè tè a**

Jezi te fè tè a. Li te fè jou ak nuit. Li te fè solèy, lalin, ak etwal yo. Li te separe dlo avèk tè sèk epi li te fè lanmè yo, lak yo, ak rivyè yo. Li te fè zèb pouse, pyebwa, flè, ak tout lòt kalite plant sou tè a. Apre li mete zannimo, pwason, zwazo, ak moustik sou tè a. Lè Jezi fin fè tout bagay sa yo, tè a te pare pou moun te kapab viv sou li.

Papa nou ki nan Syèl la lè sa a te fè yon gason ak yon fi. Gason an te rele Adan, epi fi a te rele Èv. Yo chak te gen yon kò chè ak zo tankou kò Papa nou ki nan Syèl la. Tout travay sa yo, fè syèl la epi mete bagay vivan k ap viv sou li a rele Kreyasyon an. Papa nou ki nan Syèl la te kontan pou syèl la ak tout bagay li te bay Jezi lòd pou mete sou li.

***Diskisyon***

• Kisa te fè Adan ak Èv diferan ak tout lòt bagay Bondye te fè?

**Papa nou ki nan Syèl la te fè syèl la paske li renmen nou**
Nou ap viv kounyeya nan yon bèl mond Papa nou ki nan Syèl la te bay Jezi lòd pou fè. Solèy la ban nou chalè ak limyè. Lapli a fè plant yo grandi epi li ban nou dlo pou nou bwè. Plant yo ak zannimo yo sou tè a fè nou jwenn manje avèk rad pou n sèvi.

Jezi te fè tout bagay sa yo pou nou sou direksyon Papa nou ki nan Syèl la. Lè nou wè li te fè tout bagay sa yo pou nou, nou reyalize Papa nou ki nan Syèl la renmen nou epi gen sousi pou nou.

***Diskisyon***
- Reflechi sou kèk bagay Papa nou ki nan Syèl la te fè pou nou.
- Kòman nou konnen Papa nou ki nan Syèl la renmen nou epi gen sousi pou nou?

**Nou kapab montre nou rekonesan pou tè a**
Nou ta dwe toujou sonje Papa nou ki nan Syèl la te fè tout bagay sou tè a pou nou. Li pa kontan lè nou pa sonje sa. Nou kapab montre l nou rekonesan lè nou sèvi byen avèk bagay ki sou tè a. Nou pa ta dwe gaspiye anyen sou tè a. Nou ta dwe gen sousi pou tè a epi kenbe l pwòp. Nou ta dwe remèsye Papa nou ki nan Syèl la pou bèl mond sa a lè n ap priye l. Nou montre l tou nou rekonesan pou tè a lè nou fè sa l vle nou fè isit la.

***Diskisyon***
- Kòman nou kapab montre Papa nou ki nan Syèl la nou rekonesan pou tè a?

***Referans***

*Nou te bezwen yon tè*

- Ezayi 45:18 (Bondye te fè tè a pou moun te kapab viv sou li.)
- 2 Nefi 2:15 (Bondye te fè tè a kòm yon pati nan plan li pou nou.)

*Jezi te fè tè a*

- Ezayi 45:12 (Bondye te fè tè a.)

*Papa nou ki nan Syèl la te fè syèl la paske li renmen nou*

- Jenèz 1 (Bondye te fè tout bagay sou tè a pou nou.)
- Women 8:38–39 (Anyen pa kapab separe nou avèk lamou Bondye.)

*Nou kapab montre nou rekonesan pou tè a*

- Efezyen 5:20 (Nou ta dwe remèsye Bondye pou tout bagay.)
- Mozya 2:20–25 (Nou ta dwe remèsye Bondye ki te fè nou.)

# ADAN AK ÈV

*Chapit 6*

*Kiyès Adan ak Èv te ye? Kisa yo te fè pou ede nou?*

**Adan ak Èv te premye moun ki te vin sou tè a**
Papa nou ki nan Syèl la te rele premye moun sou tè a Adan ak Èv. Yo te de nan meyè pitit li yo. Yo te rann li posib pou nou tout kapab vin sou tè a.

Nan syèl la, Adan te rele Michel. Li te youn nan dirijan nou yo. Li te mennen nou nan batay kont Satan. Michel te yon bon moun. Li te fè sa Papa nou ki nan Syèl la te mande l pou l fè, konsa li te vin premye moun pou vin sou tè a.

Èv te yon trè bon fi Papa nou ki nan Syèl la. Papa nou ki nan Syèl la te voye Èv sou tè a avèk Adan pou konpayon l epi pou ede l. Papa nou ki nan Syèl la te konnen li pa t bon pou Adan ret poukont li. Adan, poukont li pa tap kapab rann li posib pou nou vin sou tè a. Pati pa Èv nan plan an te trè enpòtan menm jan ak Adan.

***Diskisyon***
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Adan ak Èv kòm premye moun sou tè a?
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la te voye Èv pou rete avèk Adan?

**Jaden Edèn nan te premye kay Adan ak Èv**
Papa nou ki nan Syèl la te kreye yon bèl kote sou tè a pou Adan ak Èv te viv. Kote sa a te rele Jaden Edèn. Lè Adan ak Èv te nan Jaden Edèn nan, yo chak te genyen yon kò chè ak zo ki pa tap kapab mouri. Yo pa t gen pitit. Yo pa t gen pou yo plante epi mwasone oubyen travay pou bagay yo te bezwen. Yo pa t sonje lavi yo nan syèl la. Yo pa t konnen sa ki te bon avèk sa ki te mal.



*Adan ak Èv ajenou devan yon otèl.*

Nan Jaden Edèn nan, Adan ak Èv te kapab mache epi pale avèk Papa nou ki nan Syèl la. Li te di yo bagay yo ta dwe fè. Li te di yo pou yo pran swen jaden an epi pou yo kenbe l pwòp. Li te di yo pou yo fè piti. Li te di yo, yo kapab manje san pwoblèm fwi chak pyebwa nan jaden an, sof youn. Papa nou ki nan Syèl la te di yo pou yo pa manje fwi pyebwa konesans byen ak mal la. Li te avèti yo, si yo te manje fwi nan pyebwa sa a, yo tap mouri.

***Diskisyon***
- Kòman lavi Adan ak Èv nan jaden an te diferen ak vi jodi a?
- Kisa Papa nou ki nan Syèl la te di Adan ak Èv pou fè?

**Adan ak Èv te vin separe avèk Papa nou ki nan Syèl la**

Satan te panse li ta kapab detui plan Papa nou ki nan Syèl la. Li te vin nan Jaden Edèn nan epi li te eseye konvenk Èv pou l manje kèk nan fwi pyebwa konesans byen ak mal la. Li te di li, si li manje nan fwi sa a, li pa tap mouri. Li te di li tap konnen diferans ant byen ak mal, menm jan ak Papa nou ki nan Syèl la. Èv te kwè nan Satan, epi li te manje fwi a. Lè Èv te di Adan li te manje nan fwi a, li te konnen li tap gen pou l kite jaden an. Li te manje nan fwi a tou, konsa yo tap kapab rete ansanm.

Lavi Adan ak Èv te chanje apre yo te fin manje fwi Papa nou ki nan Syèl la te defann yo manje a. Papa nou ki nan Syèl la te mete yo deyò nan Jaden Edèn nan. Yo pa t kapab mache epi pale avèk li ankò. Depi lè sa a moun te separe avèk prezans Papa nou ki nan Syèl la. Pa kapab rete avèk Papa nou ki nan Syèl la, sa rele lanmò espirityèl. Adan ak Èv te dwe viv nan mond lan, deyò bèl jaden an. Yo te dwe travay pou yo jwenn bagay yo bezwen.

Kò yo te chanje. Kounyeya yo te kapab fè pitit. Yo te kapab vin malad epi santi doulè avèk tristès, epi yon jou, yo tap mouri. Chanjman sa a ki te fèt nan Adan avèk Èv la te rele chit Adan an.

Chanjman sa yo afekte tout desandan Adan ak Èv yo. Menm jan avèk yo, nou gen pouvwa pou nou gen pitit; epi malad, gen lapenn ak tristès, epi mouri tou.

***Diskisyon***
- Kisa Satan te fè pou eseye detui plan Papa nou ki nan Syèl la?
- Ki chanjman ki te fèt nan lavi Adan avèk Èv apre yo te fin manje nan fwi pyebwa konesans byen avèk mal la?
- Kisa lanmò espirityèl ye?
- Kisa chit Adan an ye?

**Chit Adan an se yon pati nesesè nan plan Papa nou ki nan Syèl la**
Papa nou ki nan Syèl la te planifye pou pitit li yo vin sou latè pou resevwa yon kò chè ak zo. Apre l te fin mete Adan ak Èv deyò nan Jaden Edèn nan yo te kòmanse fè pitit. Pita, pitit yo te marye epi yo te fè pitit. Nan fason sa a timoun espri Papa nou ki nan Syèl la ki tap viv avèk li yo, te kòmanse vin sou tè a jan l te planifye a. Akòz sa Adan ak Èv te fè posib pou nou chak te kapab vin sou tè a epi resevwa yon kò chè ak zo.

Papa nou ki nan Syèl la te planifye tou pou pitit li yo travay pou jwenn sa yo te vle epi sa yo te bezwen. Depi lè Adan ak Èv te kite Jaden Edèn nan, pitit Papa nou ki nan Syèl la sou tè a te gen pou yo travay pou yo jwenn sa yo vle epi sa yo bezwen.

Apre Adan ak Èv te fin manje fwi Papa nou ki nan Syèl la te defann yo manje a, yo te aprann diferans ant byen ak mal. Kounyeya nou chak kapab aprann diferans ant byen ak mal epi chwazi poukont li pou l fè bon oubyen move bagay.

Lè Papa nou ki nan Syèl la te mete Adan ak Èv deyò nan Jaden Edèn nan, yo te eseye aprann bagay li te vle yo fè. Yo te obeyi li epi anseye pitit yo pou obeyi li. Nou chak ta dwe aprann volonte Papa nou ki nan Syèl la, epi nou ta dwe obeyi li epi anseye pitit nou pou obeyi li.

***Diskisyon***
- Èske Satan te detui plan Papa nou ki nan Syèl la?
- Poukisa nou ta dwe rekonesan pou bagay Adan ak Èv te fè a?

***Referans***

*Adan ak Èv te premye moun pou vin sou tè a*

- Jenèz 1:26–27 (Bondye te fè yon gason ak yon fi.)
- Revelasyon 12:7–9 (Adan, ki te rele Michel nan tan sa a, te mennen espri ki jis yo kont Satan.)
- 1 Nefi 5:11; 2 Nefi 2:19–20 (Adan ak Èv te premye paran yo.)

*Jaden Edèn te premye kay Adan ak Èv*

- Jenèz 2:15 (Papa nou ki nan Syèl te di Adan ak Èv pou yo pran swen Jaden Edèn nan.)
- Jenèz 2:16–17 (Papa nou ki nan Syèl la te di Adan ak Èv pou yo pa manje nan fwi pyebwa konesans byen ak mal la.)

*Adan ak Èv te vin separe avèk Papa nou ki nan Syèl la*

- Jenèz 3:1–5 (Satan te tante Èv.)
- Jenèz 3:23–24 (Bondye te voye Adan ak Èv lwen Jaden Edèn nan.)
- Elaman 14:16 (Adan ak Èv pa t gen dwa rete kote Bondye te ye.)

*Chit Adan an te yon pati nesesè nan plan Papa nou ki nan Syèl la*

- 2 Nefi 2:22–25 (Chit Adan an te yon pati nesesè nan plan Papa nou ki nan Syèl la.)
- Alma 12:26–32 (Chit Adan an te yon pati nan plan Bondye.)

# KOMINIKASYON AVÈK BONDYE

*Twazyèm pati*



# SENTESPRI A

*Chapit 7*

*Papa nou ki nan Syèl la te chwazi yon moun pou di nou sa li vle nou konnen. Kiyès moun sa a ye, epi kòman nou kapab aprann konprann mesaj Papa nou ki nan Syèl la?*

**Sentespri a travay avèk Papa nou ki nan Syèl la epi Jezi pou ede nou**
Sentespri a travay avèk Papa nou ki nan Syèl la epi Jezi. Li temwaye nou y ap viv epi yo renmen nou. Li ede yo anseye nou bagay nou bezwen konnen epi fè ak ede nou obeyi kòmandman yo. Li pa gen yon kò chè ak zo tankou Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi. Li se yon espri. Li sanble ak yon moun.

Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri, ak Sentespri a, yo se twa pèsonn separe. Yo travay ansanm pou ede nou aprann bagay nou bezwen epi fè. Lè nou resevwa mesaj ki soti bò Papa nou ki nan Syèl la oubyen Jezi se toujou Sentespri a ki pote l pou nou. Li ede nou obeyi kòmandman yo tou.

***Diskisyon***
- Avèk kiyès Sentespri a travay?
- Ki diferans ki genyen ant Sentespri a avèk Papa nou ki nan Syèl la?

**Travay Sentespri a**
Sentespri a anseye nou apwopo Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi. Li di nou y ap viv epi yo renmen nou. Li di nou Papa nou ki nan Syèl la se Papa espri nou yo. Li di nou tou, Jezi se Sovè nou.

Sentespri a ede nou konprann apwopo Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi epi bagay nou dwe fè pou nou retounen nan syèl. Li ede nou tou aprann epi konprann tout verite.

Sentespri a ban nou fòs tou pou n obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi. Li kapab ede nou pran bon desizyon lè nou gen pou n chwazi ant de aksyon. Li kapab ban nou lapè nan moman pwoblèm yo.

***Diskisyon***
- Kisa travay Sentespri a?
- Kisa Sentespri a kapab ede nou konnen?
- Kisa Sentespri a kapab ede nou fè?

**Sentespri a anseye nou nan yon fason puisan**
Sentespri a ban nou prèv sa ki bon ak sa ki mal. Prèv sa a tèlman fò nou p ap janm bliye l. Dabitid Sentespri a p ap pale avèk nou nan yon fason nou kapab tande avèk zòrèy nou. Olyedesa li fè nou panse oubyen santi si sa nou li oubyen tande a se laverite. Santiman sa yo fò anpil.

Anpil moun kapab santi puisans Sentespri a an menm tan. Pou n konprann li pi byen reflechi sou solèy la. Gen sèlman yon solèy, men anpil moun kapab santi limyè l ak chalè l nan anpil kote an menm tan. Nou kapab konprann konsènan Sentespri a lè nou konpare l avèk solèy la. Anpil moun nan anpil kote kapab santi puisans limenm si limenm li sèlman yon kote nan nenpòt tan.

***Diskisyon***
- Kòman Sentespri a di nou sa nou bezwen fè?
- Kòman Sentespri a kapab ede anpil moun an menm tan?

**Sentespri a ap ede nou chak**
Apre Papa nou ki nan Syèl la te mete Adan ak Èv deyò nan Jaden Edèn nan, yo te priye epi yo te mande l sa yo ta dwe fè. Papa nou ki nan Syèl la te voye Sentespri a pou anseye yo apwopo limenm ak Jezi epi konsènan bagay Adan ak Èv ta dwe fè. Sentespri a te di yo ansèyman Papa nou ki nan Syèl la yo te vre li te ba yo fòs pou fè sa Papa nou ki nan Syèl la te vle yo fè.

Li te ede yo tou vin enb epi rekonesan pou sa Papa nou ki nan Syèl la te fè pou yo.

Atravè gidans Sentespri a, Adan ak Èv te aprann yo te kapab viv ankò avèk Papa nou ki nan Syèl la yon jou si yo te toujou suiv Jezi epi obeyi kòmandman yo. Direksyon Sentespri a te fè yo kontan anpil.

Papa nou ki nan Syèl la renmen nou chak. Li voye Sentespri a pou gide nou epi anseye nou verite a. Men Sentespri a ap ede nou sèlman si nou chache

suiv kòmandman yo avèk enstriksyon li pote pou nou soti kot Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi. Si nou pa eseye chache obeyi kòmandman yo oubyen si nou pa vle Sentespri a anseye nou li p ap di nou anyen. N ap gen yon meyè vi si nou suiv ansèyman Sentespri yo.

***Diskisyon***

- Kòman Sentespri te ede Adan ak Èv?
- Kisa nou dwe fè pou nou resevwa èd Sentespri a?

***Referans***

*Sentespri a travay avèk Papa nou ki nan Syèl la epi Jezi pou ede nou*

- Jan 14:26; 2 Nefi 33:1 (Sentespri a ap ede nou sonje bagay nou te aprann yo.)
- Jan 15:26 (Sentespri a ap montre nou verite konsènan Jezi.)
- 1 Jan 5:7 (Sentespri a travay avèk Papa nou ki nan Syèl la epi Jezikri.)
- 3 Nefi 28:11 (Sentespri a ap ban nou konesans konsènan Papa nou ki nan Syèl la epi Jezi.)

*Travay Sentespri a*

- 1 Korentyen 12:3; Ebre 10:15 (Sentespri a anseye nou konnen Jezi se Sovè a.)
- 2 Nefi 32:5 (Sentespri a ap ede nou konnen bagay nou ta dwe fè.)

*Sentespri a anseye nou nan yon fason puisan*

- Mowoni 10:5–7 (Sentespri a di nou ki bagay ki vre ak sa ki pa vre.)

*Sentespri a ap ede nou chak*

- Jan 16:13 (Sentespri a ap gide nou nan tout verite.)
- Women 8:16–17 (Sentespri a ap ede nou konnen nou se pitit Papa nou ki nan Syèl la.)

# PALE AVÈK PAPA NOU KI NAN SYÈL LA

*Chapit 8*

*Papa nou ki nan Syèl la renmen nou anpil. Li te fè yon fason pou nou, pou nou kapab pale avèk li nenpòt lè nou vle. Kòman nou kapab pale avèk Papa nou ki nan Syèl la?*

**Nou kapab pale avèk Papa nou ki nan Syèl la**
Lè nou pale avèk Papa nou ki nan Syèl la, sa rele priyè. Menm si Papa nou ki nan Syèl la ap viv nan syèl la, nou kapab pale avèk li epi li tande nou. Li vle ede nou. Li te mande nou pou pale avèk li. Lè nou pale avèk li l ap ede nou fè bagay ki bon pou nou pou n fè.

Nou kapab di Papa nou ki nan Syèl la bagay nou panse. Nou kapab di li nou renmen li. Nou kapab di li nou rekonesan pou bagay li ban nou yo. Nou kapab mande l pou ede nou.

Nou kapab pale avèk Papa nou ki nan Syèl la nenpòt lè nou bezwen pale avèk li. Nou ta dwe pale avèk li lè nou poukont nou. Lè nou poukont nou nou kapab pale avèk li konsènan santiman pèsonèl nou ak pwoblèm nou yo. Nou ta dwe pale avèk li pa mwens pase chak maten ak chak swa.

Nou ta dwe pale avè l tou ansanm ak fanmi nou. Nou kapab fè sa chak maten, chak swa. Nou kapab fè sa tou anvan nou manje lè nou remèsye l pou manje a.

Papa nou ki nan Syèl la p ap janm sispann vle pale avè nou. L ap toujou renmen nou epi vle ede nou. Menm lè nou fè move bagay, li toujou renmen nou. L ap toujou tande nou epi ede nou.

***Diskisyon***
- Poukisa nou ta dwe pale avèk Papa nou ki nan Syèl la?
- Kilè n ta dwe pale avèk li?



*Nou ta dwe priye poukont nou epi nan fanmi nou maten ak aswè.*

**Papa nou ki nan Syèl la te di nou kòman pou n pale avèk li**

Lè nou priye, nou ta dwe di Papa nou ki nan Syèl la bagay nou santi epi bezwen reyèlman. Nou pa ta dwe di memn mo yo tou tan n ap pale avèk li. Nou pa bezwen resite oubyen kriye.

Li te montre nou fason pou nou priye li. Nou ta dwe pale dirèkteman avèk li, konsa: "Papa nou ki nan Syèl la" oubyen mo ki sanble avèk li. Nou ta dwe pale avèk li avèk lanmou epi respè.

Annapre, nou ta dwe remèsye l pou sa l te fè pou nou.

Gen kèk nan bagay sa yo nou ta dwe remèsye l pou yo:

1. Nou ta dwe remèsye l pou bèl tè sa a epi pou manje, rad epi lòt bagay yo.
2. Nou ta dwe remèsye l pou ansèyman l yo ak kapasite nou genyen pou n aprann plis apwopo li.
3. Nou ta dwe remèsye l pou fanmi nou, zanmi nou bòn sante nou avèk travay nou.

Konsa n ap mande l pou sa nou bezwen. Men kèk nan bagay nou ta dwe mande l yo.

1. Nou kapab mande l pou l ede nou konnen sa ki vre ak sa ki pa vre.
2. Nou kapab mande l pou li pwoteje nou, fanmi nou avèk vwazen nou.
3. Nou kapab mande l pou l ede nou fè sa l vle nou fè.
4. Nou kapab mande l pou l ede nou chwazi fè bon bagay.
5. Nou kapab mande l pou l ede nou repanti pou peche nou yo.
6. Nou kapab mande l pou l ede nou jwenn ase manje pou jounen an.
7. Nou kapab mande l pou l ede nou rezoud pwoblèm nou yo.
8. Nou kapab mande l pou l ede fanmi nou, oubyen zanmi nou pou rezoud pwoblèm yo genyen.

Nou ta dwe fini priyè nou an nan mo sa yo, "Nan non Jezikri, amen." Sa ede nou sonje Jezi se Sovè nou. Jezi travay sou direksyon Papa nou ki nan Syèl la pou ede nou nan tout sa nou bezwen. Nou ta dwe site non Jezi avèk respè.

***Diskisyon***

- Lè n ap pale avèk Papa nou ki nan Syèl la kòman nou kòmanse?
- Pou ki bagay nou dwe remèsye?

- Kisa nou dwe mande l?
- Kisa nou dwe di lè nou fin pale avèk Papa nou ki nan Syèl la?

**Papa nou ki nan Syèl la toujou reponn nou**
Nou kapab sèten Papa nou ki nan Syèl la tande nou. Li konnen bagay ki pi bon pou nou genyen. Li toujou pre pou ede nou.

Souvan Papa nou ki nan Syèl la bay Sentespri a repons pou nou. Sentespri a ede nou konprann bagay nou bezwen konnen epi fè. Pafwa Sentespri a voye yon lòt moun vin ede nou.

Nou ta dwe gen dezi pou n aksepte repons Papa nou ki nan Syèl la ban nou an. Li kapab pa ban nou sa nou mande l la. Li kapab pa reponn nou nan fason nou te atann nan. Men li konnen sa ki bon pou nou.

***Diskisyon***
- Kòman Papa nou ki nan Syèl la reponn nou?
- Poukisa li pa toujou ban nou sa nou mande l la?

***Nou vin pi bon moun lè nou priye***
Nou kapab pa konnen sa ki bon pou nou fè. Nou kapab pè. Nou kapab pa konnen kòman pou nou rezoud pwoblèm nou yo. Nou kapab pa konnen sa ki vrè ak sa ki pa vrè. Nou kapab konnen sa ki bon pou nou fè men nou pa ase fò pou nou fè yo.

Lè nou pale souvan avèk Papa nou ki nan Syèl la, li ede nou avèk pwoblèm nou yo. Li ede nou konnen epi fè bon bagay la. Lè nou konnen epi fè bon bagay yo, nou vin pi bon moun. Nou vin plis tankou Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***
- Kòman nou vin pi bon moun lè nou pale avèk Papa nou ki nan Syèl la?

***Referans***

*Nou kapab pale avèk Papa nou ki nan Syèl la*

- Som 55:16–17, 2 Nefi 32:9 (Nou ta dwe pale souvan avèk Papa nou ki nan Syèl la.)
- Lik 18:1 (Nou dwe toujou priye.)
- Alma 37:37 (Nou te dwe pale ak Papa nou ki nan Syèl la apwopo tout bagay nou fè.)

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou kòman pou nou pale avè l*

- Matye 6:6–13 (Yo te di nou kòman pou nou priye.)
- Jak 1:5 (Nou kapab pale avèk Papa nou ki nan Syèl la apwopo anpil bagay.)
- Alma 34:17–27 (Men kèk nan bagay pou ki nou ta dwe priye Papa nou ki nan Syèl la.)
- 3 Nefi 19:6, 24 (Jezi te anseye nou kòman pou nou pale ak Papa nou ki nan Syèl la.)

*Papa nou ki nan Syèl la toujou reponn priyè nou*

- Pwovèb 15:29 (Papa nou ki nan Syèl la tande priyè nou.)
- Matye 7:7 (Mande w ap jwenn.)
- Mowoni 7:26; 3 Nefi 18:20 (Nenpòt sa nou mande k ap bon pou nou, n ap jwenn li.)

*Nou vin pi bon moun lè nou priye*

- Lik 22:40 (Priye pou n gen fòs, pou nou pa vin tante.)
- Jak 5:15–16 (Priyè moun ki jis yo kòz anpil bon bagay pase.)

# PWOFÈT YO

*Chapit 9*

*Kiyès ki pale pou Papa nou ki nan Syèl la sou tè a jodi a e ki kapab di nou sa Papa nou ki nan Syèl la vle nou konnen epi fè?*

**Yon pwofèt se yon moun ki pale pou Papa nou ki nan Syèl la**
Papa nou ki nan Syèl la chwazi yon nonm pou pale pou li sou tè a. Yo rele nonm sa a pwofèt. Pwofèt la renmen Papa nou ki nan Syèl la epi fè sa Papa nou ki nan Syèl la vle li fè. Papa nou ki nan Syèl la anseye pwofèt la bagay nou bezwen konnen epi fè. Apre sa pwofèt la di nou bagay sa yo. Lè yon pwofèt pale pou Papa nou ki nan Syèl la, li di sa Papa nou ki nan Syèl la tap di si se li ki t ap pale avèk nou.

Men kèk bagay pwofèt la di nou:

- Li di nou Jezi se Pitit Gason Papa nou ki nan Syèl la, li se Sovè nou epi ansèyman Jezi yo se verite.
- Li anseye nou bagay Papa nou ki nan Syèl la te di nou ta dwe fè.
- Li di nou pou nou sispann fè bagay ki mal.
- Li pale nou konsènan sa ki pral pase nan lavni.

Sèlman Papa nou ki nan Syèl la kapab chwazi yon pwofèt. Yon moun pa kapab chwazi yon pwofèt. Yon moun pa kapab chwazi poukont li pou l vin yon pwofèt. Papa nou ki nan Syèl la bay pwofèt la otorite pou l fè travay li a epi pou l pale pou li. Yon moun pa kapab reprezante Papa nou ki nan Syèl la si l pa gen otorite sa a.

***Diskisyon***
- Pou kiyès yon pwofèt pale?
- Kisa kèk bagay yon pwofèt di nou?


Joseph Smith


Brigham Young


John Taylor


Wilford Woodruff


Lorenzo Snow


Joseph F. Smith


Heber J. Grant


George Albert Smith


David O. McKay


Joseph Fielding Smith


Harold B. Lee


Spencer W. Kimball


Ezra Taft Benson


Howard W. Hunter


Gordon B. Hinkley

*Papa nou ki nan Syèl la te voye pwofèt nan pwòp jou pa nou yo.*

**Papa nou ki nan Syèl la toujou voye pwofèt pou ede nou**

Papa nou ki nan Syèl la te toujou gen sousi konsènan pitit li yo sou tè a. Depi nan tan Adan, li te toujou voye pwofèt pou ede pitit li yo. Li voye pwofèt pou avèti moun yo sou danje. Li voye yo pou kondui pèp la lwen traka. Li voye yo pou ede pèp la prepare yo pou gwe moman yo. Men kèk pwofèt Papa nou ki nan Syèl la te voye:

1. Noye: Li te avèti moun yo Papa nou ki nan Syèl la ap voye yon gwo lavalas dlo pou detui yo si yo pa t sispann fè mal.
2. Abraam: Li te obeyi Papa nou ki nan Syèl la epi li te anseye timoun li yo pou obeyi Papa nou ki nan Syèl la. Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pou bay Abraam ak tout desandan l yo anpil bagay.
3. Moyiz: Li te kondui Pèp Izrayèl la endeyò Ejip nan yon tè Papa nou ki nan Syèl la te prepare pou yo.

Nan tan pa nou an tou, Papa nou ki nan Syèl la te voye pwofèt. Youn nan pwofèt ki te viv pa two lontan te yon nonm ki te rele Joseph Smith. Li te viv nan Etazini Damerik. Nan 1820 Joseph Smith te gen katòzan. Lè sa a, anpil moun te ale nan anpil legliz diferan, pou chèche vrè Legliz la. Joseph te vle vin yon bon moun epi jwenn vrè legliz Papa nou ki nan Syèl la.

Yon jou, Joseph t ap li nan yon liv sen ki te rele Bib la. Li te li, si ou vle konnen yon bagay, ou dwe mande Papa nou ki nan Syèl la, epi Papa nou ki nan Syèl la ap di nou. Li te kwè Papa nou ki nan Syèl la tap di l reyèlman bagay li ta dwe fè. Li te deside pou l di yon priyè espesyal a Papa nou ki nan Syèl la.

Yon maten, Joseph te ale nan yon ti forè pou l priye. Pandan l t ap priye, yon limyè ki te klere pase solèy la te desan soti nan syèl la. Nan limyè sa a li te wè Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri. Papa nou ki nan Syèl la te lonje dwèt li sou Jezi epi li di, "Sa a se Pitit mwen renmen anpil la. Tande li!"

Joseph te tande tout sa Jezi te di l epi li te obeyi tout enstriksyon Jezi te ba li yo.

Lè Joseph te vin gran, Papa nou ki nan Syèl la te chwazi l pou pwofèt li. Li te yon gran pwofèt. Li te anseye moun yo sa Papa nou ki nan Syèl la vle yo fè.

Joseph Smith te mouri an 1844. Apre l te fin mouri, Papa nou ki nan Syèl la te chwazi yon lòt moun pou pwofèt la. Jodi a, nenpòt lè pwofèt la mouri, Papa nou ki nan Syèl la chwazi yon lòt moun pou pale pou li sou tè a.

*Diskisyon*
- Kisa kèk nan pwofèt Papa nou ki nan Syèl la te chwazi?
- Kisa Joseph Smith te fè?

**Gen yon pwofèt sou tè a jodi a**

Papa nou ki nan Syèl la renmen pitit li yo ki sou tè a jodi a. Li konnen nou gen anpil pwoblèm. Li te voye yon pwofèt pou ede nou. Li pale ak pwofèt jodi a menm jan li te konn pale ak pwofèt nan tan lontan. Papa nou ki nan Syèl la bay pwofèt sa a enstriksyon pou tout moun nan mond lan. Pwofèt la se sèl moun ki kapab resevwa enstriksyon nan men Papa nou ki nan Syèl la pou mond lan.

Pwofèt k ap viv jodi a se yon gran moun. Li renmen Papa nou ki nan Syèl la epi li vle obeyi li. Papa nou ki nan Syèl la di pwofèt yo bagay li vle nou konnen epi fè.

*Diskisyon*
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la te voye nou yon pwofèt nan tan sa a?
- Pou kiyès pwofèt la resevwa enstriksyon?
- Poukisa nou kapab kwè tout sa pwofèt la di nou?

**Papa nou ki nan Syèl la ede nou lè nou obeyi enstriksyon li bay pwofèt yo**

Papa nou ki nan Syèl la te kòmande nou pou obeyi pwofèt li yo lè pwofèt yo ap pale pou li. Lè nou obeyi enstriksyon Papa nou ki nan Syèl la bay pwofèt la, nou aprann kòman pou n vin plis tankou Papa nou ki nan Syèl la. Nou aprann bagay nou ta dwe fè. Nou kapab aprann kòman pou n rezoud pwoblèm nou yo lè nou genyen yo. Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou epi n ap gen lapè nan kè nou.

*Diskisyon*
- Poukisa nou dwe tande sa pwofèt yo di nou pou nou fè yo?
- Kòman Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou lè nou fè sa li te di pwofèt yo pou di nou yo?

***Referans***

*Yon pwofèt se yon moun ki pale pou Papa nou ki nan Syèl la*

- Nonm 12:6; Lik 1:70 (Papa nou ki nan Syèl la pale atravè pwofèt yo.)
- Jeremi 1:5, 7 (Papa nou ki nan Syèl la di pwofèt li yo sa pou yo di.)

*Papa nou ki nan Syèl la te toujou voye pwofèt pou ede nou*

- Amos 3:7 (Papa nou ki nan Syèl la toujou pale atravè pwofèt li yo.)
- Ebre 1:1 (Nan tan lontan, Papa nou ki nan Syèl la te pale ak moun atravè pwofèt yo.)

*Gen yon pwofèt sou tè a jodi a*

- 2 Nefi 3:7–24 (Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pou l chwazi pwofèt nan dènye jou yo.)

*Papa nou ki nan Syèl la ede nou lè nou obeyi enstriksyon li bay pwofèt la*

- Detewonòm 18:18–19 (Sa ki p ap tande pwofèt la yo ap toujou jije pa sa pwofèt yo te anseye a.)
- 3 Nefi 28:34 (Papa nou ki nan Syèl la p ap pèmèt moun ki rejete pawòl pwofèt li yo pou viv avèk li ankò.)

# EKRITI YO

*Chapit 10*

*Papa nou ki nan Syèl la te ban nou kat liv sakre pou ede nou. Èske nou konnen non kat liv sa yo?*

**Papa nou ki nan Syèl la montre nou lanmou li pou nou nan ban nou ekriti sakre yo**

Papa nou ki nan Syèl la te di pwofèt yo pou ekri bagay li vle nou konnen yo. Ekriti sa yo rele ekriti. Yo trè sakre paske bagay ki ladan l yo vini nan Papa nou ki nan Syèl la. Yo pi gran epi pi enpòtan pase nenpòt bagay yon moun ta kapab ekri san èd Papa nou ki nan Syèl la.

Papa nou ki nan Syèl la ban nou ekriti sa yo pou ede nou. Lè nou li yo, nou kapab aprann gran plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou. Nou kapab aprann apwopo vi nou avèk li anvan nou te fèt. Nou kapab aprann konsènan Jezikri. Nou kapab aprann bagay nou dwe fè pou n vin pi sanble avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Ekriti sa yo ede nou aprann Papa nou ki nan Syèl la renmen nou e vle ede nou fè bon bagay.Yo rakonte nou apwopo lòt moun ki te aprann apwopo Papa nou ki nan Syèl la. Yo di nou li renmen tout moun. Nou li nan ekriti sa yo, lè yon moun chwazi pou obeyi Papa nou ki nan Syèl la, yo kontan epi li ede yo. Lè yo pa obeyi l, yo pa kontan e yo pa resevwa èd li.

***Diskisyon***

- Kisa ekriti ye?
- Kisa nou kapab aprann sou ekriti yo?

**Nou gen kat liv ekriti**

Kat liv ekriti sa yo se Bib la, Liv Mòmon an, Doktrin ak Alyans, ak Pèl

Gran Pri a. Yo tout genyen pawòl Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Yo tout anseye vrè ansèyman Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri.

*Bib la*

Bib la genyen pawòl Papa nou ki nan Syèl la te bay moun soti nan tan Adan rive nan lè apot Jezi yo te viv l. Pawòl sa yo la tou pou n etidye yo epi mete an pratik yo jodi a. Bib la divize an de pati. Yo se Ansyen Testaman ak Nouvo Testaman.

Ansyen Testaman an kòmanse avèk istwa sou kòman Papa nou ki nan Syèl la te kreye tè a epi voye premye gason ak fi sou li. Ansyen Testaman an genyen istwa anpil pwofèt, tankou Noye, Abraam, Izrayèl, Moyiz, ak Eli. Istwa yo rakonte kòman Papa nou ki nan Syèl la te ede moun lè yo te fè sa ki bon. Li esplike tou lè moun yo pa t tande pwofèt yo epi pa t obeyi ansèyman Papa nou ki nan Syèl la, yo pa t kapab resevwa èd li.

Nouvo Testaman se dezyèm pati nan Bib la. Li rakonte istwa nesans ak lavi Jezi sou tè a. Li gen kèk nan ansèyman Jezi ak anpil istwa lanmou li pou moun yo epi kòman li te ede yo. Li eksplike kòman li te rele apot li yo pami disip li yo epi kòman li te anseye apot sa yo ak ba yo otorite pou fè travay li. Patizan li yo te konnen li te Senyè a. Pita ekriven yo te rele li Senyè Jezikri a.

Nouvo Testaman an rakonte nou kòman Jezi te soufri e mouri pou tout moun. Nouvo Testaman an fini avèk istwa sou kòman Apot li yo te anseye lòt moun yo konsènan Li, bagay ki pral pase anvan Jezi retounen epi fen mond lan.

Moun nan mond lan pa t aksepte Apot yo, men yo te pase yo nan betiz, pèsekite yo, epi touye yo. Lè tout apot yo ak pwofèt yo te mouri, pa t gen moun ki te rete pou ekri pawòl Papa nou ki nan Syèl la.

Bib la gen pawòl Papa nou ki nan Syèl la toutotan l tradui kòrèkteman.

*Liv Mòmon an*

Liv Mòmon an gen ansèyman Papa nou ki nan Syèl la ak moun ki te viv sou kontinan Ameriken an. Kèk pati nan Liv sa a te ekri demil ane anvan Jezikri te fèt. Yon lòt pati kòmanse apeprè 600 ane anvan Jezikri epi fini 400 ane apre l te fèt. Liv sa a gen ansèyman ki enpòtan konsènan Papa nou ki nan Syèl la. Liv Mòmon an te ekri pou ede moun lontan ak kounyeya konnen Jezi se Sovè tout moun.

Laplipa nan liv Mòmon an rakonte nou konsènan yon gwoup moun ki te vwayaje soti Jerizalèm rive nan kontinan Ameriken an. Yo te fè vwayaj la 600 ane anvan Jezikri te fèt. Yo te dirije pa yon pwofèt ki te rele Leyi ak pitit li Nefi. De nan frè Nephi yo te fache e yo pa t obeyi Papa yo. Yo te rele Laman ak Lemyèl.

Lè Leyi te mouri, manm fanmi li yo te separe nan de gwoup. Sa ki te suiv Nefi yo te rele Nefit. Sa ki te suiv Laman yo te rele Lamanit. Ti gwoup sa yo te grandi pou vin yon gran nasyon. Nefit ak Lamanit yo te fè anpil lagè youn ak lòt. Papa nou ki nan Syèl la te beni epi pwoteje moun ki te obeyi kòmandman l yo.

Papa nou ki nan Syèl la te chwazi anpil pwofèt pou anseye epi dirije pèp li yo nan Amerik la. Istwa lavi yo ak ansèyman yo a, nou jwenn yo nan Liv Mòmon an. Kèk nan pi enpòtan pwofèt nan liv sa a se Nefi, Jakòb, Benjamen, Alma, Mòmon, ak Mowoni. Tout moun sa yo te ekri istwa pèp Papa nou ki nan Syèl la nan Amerik. Mòmon te pran rejis sa yo pwofèt yo te ekri a epi mete yo ansanm pou fè yon liv.

Pwofèt yo te di moun yo Jezi tap vin vizite tè yo a apre l te fini travay li nan Jerizalèm. Jezi te parèt devan bon moun nan Amerik. Li te anseye yo *levanjil li a ak bagay yo dwe fè pou yo retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la apre yo mouri.

Moun yo te kwè nan Jezi epi obeyi l pandan anpil ane. Yo te bon e yo te viv nan lapè. Konsa yo te kòmanse bliye Jezi. Yo te sispann tande pwofèt yo.Yo te fè bagay mal sèlman.

Mòmon, youn nan dènye pwofèt nan liv la, te bay istwa pèp li a, Nefit yo ak pitit li Mowoni. Apre yo te fin touye tout pèp li a nan yon batay kont Lamanit yo, Mowoni te sere nan yon kolin istwa pwofèt yo te ekri sou pèp li a.

Liv la te rete antere nan kolin nan pandan anpil syèk. Alafen, nan 1820, Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Joseph Smith pou l vin pwofèt epi l te voye Mowoni, yon èt *resisite pou montre Joseph kote liv la te antere a. Joseph te tradui Liv la an anglè. Nou konnen l jodi a sou non Liv Mòmon an.

Liv Mòmon an te ekri pou montre Papa nou ki nan Syèl la konnen epi renmen tout moun, tout kote sou tè a. Liv Mòmon an anseye Jezi se Sovè tout moun sou tè a epi li se pitit Papa nou ki nan Syèl la.

*Doktrin ak Alyans yo*

Doktrin ak Alyans genyen pawòl Papa nou ki nan Syèl la pou moun nan tan modèn nan. Li gen enstriksyon pou òganize Legliz Jezikri a. Li eksplike devwa manm yo ak dirijan yo. Li genyen tou ansèyman ki te pèdi pandan lontan pou moun nan mond lan. Li eksplike kèk ansèyman nan Bib la.

Doktrin ak Alyans gen mesaj pou nou k ap viv jodi a. Li avèti nou sou bagay ki pral vini si nou pa obeyi Papa nou ki nan Syèl la. Li rakonte nou tou apwopo bagay mèveye Papa nou ki nan Syèl la te prepare pou nou si nou obeyi l.

*Pèl Gran Pri a*

Pèl Gran Pri a genyen Liv Moyiz yo, Liv Abraam nan, ak Istwa Joseph Smith la.

Liv Moyiz yo genyen vizyon Papa nou ki nan Syèl la te bay Moyiz. Li eksplike kreyasyon tè a. Li gen ansèyman ki te pèdi nan Bib la.

Liv Abraam nan rakonte nou konsènan kreyasyon tè a epi konsènan Papa nou ki nan Syèl la ak pouvwa l la.

Istwa Joseph Smith la rakonte nou kòman Papa nou ki nan Syèl la te rele li pou l vin yon pwofèt. Li gen tou kèk nan tradiksyon Bib la epi sitasyon ki eksplike kèk nan kwayans Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Sitasyon sa yo rele Atik Fwa yo.

Pwofèt Papa nou ki nan Syèl la k ap viv jodi a ekri tou bagay Papa nou ki nan Syèl la di li. Papa nou ki nan Syèl la te fè pwofèt nan tan lontan yo konnen anpil gwo ak bèl bagay. Li kontinye fè pwofèt li yo nan tan kounyeya konnen anpil gwo ak bèl bagay.

***Diskisyon***

- Ki kat liv ekriti nou gen jodi a?
- Poukisa chak nan liv sa yo enpòtan pou nou?

**Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou lè nou etidye ekriti yo**

Nan ekriti yo, Papa nou ki nan Syèl la anseye nou plan l gen pou nou pou n retounen jwenn li. Lè nou etidye ekriti yo, nou kapab aprann bagay li vle nou konnen epi fè. Si nou pa etidye ekriti yo, nou p ap konnen sa k nan yo. Nou p ap konnen kisa Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè.

Nou bezwen etidye ekriti yo chak jou. Nou ta dwe tou li pou fanmi nou nan ekriti yo. Nou ta dwe ede fanmi nou yo konprann ekriti yo. Nou ta dwe anseye timoun nou yo liv sa yo se liv sakre ki sòti Papa nou ki nan Syèl la. Nou ta dwe ede yo konnen sa ki nan liv sa yo epi vin rekonesan pou yo.

***Diskisyon***

- Kòman Papa nou ki nan Syèl la ede nou lè nou li ekriti yo?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la montre nou lanmou li nan ban nou ekriti sakre yo*

- 2 Timote 3:16–17 (Papa nou ki nan Syèl la ban nou ekriti pou ede nou.)
- 2 Nefi 29:3–13 (Papa nou ki nan Syèl la bay tout moun ki obeyi l ekriti yo.)
- 2 Nefi 33:10 (Ekriti yo ban nou pawòl Jezikri a.)

*Nou gen kat liv ekriti*

- 2 Nefi 3:12; 2 Nefi 29 (Papa nou ki nan Syèl la kòmande anpil pwofèt pou ekri ekriti yo.)
- D&A 20:9 (Liv Mòmon an gen levanjil Jezi te anseye.)

*Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou lè nou etidye ekriti yo*

- Jan 5:39 (Etidye ekriti yo. Y ap ede nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.)
- Mòmon 7 (Ekriti yo anseye nou bagay nou dwe konnen.)
- Mowoni 10:3–5 (Sentespri a ap ede nou konnen ekriti yo vrè.)

# SOVÈ NOU AN, JEZIKRI A

*Katriyèm pati*





*Sovè a Jezikri te fèt nan yon enb etab.*

# LAVI JEZIKRI A

*Chapit 11*

*Jezikri se sèl moun ki ka mennen nou tounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Kisa ou konnen konsènan Li?*

**Anpil moun t ap tann avèk gran dezi aparisyon Jezikri a**

Jezi te ofri tèt li pou l vin Sovè nou. Li te di l ap vini sou latè pou montre nou kòman pou n retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Anpil moun ki te viv anvan Jezi te fèt te kwè l tap vini pou l vin Sovè yo. Yo t ap tann ak enpasyans aparisyon li an. Yo te konnen li tap vin sove yo anba pinisyon etènèl peche yo.

Tout profèt ki te viv anvan Jezi te fèt yo te di pèp la li tap vini. Papa nou ki nan Syèl la te voye yon anj pou di Adan Jezi tap vin sou tè a.

Anpil ane anvan Jezi te fèt, yon pwofèt ki rele Ezayi te wè nan yon vizyon Jezi t ap soufri pou peye pou peche nou yo. Ezayi te di moun tap rayi l epi rejte l, Jezi tap santi gwo chagren.

Nefi, yon pwofèt nou li nan liv Mòmon an, te wè bagay Jezi tap fè yo. Nefi te wè bagay sa yo anpil ane anvan Jezi te fèt. Li te wè Jezi bebe nan bra manman l. Yon anj te di Nefi ti bebe sa a se pitit gason Papa nou ki nan Syèl la.

Nou li konsènan yon pwofèt ki rele Benjamen nan Liv Mòmon. Li te di moun yo, Jezi ta pral vini talè sou latè. Benjamen te di yo Jezi tap geri malad yo, fè moun bwete yo mache, moun avèg yo wè, e moun soud yo tande. Li tap chase move espri tou epi resisite moun ki mouri. Benjamen di Jezi tap anseye moun yo pou yo renmen Papa nou ki nan Syèl la epi pou youn renmen lòt.

Tout moun ki te viv apre Jezi te fèt te di nou li te vini. San Jezikri, plan Papa nou ki nan Syèl la tap echwe.



*Lè Jezi te yon tigason, li te anseye savan yo nan tanp lan.*

Pa Carl Bloch. Orijinal nan Chapèl Frederiksborg Castle, Dannmak.
Te itilize ak pèmisyon Mize Frederiksborg.

***Diskisyon***
- Poukisa Jezi te ofri pou l vini sou tè a?
- Kisa kèk pwofèt ki te temwaye l tap vini?

**Nesans Jezi te pote gwo jwa nan mond lan**
Jezi te fè nan yon ti vil ki te rele Bethleyèm. Anj yo te chante lè l te fèt paske yo te kontan anpil. Yon nouvo etwal te parèt nan syèl la. Bèje yo ak moun yo te al wè epi adore li. Anpil nan tout mond lan, selebre nesans li toujou.

Jezi te diferan pami tout timoun ki te fèt. Papa Jezi se Papa nou ki nan Syèl la. Papa nou ki nan Syèl la pa t sèlman Papa Espri Jezi, men Papa kò fizik li tou. Jezi te resevwa puisans nan men Papa nou ki nan Syèl la ke lòt moun pa t genyen. Moun yo pa t ka touye san l pa t pèmèt yo fè l. Apre l te mouri, li te gen pouvwa pou l te reprann lavi li ankò.

Manman Jezi se Mari. Li te yon jèn fi pi ki te viv anviwon 2000 ane pase nan peyi ki te rele Izrayèl la. Pandan l te yon jèn vyèj, ki poko marye, yon anj kite soti kot Papa nou ki nan Syèl la te vin kote l. Anj lan te di l li tap vin manman Jezikri. Anj lan te di l Papa nou ki nan Syèl la tap papa Jezi. Pèsonn sou latè pa t kapab Papa l.

Anj lan te ale tou kote mesye Mari ta pral marye a. Mesye sa a te rele Joseph. Anj lan te di Joseph pitit la tap fèt la tap pitit Papa nou ki nan Syèl la men se pa pitit nenpòt moun sou tè a. Anj lan te di li, li ta dwe marye avèk pou l marye ak Mari. Konsa Joseph ak Mary te marye. Apre Jezi te fèt, Joseph te pran swen l tankou se te pwòp pitit li.

Poutèt manman l te mòtèl, Jezi te ka santi grangou, swaf, ak doulè, epi li te kapab mouri.

***Diskisyon***
- Kòman nou fè konnen nesans Jezi a se te yon evenman enpòtan?
- Ki pouvwa Jezi te resevwa nan men Papa li?
- Kisa Jezi te kapab santi akòz manman terès li a?

**Jezi te vini pou anseye nou levanjil**
*Jezi te san peche*

Jezi te san peche. Li te fè tout bagay Papa nou ki nan Syèl la te vle l fè. Jezi te grandi menm jan lòt timoun yo grandi. Pandan l t ap grandi, Li te gen sajès. Li te gen pouvwa Papa nou ki nan Syèl la.

Lè Jezi te gen douzan, li te konnen li te vini pou fè sa Papa nou ki nan Syèl la te vle l fè. Li te konnen li te gen yon travay espesyal pou l fè sou tè a.

Yon jou li te ale Jerizalèm avèk Mari ak Joseph. Lè Mari ak Joseph t ap retounen lakay li, yo te wè Jezi pa t avèk yo. Yo te retounen Jerizalèm pou chèche l. Apre twa jou, yo te jwenn li nan tanp lan, ap pale avèk nonm saj yo epi reponn kesyon yo. Tout moun ki te tande li te sezi li te konnen tout bagay sa yo epi te kapab reponn kesyon yo. Joseph ak Mari te kontan jwenn li, men yo pa t kontan li pa t rete avè yo. Jezi te di yo se paske li te gen pou l fè travay Papa nou ki nan Syèl la.

*Jezi te *batize*

Lè Jezi te gen trantan, li te ale jwenn Jan Batis pou batize l. Jan te panse li pa ta dwe batize Jezi, paske Jezi pa t janm peche men Jezi te di Jan pou batize l. Jezi te vle obeyi tout kòmandman Papa nou ki nan Syèl la. Jan te batize Jezi, plonje l nèt nan dlo a epi retire lapre. Lè Jezi te fin batize, Papa nou ki nan Syèl la te pale nan Syèl la li di Jezi se Pitit Gason li epi Limenm, Papa nou ki nan Syèl la, te kontan anpil avè l. Sentespri a te vini tou sou Jezi lè l te fin batize.

*Satan te tante Jezi*

Apre Jezi te fin batize, li te ale nan yon dezè poukont li epi pou l jene ak priye. Apre Jezi te fin jene pandan karant jou, Satan vini epi tante l. Satan te konnen si li te kapab fè Jezi komèt peche, Jezi pa t ap kapab fè bagay yo te voye l fè yo. Konsa plan Papa nou ki nan Syèl la tap echwe.

Jezi te reziste ak tout tantasyon Satan yo. Alafen, Li te di Satan pou l ale. Apre Satan te fin kite l, anj yo te vini epi vizite Jezi.

*Jezi te anseye nou pou nou renmen Papa nou ki nan Syèl la epi youn renmen lòt*

Apre l te fin reziste ak Satan, Jezi te kòmanse anseye moun yo. Yon rezon l te vini sou tè a se te pou anseye nou fason nou ta dwe viv.

Jezi te anseye nou ta dwe renmen Papa nou ki nan Syèl la avèk tout kè nou, nanm nou, ak fòs nou. Li te anseye nou ta dwe tou renmen lòt moun menm jan nou renmen pwòp tèt nou. Nou ta dwe padone epi sèvi lòt moun. Jezi te montre nou kòman pou n fè bagay sa yo. Li te montre nou lanmou li pou Papa nou ki nan Syèl la nan fè tout bagay Papa nou ki nan Syèl la mande l pou fè.

*Jezi te renmen tout moun*

Jezi te renmen tout moun. Li te geri malad yo. Li te fè moun ki avèg yo wè epi bwate yo mache. Li te pran timoun yo nan bra li, li te beni yo.

Jezi te montre lanmou l pou moun ki te peche. Li te anseye yo pou yo regrèt peche yo e pou yo pa peche ankò. Jezi te menm renmen moun ki te tiye l yo. Li te priye Papa nou ki nan Syèl la pou yo. Jezi te anseye nou youn ta dwe renmen lòt menm jan li renmen nou an.

***Diskisyon***
- Kisa kèk nan bagay nou kapab fè pou montre Papa nou ki nan Syèl la nou renmen li?
- Kisa kèk bagay nou kapab fè pou lòt moun yo pou montre yo nou renmen yo?

*Jezi te òganize yon legliz*

Jezi te vle tout moun konnen fason pou yo retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Fason l lan rele levanjil la. Jezi te òganize yon legliz pou tout moun te kapab aprann levanjil la.

Jezi te chwazi douz mesye, yo te rele Apot, pou dirije Legliz li a. Yo tap anseye moun yo levanjil la apre l te retounen nan syèl. Jezi te bay Douz Apot sa yo otorite pou reprezante l. Yo ta kapab anseye levanjil li a bay tout moun epi batize yo. Yo ta kapab chwazi lòt moun pou ede yo anseye levanjil la epi fè tout bagay li te vle fè.

***Diskisyon***
- Poukisa Jezi te chwazi Douz Apot yo?

**Lè nou aprann konsènan Jezi, nou konprann ki gwo moun li ye**

Jezi te ede nou chak nan montre nou kòman pou nou viv. Lè nou aprann vin tankou li, nou aprann fè bagay ki fè nou kontan. Nou kapab tou aprann bagay k ap ede nou retounen nan Syèl la pou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Lè nou konnen Jezi renmen nou, nou santi lapè. Nou santi nou an sekirite epi san krent. Nou konnen nou kapab konte sou li kòm dirijan nou. Nou konnen li konprann pwoblèm nou yo. Ansèyman li yo ede nou simonte pwoblèm nou yo. Lè nou konprann tout sa Jezi te fè pou nou, lanmou nou pou li grandi. Lanmou nou pou li fè nou vle obeyi li. N ap tann ak enpasyans lè nou kapab avèk li.

***Diskisyon***

- Kòman aprann apwopo Jezi ede nou?
- Kòman ou santi w pandan w ap aprann apwopo Jezi?

***Referans yo***

*Anpil moun te tan avèk gran dezi pou aparisyon Jezikri a*

- Ezayi 53:3–7 (Ezayi te pale konsènan Jezi.)
- Mozya 3:5–7 (Benjamen te di bagay Jezi tap fè.)

*Nesans Jezi te pote gwo jwa nan mond lan*

- Lik 2; 3 Nefi 1 (Nesans Jezi a.)

*Jezi te vini anseye nou levanjil li a*

- Matye 3:15–17 (Jezi te batize.)
- Matye 4:1–11 (Satan te tante Jezi.)
- Matye 25:35–46; Jan 15:12 (Jezi vle nou ede lòt yo.)
- Mak 1:34; Matye 14:14 (Jezi te geri moun malad.)
- Lik 2:40 (Jezi te grandi nan sajès, menm lè l te tou piti.)
- Lik 2:46–47 (Jezi te anseye mesye savan yo nan tanp lan.)
- Jan 8:28–29 (Jezi te fè bagay Papa nou ki nan Syèl la te vle l fè.)

*Lè nou aprann konsènan Jezi nou aprann ki gwo moun li ye*

- Matye, Mak, Lik, Jan (Vi ak ansèyman Jezi.)

# EKSPYASYON JEZIKRI A

*Chapit 12*

---

*Jezi te soufri anpil poutèt peche nou yo. Poukisa li te chwazi pou l mouri pou nou?*

**Papa nou ki nan Syèl la te voye Jezikri sou tè a pou vin Sovè nou**
Nou bezwen yon kò chè ak zo pou nou vin tankou Papa nou ki nan Syèl la, men Papa nou ki nan Syèl la te konnen nou tout tap mouri epi pèdi kò nou akòz Adan ak Èv te dezobeyi Papa nou ki nan Syèl la. Lè yo te manje fwi Papa nou ki nan Syèl la te defann yo manje a, yo tap mouri kareman menm jan ak tout moun ki tap fèt apre yo. Papa nou ki nan Syèl la konnen tou, nou tout tap peche pandan nou sou tè a, epi akòz peche nou yo, nou pa tap kapab retounen al viv avèk li ankò. Nou tap bezwen èd pou nou peye amann pou peche nou yo epi vin obeyisan pou nou kapab retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Nou tap bezwen rejwenn kò fizik nou ankò apre lanmò. Jezi te di li tap ede nou. Li tap vin Sovè nou.

Nou te bezwen yon moun ki te san peche pou peye pou peche nou yo. Jezi se sèl moun ki tap kapab fè sa. Li te san peche. Li te gen pouvwa sou lanmò, konsa l te kapab ede nou jwenn kò nou ankò apre n mouri. Li te renmen nou anpil. Li te vle soufri pou peche nou yo pou nou te kapab vin pwòp. Li te vle mouri pou nou, konsa nou ta kapab retounen vivan aprè lamò. Sakrifis Jezi pou nou an rele ekspyasyon.

***Diskisyon***
- Poukisa li te nesesè pou Papa nou ki nan Syèl la voye Jezi sou tè a?

**Soufrans Jezi yo montre nou konbyen limenm ak Papa nou ki nan Syèl la renmen nou**
Papa nou ki nan Syèl la tèlman renmen nou, li voye Pitit Gason l lan, Jezi sou tè a pou l soufri epi mouri pou nou. Jezi tèlman renmen nou, li te



*Nan Jaden Jetsemane a Jezi te pran sou limenm peche tout limanite.*

soufri gwo doulè epi li te mouri pou nou. Jezi te konnen li tap soufri anpil. Li te prèske depase sa li te kapab pote. Men li te vle nou kapab vin tankou Papa nou ki nan Syèl la.

Jezi te ale yon kote ki rele Jaden Jetseman. Kote sa a li te mete ajenou pou l priye Papa nou ki nan Syèl la pou ede l. Li te mande Papa nou ki nan Syèl la si li te posib pou l pa soufri. Men Li te di li tap fè sa Papa nou ki nan Syèl la te vle li fè. Yo pa t fòse Jezi pou l soufri. Li te chwazi pou l soufri paske se te yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou te kapab netwaye anba peche nou yo.

Nan Jetsemane, Jezi te soufri pou peche tout limanite, tankou se te pwòp peche l. Soufrans li pou tout peche sa yo te pi gran pase sa nou kapab konprann. Doulè a te tèlman gran li te tranble. San te soti nan chak twou nan kò li.

Anapre, moun mechan yo te vini epi mennen l bay jij Jerizalèm yo. Kote sa, yo te krache sou li, yo te bat li. Yo te fè yon kouwòn pikan epi yo te mete l sou tèt li. Yo te ridikilize l epi pase l nan betiz.

Jij yo te di solda yo pou yo krisifye Jezi. Yo te fè l pote yon kwa an bwa byen lou rive kote l ta pral mouri a. Yo te krisifye l sou kwa a, yo te klore kloure men l ak pye l yo. Sou kwa a, li te fin peye pou amann dezobeyisans Adan ak Èv la epi pou pwòp peche nou yo.

Yo te kite l la pou anpil tan sou kwa a. Malgre l t ap soufri, e malgre moun yo te kontinye ap pase l nan betiz, li te trankil epi pasyan. Alafen, li te di Papa nou ki nan Syèl la li remèt lespri l nan men li, epi li te mouri.

Jezi te gen pouvwa pou sove tèt li nan lanmò. Li te kapab kontinye viv, men li te chwazi pou mouri pou nou te kapab viv ankò avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Lè Jezi te mouri, espri li te kite kò l. Nan twazyèm jou apre lanmò li, espri l te retounen nan kò l epi li te viv ankò. Reyinyon espri a avèk kò a rele rezirèksyon.

Jezi te parèt devan Apot yo epi devan lòt moun apre l te fin resisite. Li te montre Apot li yo mak klou nan men l ak pye l yo. Yo te touche l epi yo te konnen se te chèf yo a. Jezi retounen vivan. Li te pale avèk yo epi manje avèk yo.



*Jezi te mouri sou kwa a pou peche tout moun.*

***Diskisyon***

- Kòman Papa nou ki nan Syèl la te montre lanmou l pou nou?
- Kòman Jezi te montre lanmou l pou nou?

**Jezi te fè l posib pou nou vin netwaye anba peche**

Sèlman Jezi te kapab peye pou peche nou yo. Nou rann soufrans li yo itil pou nou lè nou kwè li vivan epi gade kòmandman li yo. Nou dwe tris pou peche nou yo. Nou pa dwe fè yo ankò. Nou dwe suiv ansèyman Jezikri yo. Konsa, Papa nou ki nan Syèl la padone peche nou yo.

***Diskisyon***

- Poukisa nou bezwen Jezi pou ede n simonte peche w yo?
- Kisa nou bezwen fè pou ekspyasyon Jezi a kapab peye pou peche nou yo?

**Jezi fè l posib pou nou tout rejwenn kò nou ankò**

Jezi te mouri volontèman l e li te premye moun ki te resisite. Li se sèl moun ki te gen pouvwa pou resisite tèt li. Li te rann li posib tou pou nou resisite.

Menm si n ap mouri, n ap viv ankò. Lè nou mouri, espri nou kite kò nou. Men depi Jezi te simonte lanmò, espri nou ak kò nou ap reyini ansanm ankò pou toutan. Nou p ap janm mouri ankò. Se yon kado Jezi te bay tout moun ki fèt sou tè a.

***Diskisyon***

- Kòman Jezi te rann li posib pou nou rejwenn kò nou ankò?
- Kiyès k ap resisite?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la tevoye Jezikri sou tè a pou vin sovè nou*

- Matye 16:21 (Jezi te di Apot li yo li tap mouri epi resisite.)
- Alma 34:9–16 (Jezi te sèl moun ki te kapab peye pou peche nou yo.)

*Soufrans Jezi yo te montre nou konbyen limenm avèk Papa nou ki nan Syèl la renmen nou.*

- Lik 22:39–46 (Istwa Jezi nan Jaden Jetsemane.)
- Jan 3:16 (Papa nou ki nan Syèl la te tèlman renmen nou li te voye Jezi pou sove nou.)

*Jezi te rann li posib pou nou netwaye anba peche*

- Romen 5:12–17 (Nou resevwa don rezirèksyon an grasa sa Jezi te fè a.)
- 1 Korentyen 15:21–22 (Lanmò te vini akòz Adan, rezirèksyon te vini grasa Jezikri.)

- 1 Pyè 1:18–20 (Nou tout sove paske Jezi te vèse san l pou nou.)
- 1 Jan 1:7 (Jezi te rann li posib pou nou te ka netwaye de tout peche nou yo.)
- 2 Nefi 9:21–22 (Soufrans Jezi a ap sove nou si nou obeyi kòmandman l yo.)
- Elaman 14:15–18 (Jezi tap mouri pou nou te k ap viv ankò.)
- Mòmon 9:12–14 (Rezirèksyon pèmèt nou simonte lanmò.)

*Jezi te rann li posib pou tout moun rejwenn kò yo*

- Jan 5:28–29 (Nou tout ap resisite.)
- Alma 11:40–45 (Kò a ap retounen nan yon fòm pafè.)

# LEVANJIL JEZIKRI A

*Senkyèm pati*





*Pou nou retounen jwen Papa nou ki nan Syèl la nou dwe gen fwa nan Jezikri.*

# FWA NAN JEZIKRI

*Chapit 13*

*Kòman nou kapab kwè nan Jezikri menm si nou pa wè l?*

**Nou kapab kwè epi gen konfyans nan Jezikri**

Gen fwa vle di kwè nan yon moun oubyen nan yon bagay nou pa wè, epi nou aji selon kwayans sa a. Paregzanp, yon fèmye gen fwa plant li a ap grandi si li plante grenn yo epi si li pran swen yo. Konsa li plante semans lan epi wouze epi pran swen yo. Lè li fè sa, plant yo ap grandi pou ba l manje.

Gen fwa nan Jezi vle di nou kwè li vivan epi obeyi l, menm si nou pa wè. Sa a se kèk bagay nou kwè konsènan Jezi lè nou gen fwa nan li:

1. Nou kwè Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Jezi pou ede nou suiv plan Papa nou ki nan Syèl la.
2. Nou kwè Jezi se Sovè nou.
3. Nou kwè li te fèt nan mond sa a kòm Pitit Gason Papa nou ki nan Syèl la.
4. Nou kwè li te vini sou tè a pou anseye nou kòman pou nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.
5. Nou kwè li renmen nou.
6. Nou kwè li te soufri pou peche nou yo konsa nou kapab repanti epi pa pini pou yo.
7. Nou kwè li te mouri epi li te resisite.
8. Nou kwè ansèyman li yo vrè.
9. Nou kwè, si nou obeyi Jezi, nou kapab retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Gen fwa nan Jezikri se yon bagay esansyèl pou retou nou jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Lè nou gen fwa nan li, nou kwè nan li epi nou vle aprann konsènan li. Jezi se sèl moun ki kapab mennen nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Sèlman moun ki kwè nan Jezi epi obeyi li, kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***
- Kisa fwa ye?
- Kisa ki rele fwa nan Jezikri?
- Kisa kèk nan bagay nou kwè konsènan Jezi?
- Poukisa nou bezwen gen fwa nan Jezikri?

**Jezi te ban nou yon fason pou devlope fwa nan li**
Jezi te di nou kòman nou kapab aprann konsènan li epi gen fwa nan li. Li te di nou pou n li ekriti yo epi aprann sa pwofèt yo te ekri konsènan li. Li te mande nou pou nou tande pwofèt yo k ap viv jodi a. Lè nou fè bagay sa yo, nou aprann plis konsènan Jezi.

Pandan n ap aprann konsènan Jezi, nou ta dwe priye. Nou ta dwe mande Papa nou ki nan Syèl la pou ede nou konprann sa nou li epi tande apwopo Jezi. Papa nou ki nan Syèl la ap voye Sentespri a pou ede nou konprann bagay nou ap aprann yo. Sentespri a ap di nou Jezi se pitit Papa nou ki nan Syèl la, li se Sovè nou, epi ansèyman li yo vrè.

Yon pwofèt ki rele Alma te di si nou vle konnen si yon bagay vrè, nou ta dwe teste l. Li konpare sa avèk plante yon grenn. Si nou plante yon bon grenn epi pran swen l, l ap grandi, epi nou ap konnen li te yon bon grenn. Si grenn nan pa grandi, n ap konnen li se yon move grenn. Si nou vle konnen si ansèyman Jezi yo vrè, nou ta dwe etidye yo epi obeyi yo.

Fwa nan Jezikri vle di plis pase jis di nou kwè nan li. Sa vle di kwè nan li tèlman fèm ke pwisans nou vle obeyi kèlkeswa sa l mande nou pou n fè. Sèlman moun ki obeyi Jezi reyèlman gen fwa nan li. Epi si nou obeyi li, fwa nou nan li ap vin pi fò. Nou aprann, ansèyman li yo soti kot Papa nou ki nan Syèl la, pa kote lèzom.

Si nou pa obeyi Jezi, fwa nou nan li ap vin pi fèb. Lè nou fè bagay li kòmande nou fè, fwa nou ap grandi vin pi fò. Fwa nou kapab kontinye vin pi fò jistan nou gen yon konesans l ap viv, yon gwo asirans tankou nou te wè l.

*Diskisyon*

- Kòman nou kapab gen fwa nan Jezi menm si nou pa wè l?
- Poukisa nou bezwen obeyi Jezi pou n gen fwa nan li?

**Nou kapab resevwa gwo konesans ak pouvwa lè nou gen fwa nan Jezi**

Pwofèt nou li konsènan yo nan ekriti yo te gen anpil fwa nan Jezi. Fwa sa a te ba yo pouvwa pou ede pèp yo a. Akòz yo te gen fwa nan Jezi, yo te gen pouvwa pou fè bagay yo pa t kapab fè poukont yo.

Anvan Jezi te fèt sou tè a, Papa nou ki nan Syèl la te ba l lòd pou l di yon pwofèt ki rele Noye pou l konstui yon bato paske Papa nou ki nan Syèl la te pral voye yon gwo delij si mechan nan tan Noye yo pa t repanti. Moun yo pa t repanti. Noye te kwè Jezi epi li te konstui bato. Lè delij la te vini, tout moun ki pa t repanti yo te mouri; men Noye ak fanmi li te an sekirite nan bato a paske yo te kwè Jezi epi yo te fè sa l te di.

Moyiz se yon pwofèt ki te mennen pèp li soti nan esklavay. Papa nou ki nan Syèl la te voye Jezi pou ede Moyiz paske Moyiz te kwè nan Jezi epi li te fè sa Jezi te mande l pou l fè.

Lè Jezi t ap viv sou tè a, yon fanm ki te gen yon gwo fwa nan li. Li te malad lontan epi li te kwè si l te kapab sèlman touche rad Jezi, li tap geri. Jezi t ap mache nan yon foul moun. Li te foure kò l nan mitan moun yo rive kot Jezi epi touche rad li. Li te vin geri imedyatman. Jezi te di l fwa l te geri l.

Pwofèt Joseph Smith te gen fwa nan Jezikri. Li te li nan Bib la ke Papa nou ki nan Syèl la ap reponn priyè nou si nou kwè l ap fè l. Joseph Smith te priye Papa nou ki nan Syèl la. Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi te parèt devan Joseph. Papa nou ki nan Syèl la te di Joseph pou l tande Jezi epi obeyi sa Jezi te di yo. Joseph te obeyi Jezi, epi konsa, li te kapab resevwa Liv Mòmon an epi ede restorasyon Legliz Jezikri a.

Jezi ap ede nou si nou gen fwa nan li. L ap ede nou nan pwoblèm nou yo. L ap ede nou si nou dekouraje. L ap ede nou konbat peche. N ap kapab ede fanmi nou yo ak lòt moun.

Lè nou gen fwa nan Jezi, nou kòmanse suiv plan Papa nou ki nan Syèl la. Nou kòmanse viv epi fè bagay k ap mennen nou tounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Si nou kontinye, yon jou, n ap kapab viv avèk li pou toutan.

***Diskisyon***

- Ki kalte konesans ak pouvwa nou kapab genyen, lè nou gen fwa nan Jezi?

***Referans***

*Nou kapab kwè nan Jezikri epi gen konfyans nan li*

- Jan 14:6 (Sèlman Jezi kapab montre nou chemen pou n retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.)
- Ak 4:12; 2 Nefi 2:9; 9:23; Mozya 3:12 (Sèlman moun ki gen fwa nan Jezikri kapab sove anba peche yo.)
- Ebre 11:1; Alma 32:21 (Gen fwa nan Jezi se kwè nan sa n pa kapab wè.)
- Ebre 11:6 (San fwa, nou pa kapab sèvi Papa nou ki nan Syèl la.)
- Mozya 4:10–11 (Nou ta dwe gen fwa nan Jezi.)

*Jezi te ban nou yon fason pou nou devlope fwa nan li*

- Jan 5:39 (Ekriti yo temwaye konsènan Jezi, konsa nou dwe etidye yo.)
- Jan 7:16–17 (Si nou fè sa Jezi di nou pou n fè, n ap konnen ansèyman li yo vrè. )
- 1 Korentyen 12:3 (Sentespri a ede nou gen fwa nan Jezi.)
- Jak 2:17 (Nou montre nou kwè nan Jezi lè nou fè sa l mande nou pou n fè.)
- Alma 32:27–39 (Si nou eseye obeyi Jezi, n ap konnen ansèyman l yo vrè.)

*Nou kapab resevwa gwo konesans ak pouvwa lè nou gen fwa nan Jezi*

- Lik 8:43–48 (Jezi te geri yon fanm paske l te gen fwa nan li.)
- Ebre 11 (Jezi te ede anpil moun akòz fwa yo.)

# REPANTANS

*Chapit 14*

*Lè nou fè move bagay sa rann nou tris. Kòman nou kapab vin kontan ankò apre nou fin fè yon bagay ki mal?*

**Papa nou ki nan Syèl la te planifye yon fason pou nou simonte peche**
Papa nou ki nan Syèl la te konnen, nou tout tap fè bagay ki mal sou tè a. Bagay mal nou fè yo rele peche. Nou peche lè nou fè bagay Bondye pa vle nou fè. Nou peche to, lè nou pa fè bagay Bondye mande nou pou nou fè.

Papa nou ki nan Syèl la pa peche, e li pa pèmèt moun ki peche viv avèk li. Pou nou viv avè l, nou dwe repanti anba peche nou yo. Repanti vle di gen santiman regrè pou peche nou yo epi sispann fè yo.

Papa nou ki nan Syèl la renmen nou. Li pa vle peche nou yo anpeche nou retounen vin jwenn li. Konsa li te planifye yon fason pou ede nou.

Papa nou ki nan Syèl la te voye Jezi pou ede nou repanti anba peche nou yo. Jezi anseye nou bagay nou ta dwe fè pou n evite peche. Li ban nou fòs tou pou n fè bagay sa yo. Lè nou kwè nan li, epi suiv li, li chanje kè nou, konsa nou pa menm gen dezi peche men sèlman fè sa ki byen. Si nou pa vle soufri pou peche nou yo, nou dwe kwè nan Jezi. Moun ki kwè reyèlman nan Jezi yo repanti de peche yo.

Lè nou kwè nan Jezi, epi repanti, soufrans Jezi yo peye pou peche nou yo epi nou vin pwòp. Nou kapab retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la paske nou pwòp.

***Diskisyon***
- Kisa sa vle di repanti?
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la vle nou repanti de peche nou?
- Poukisa tout moun ki reyèlman gen fwa nan Jezi repanti de peche yo?

**Papa nou ki nan Syèl la te di nou sa nou bezwen fè pou nou repanti**
Pou nou repanti, nou dwe kwè nan Jezi ak bagay li te anseye yo. Nou dwe kwè li te soufri pou peche nou yo. Nou dwe kwè sèlman li te kapab peye pou peche nou yo. Nou dwe kwè li vle nou simonte peche nou yo epi l ap ede nou fè sa. Nou dwe travay di pou nou fè sa li kòmande nou pou nou fè.

Lè nou repanti, nou kite Jezi chanje vi nou pou n vin fason li vle nou ye a. Nou sispan fè sa ki mal epi nou kòmanse fè sa ki byen. Si nou te konn di bagay ki pa vre, nou sispann epi di sèlman bagay ki verite. Si nou te vòlè yon bagay, nou retounen l bay mèt li, epi pa janm vòlè anyen ankò. Si nou pa t janti ak yon lòt moun yo, nou sispann epi kòmanse fè bagay janti pou yo.

Lè nou repanti, nou fè bagay sa a yo:

*Nou admèt nou te peche*. Nou konnen nou peche, lè nou pa obeyi Papa nou ki nan Syèl la. Lè nou repanti, nou pa eseye jistifye tèt nou pou bagay mal yo. Nou admèt nou te fè yon bagay ki mal e nou vle chanje.

*Nou santi regrè pou bagay mal nou te fè yo.* Lè nou repanti, nou santi nou reyèlman tris pou bagay mal nou te fè a. Nou pa jis di nou regrèt pou peche nou yo. Nou santi nou regrèt reyèlman bagay mal nou te fè a epi gen dezi pou n pa fè yo ankò. Nou vle tou fè sa Papa nou ki nan Syèl la kòmande n pou fè.

*Nou sispann fè bagay ki mal.* Si nou sèlman admèt nou te peche, epi si nou sèlman di nou regrèt, nou pa repanti reyèlman. Pou n repanti reyèlman, nou dwe sispann fè bagay ki mal la. Pafwa li pa fasil pou nou sispann, men Jezi te vini sou tè a pou ban nou èd nou bezwen. Papa nou ki nan Syèl la vle nou kite Jezi ede nou paske se sèl fason nou kapab vin lave epi retounen al viv avèk Bondye.

*Nou konfese peche nou yo.* Nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, konfese vle di, rakonte Papa nou ki nan Syèl la epi yon dirijan Legliz la sa nou te fè ki mal la. Kèk peche nou komèt afekte sèlman noumenm. Lè n ap priye Papa nou ki nan Syèl la, nou ta dwe rakonte l peche sa yo, epi mande l pou l padone nou epi ede nou simonte yo. Si peche nou yo afekte yon lòt moun, nou ta dwe konfese l a moun sa a epi a Bondye. Nou ta dwe konfese peche trè grav yo, tankou adiltè, bay yon dirijan Legliz la ki kapab evèk ou oubyen prezidan branch ou.

*Nou fè sa n kapab pou n ranje sa n te fè ki mal la.* Lè nou repanti, nou korije bagay mal nou te fè a. Paregzanp, si nou te vòlè yon vwazen, nou remèt bagay nou te pran an. Si nou pa gen bagay nou te pran an ankò, nou ranplase l, oubyen peye pou li.

*Nou padone peche lòt yo.* Papa nou ki nan Syèl la te kòmande nou pou padone lòt yo. Si nou vle li padone nou, nou dwe padone lòt yo. Si nou rayi lòt moun yo poutèt bagay mal yo fè epi nou pa vle padone yo, Papa nou ki nan Syèl la p ap padone nou pou peche nou yo.

*Nou eseye sensèman pou nou obeyi tout kòmandman Jezi yo tout vi nou.* Nou kontinye chanje sa nou fè ki mal jistan nou fè sa k byen an. Nou fè sa nou kapab chak jou, pou nou korije move bagay nou fè yo.

Nou dwe repanti nenpòt lè nou fè yon bagay ki mal. Nou kapab panse, repantans kounyeya difisil. Nou kapab panse repantans lan ap pi fasil pita, men se pa vre. Repantans vin pi difisil, lè n ap ret tann pou nou fè l. Lè nou ret tann pou nou repanti, sa retade nou espirityèlman, paske Jezi pa kapab ede nou aprann plis konsènan Papa nou ki nan Syèl la epi prepare nou pou nou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la, si nou pa repanti de move bagay nou te fè yo. Nenpòt lè nou reyalize n ap fè bagay ki mal, nou dwe repanti nou imedyatman.

***Diskisyon***

• Kisa nou bezwen fè pou nou repanti?

**Nou chak kapab repanti**

Nou chak kapab repanti. Pafwa repantans kapab sanble twò difisil pou nou. Nou kapab santi nou p ap janm kapab simonte feblès nou yo. Satan vle nou kwè sa, konsa, li kapab kenbe nou nan fè sa ki mal. Nou dwe sonje nou kapab repanti. Nou pa kapab fè l poukont nou. Nou bezwen èd. Nou chak se pitit Papa nou ki nan Syèl la, epi li te voye Jezi pou ede nou. Avèk èd Jezi, nou kapab fè tout bagay Papa nou ki nan Syèl la te kòmande nou fè.

Jezi ap ede nou repanti si nou priye Papa nou ki nan Syèl la pou èd Jezi. Limenm ak Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè bon bagay. Yo pa renmen vye bagay n ap fè yo. Men yo toujou renmen nou, menm lè nou fè sa ki mal. Yo vle nou repanti pou Papa nou ki nan Syèl la ka padone nou epi nou kapab vin kontan.

***Diskisyon***

- Poukisa nou ta dwe repanti, menm si repantans lan sanble difisil?
- Kimoun ki kapab ede nou repanti?

**Papa nou ki nan Syèl la rekonpanse nou lè nou repanti**

Lè nou mete fwa nou nan Jezi epi repanti, Papa nou ki nan Syèl la padone nou nèt. Nou pa bezwen enkyete nou de pinisyon pou yo. Li pa sèlman padone nou, li ban nou èd tou pou nou pa menm gen dezi peche ankò, men pou toujou fè sèlman bagay ki byen. Jezi ban nou èd sa a.

Nou ta dwe sonje nou p ap sanble ak Papa nou ki nan Syèl la yon sèl kou. Men pandan n ap kontinye gen fwa nan Jezi epi repanti pou peche nou yo, epi travay pou nou obeyi Jezi, Papa nou ki nan Syèl la kontinye padone peche nou yo. Jezi kontinye ede nou. Nou vin pi plis tankou Papa nou ki nan Syèl la. Finalman nou kapab retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Lè nou repanti, nou santi nou kontan. Nou pa tris pou bagay mal nou te fè yo, men nou santi nou kontan paske nou te simonte feblès nou yo avèk èd Jezi. Konsa nou konnen, nou gen pouvwa pou nou reziste tantasyon yo epi fè bagay ki byen.

***Diskisyon***

- Ki rekonpans nou resevwa lè nou repanti?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la te planifye yon fason pou pou simonte peche nou yo*

- Jak 4:17 (Peche se fè sa Bondye di nou pa fè.)
- 1 Jan 1:8 (Si nou di nou pa peche, nou bay manti.)
- 1 Jan 5:17 (Fè nenpòt bagay ki pa byen, se peche.)

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou sa nou bezwen fè pou nou repanti*

- Matye 6:14–15, 3 Nefi 13:14–15 (Nou dwe padone lòt yo.)
- Alma 32:13–16 (Li pi bon pou nou vin enb poukont nou pase yo fòse nou.)
- Alma 34:32–36 (Kounyeya se lè pou nou repanti.)

*Nou chak dwe repanti*

- 1 Nefi 3:7 (Papa nou ki nan Syèl la pa janm mande nou pou nou fè yon bagay ki enposib pou nou fè.)
- Alma 42:29–30 (Nou pa ta dwe jwenn ekskiz pou peche nou yo.)

*Papa nou ki nan Syèl la rekonpanse nou lè nou repanti*

- Mozya 5:5–9 (Jezi ap ede moun ki repanti epi ki obeyi li yo.)
- Mowoni 8:24–26 (Moun ki repanti yo kapab batize.)




*Alma te batize nan Dlo Mòmon yo.*

# BATÈM

*Chapit 15*

*Batize se youn nan bagay pi enpòtan nou kapab fè sou tè a. Poukisa batèm enpòtan konsa? Ki meyè fason pou nou batize?*

**Papa nou ki nan Syèl la te kòmande nou pou nou batize**
Batize vle di plonje nèt nan dlo a pou yon ti tan epi soti ankò pa yon moun ki gen otorite pou fè batèm. Batèm se yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou. Li kòmande nou pou nou batize pou montre nou kwè nan Jezikri, nou renmen l, vle obeyi l e pou nou repanti peche nou yo.

Jezi te konnen Papa nou ki nan Syèl la te kòmande tout pitit li yo pou batize. Lè Jezi te sou latè, li te batize. Li te fè sa paske l te vle obeyi Papa nou ki nan Syèl la. Li te vle montre nou tou nou ta dwe obeyi Papa nou ki nan Syèl la epi batize.

Chak moun ki atenn laj uitan, ki konprann sa ki byen ak sa ki mal, epi ki gen fwa nan Jezi epi ki te repanti, ta dwe batize. Timoun ki pi jèn pase uitan, pa bezwen batize. Papa nou ki nan Syèl la p ap jije yo pou sa yo fè. Moun tou ki pa gen tout lisidite konpreyansyon yo konsènan sa ki byen ak sa ki mal, yo pa bezwen batize. Tout lòt moun dwe batize si yo vle retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Jezi te di nou lè nou ta dwe batize. Li te di disip li yo pou yo batize moun apre yo fin gen konesans konsènan li, kwè nan li, epi repanti. Li te bay kèk moun nan Legliz la otorite pou yo batize moun.

***Diskisyon***
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la vle nou batize?
- Poukisa Jezi te batize?
- Kimoun ki bezwen batize?



*Nou dwe vin batize paimèsyon pou nou padon pou peche nou yo.*

**Batèm se youn nan bagay pi enpòtan, nou kapab fè**

Lè nou batize, nou montre Papa nou ki nan Syèl la nou vle suiv plan li a pou nou. Nou pwomèt pou n aksepte Jezi kòm dirijan nou epi obeyi tout bagay li di nou pou nou fè. Nou pwomèt pou n toujou sonje li ak bagay li te fè pou nou yo.

Lè nou mete fwa nou nan Jezikri, repanti de peche nou yo epi batize, Papa nou ki nan Syèl la padone peche nou yo. Li pwomèt nou, nou kapab retounen vin viv avèk li. Li aksepte nou kòm manm Legliz Jezi a. Li voye Sentespri a pou ede nou aprann plis konsènan li epi ede nou fè bagay ki byen. Nou resevwa tout benediksyon sa yo si nou kontinye fè bagay nou pwomèt pou n fè lè nou batize a.

Nou kapab resevwa benediksyon sa yo sèlman si nou batize. Se sèl fason sa a nou kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Se sèl fason nou kapab vin manm Legliz Jezikri a. Se sèl fason nou kapab resevwa don Sentespri a, ki se yon dwa pou nou genyen Sentespri a k ap ede nou nan vi nou. Nou kapab jwenn don sa a lè nou fin batize. Tout bagay sa yo nesesè pou nou kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***

- Ki pwomès nou fè Papa nou ki nan Syèl la lè nou batize?
- Ki pwomès Papa nou ki nan Syèl la fè nou lè nou vin batize?
- Poukisa batèm enpòtan konsa?

**Nou dwe prepare tèt nou pou nou batize**

Nou dwe fè kèk bagay anvan nou vin pare pou nou batize. Nou dwe aprann konsènan Jezikri, epi kwè nan li, repanti pou peche nou yo, epi fè sa Jezi kòmande nou fè.

***Diskisyon***

- Kisa nou dwe fè pou prepare nou pou batèm?

**Batèm ban nou yon kòmansman tou nèf**

Batèm fè nou kòmanse yon nouvèl vi, netwaye de peche. Jezi te di yon fwa se kòm si nou te fèt yon lòt ankò. Li te di, si yon moun pa refèt, li pa kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Youn nan disip Jezi yo, ki te rele Pòl te di, nou ta dwe kòmanse yon nouvèl vi apre nou fin batize. Li te di, lè yo plonje nou anba dlo a, se tankou tout peche nou yo ale. Lè nou soti nan dlo a, se tankou nou netwaye, yon moun

tou nèf pare pou kòmanse yon nouvèl vi. Batèm kòmanse avèk nou, nan chemen pou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la te kòmande nou pou nou batize*

- 2 Nefi 31:4–7 (Jezi te montre nou, nou bezwen batize.)
- 3 Nefi 11:21–27 (Jezi te anseye kòman yon moun ta dwe batize.)
- Mowoni 8:9–22 (Timoun piti yo pa ta dwe batize.)

*Batize se youn nan bagay pi enpòtan nou kapab fè*

- Women 6:3–7 (Nou vin pwòp grasa batèm.)
- 3 Nefi 27:16 (Papa nou ki nan Syèl la beni moun ki batize yo.)

# DON SENTESPRI A

*Chapit 16*

*Sentespri a ede nou konnen epi konprann bagay ki vrè yo. Kòman nou kapab resevwa don Sentespri a?*

**Sentespri a kapab mennen nou nan verite a**
Sentespri a kapab ede yon moun anvan l batize. Li kapab di yon moun ansèyman Jezi yo vrè. Pafwa li di nou kibò nou kapab jwenn vrè Legliz Jezikri a. Men Sentespri a p ap rete avèk nou jistan nou batize epi resevwa don Sentespri a.

Nan Nouvo Testaman, nou li konsènan yon moun ki te rele Kòneliyis. Li te yon moun ki pa t batize. Sentespri a te di l, ansèyman Jezi yo te verite. Kòneliyis te batize pita epi te resevwa don Sentespri a.

**Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon mwayen pou nou resevwa don Sentespri a**
Pandan n ap aprann konsènan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou, nou vle repanti pou peche nou yo epi obeyi tout bagay Jezi di nou fè yo. Men nou pa kapab fè sa san nou pa jwenn èd. Don Sentespri a se yon dwa pou nou jwenn èd nan men Sentespri a tou tan. Nou resevwa don sa a tousuit apre n fin batize.

Nou dwe prepare nou pou nou resevwa don Sentespri a. Nou dwe kwè nan Jezi epi eseye byen di fè sa li kòmande nou fè. Nou dwe repanti pou peche nou yo epi vin batize.

Apre nou fin batize, moun ki gen otorite ki soti nan men Papa nou ki nan Syèl la mete men yo sou tèt nou, ban nou don Sentespri a epi fè nou vin yon manm ofisyèl Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Yo beni nou tou.



*Nou dwe resevwa don Sentespri a pa enpozisyon men.*

*Diskisyon*
- Kòman nou resevwa don Sentespri a?

Gen anpil fason don Sentespri a kapab ede nou. Li kapab pote mesaj pou nou soti nan men Jezi. Li kapab anseye nou anpil bagay konsènan Jezi epi Papa nou ki nan Syèl la.

Li kapab ede nou konnen kòman pou nou rezoud pwoblèm nou yo. Li kapab rekonfòte nou. Li kapab ede nou simonte peche. Li kapab ede nou fè bagay ki byen.

Sentespri a kapab ede nou konprann epi renmen lòt moun yo. Li kapab ede nou konnen kòman nou kapab ede yo. Li kapab ede nou konprann ansèyman Jezi yo. Li kapab ede nou konnen sa pou n di pou anseye lòt moun yo konsènan Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi.

*Diskisyon*
- Kisa kèk nan fason don Sentespri a kapab enfliyanse nan vi nou?

**Nou dwe repanti pou peche nou yo pou nou gen don sa a**
Grasa don Sentespri a, nou kapab vin yon pi bon moun epi fè bon bagay. Nou kapab vin plis tankou Papa nou ki nan Syèl la. Men nou dwe toujou eseye fè bon bagay, oubyen Sentespri a p ap rete avèk nou. Nou dwe eseye panse byen. Nou dwe eseye suiv ansèyman Jezi yo. Lè nou fè yon bagay ki mal, nou dwe repanti. Pandan n ap eseye fè tout bagay sa yo, Sentespri a ap rete avèk nou.

Pafwa gid Sentespri a ban nou an fè n santi yon chalè, anpè, epi yon santiman pezib nan kè nou. Lè nou kòmanse fè bagay ki mal, bon santiman sa a kite nou. Pafwa nou kapab tande yon vwa nan lespri nou k ap pale avè nou, k ap di nou sa nou dwe fè ak sa nou pa dwe fè. Nou dwe toujou pare pou n tande epi obeyi sa Sentespri a di nou. Paske Sentespri a toujou di nou sa Jezi vle nou fè, epi se sèlman lè n obeyi Jezi, nou kapab retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

Si nou pa obeyi Sentespri a, epi si nou kòmanse fè bagay ki mal, Sentespri a ap kite nou. Li p ap rete avèk nou oubyen ede nou si nou p ap fè bon bagay. Men si nou suiv direksyon l, Sentespri a ap rete avèk nou toutan. L ap ede nou vin pi bon moun epi prepare pou vi nou avèk Papa nou ki nan Syèl la.

*Diskisyon*
- Kisa nou dwe fè pou Sentespri a ede nou?

**Nou resevwa lòt benediksyon espesyal atravè Sentespri a**

Kèk benediksyon espesyal nou resevwa nan men Sentespri a rele don espirityèl. Jezi bay don sa yo a manm Legliz li a nenpòt lè Legliz li a sou tè a. Li ban nou don sa yo grasa pouvwa Sentespri a. Nou bezwen konprann don sa yo pou nou ka byen itilize yo.

*Don pou nou pale lòt lang*

Yon don ede moun pale lòt lang. Youn nan rezon Jezi bay moun don sa a, se pou l ede yo anseye levanjil la bay moun ki pale lòt lang yo.

*Don entèpretasyon yon lòt lang*

Yon lòt don ede moun y ap anseye levanjil la. Don entèpretasyon lòt lang yo ede yo konprann yon mesaj Jezi nan yon lang yo pa konnen.

*Don pou konnen Jezi se Pitit Gason Papa nou ki nan Syèl la*

Yon lòt don ede moun konnen Jezi se Pitit Papa nou ki nan Syèl la. Ekriti yo di yon moun kapab konnen Jezi se Sovè a sèlman si Sentespri a ede l konnen l. Don sa a se yon temwen Sentespri a ke Jezi se reyèlman Pitit Gason Papa nou ki nan Syèl la epi li se Sovè mond lan.

*Don kwayans nan temwayaj lòt yo*

Don kwayans nan temwayaj lòt yo ede moun konnen si bagay lòt moun yo di konsènan Jezi yo vrè. Sentespri a ede nou rekonèt yon vrè temwayaj epi kwè nan li.

*Don fwa*

Don fwa ede nou obeyi kòmandman Jezi yo. San fwa, nou pa kapab resevwa okenn lòt don espirityèl. San fwa, nou pa kapab retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Anpil moun gen anpil fwa nan Jezi. Youn nan pwofèt yo nan Liv Mòmon an te tèlman gen yon gran fwa nan Jezi, Jezi te parèt devan li. Pwofèt Joseph Smith te tèlman gen yon gran fwa nan Jezikri, Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi te parèt devan limenm.

*Don tradiksyon*

Don tradiksyon ede moun tradui mesaj ekri Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi epi disip li yo soti nan yon lang pou mete l nan yon lò. Pwofèt Joseph Smith te gen don sa a lè l te tradui Liv Mòmon an. Don sa a ede tradiktè a konprann siyifikasyon kòrèk mesaj la epi tradui l byen.

*Don konesans*

Don konesans lan ede moun yo konprann travay Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi. Papa nou ki nan Syèl la te di nou pa kapab retounen jwenn li, si nou pa konnen oubyen pa konprann bagay li vle nou fè a. Nou dwe konnen plan Papa nou ki nan Syèl la te ban nou an pou nou kapab retounen jwenn li.

Jezi te di, konesans nou genyen nan vi sa a, ap ede nou nan mond espri a apre nou mouri. Li vle nou aprann ansèyman li yo ak kòmandman yo, konsènan syèl ak tè a, konsènan bagay ki te pase, epi konsènan bagay nan pwòp peyi pa nou epi nan lòt peyi yo. Li te di nou dwe itilize konesans sa a avèk sajès. Nou ta dwe mande Sentespri a èd nan chèche konesans.

*Don sajès*

Don sa a ede moun yo itilize konesans Papa nou ki nan Syèl la ba yo a, nan yon fason ki kòrèk. Nou ta dwe itilize don sa pou nou amelyore lavi nou epi anseye ak bay lòt moun yo bon konsèy.

*Don ansèyman*

Don ansèyman ede moun anseye levanjil la bay lòt moun yo yon fason pou yo kapab konprann. Nou kapab genyen don sa a sèlman lè nou gen fwa nan Jezi epi nan etidye ak priye.

*Don pwofesi*

Don pwofesi ede moun konnen epi konprann bagay ki te pase nan tan lontan, bagay k ap pase kounyeya, epi sa k pral pase nan lavni. Pwofèt yo te jwenn don sa, men noumenm tou nou kapab genyen li pou gide nou nan lavi nou.

*Don revelasyon*

Sentespri a revele bay moun bagay k ap ede yo. Nou chak kapab resevwa revelasyon pou ede n nan lavi nou. Men revelasyon pou tout Legliz, se pwofèt la ki resevwa l. Nou pa kapab resevwa revelasyon pou yon moun ki se yon dirijan pou nou nan Legliz. Tout bagay Sentespri a revele nou mache avèk lòt kòmandman yo ak ansèyman Papa nou ki nan Syèl la epi Jezi.

*Don gerizon*

Don gerizon ede moun ki malad vin byen. Kèk gen fwa pou yo geri, epi lòt yo gen fwa pou geri lòt moun.



*Joseph Smith te tradui Liv Mòmon an pa pouvwa Sentespri a.*

*Don fè mirak*

Don fè mirak te bay pou ede mou. Yon mirak se yon bagay Papa nou ki nan Syèl la fè pou nou ki tèlman gran, nou pa tap kapab fè l poukont nou. Jezi te di nan Nouvo Testaman ak nan Liv Mòmon an, tap gen mirak nan mitan moun ki kwè nan li yo.

*Satan kapab imite pouvwa espirityèl sa yo*

Satan kapab fè bagay ki sanble ak don espirityèl. Li kapab fè tèt li sanble ak yon anj. Li kapab fè move bagay parèt tankou bon bagay. Li kapab voye yon fo pwofèt parèt tankou yon vrè pwofèt. Li kapab fè mirak pou twonpe moun yo a. Sòsye, medyòm, divinò, ak latriye tankou yo resevwa pouvwa yo a nan men Satan, yo pa disip Jezi. Nou dwe rete lwen moun sa yo.

Satan kapab fè yon bagay parèt tèlman vrè ke sèl fason pou nou konnen se pa vre, se mande Papa nou ki nan Syèl la. N ap gen yon santiman ki pa nòmal, se pa yon santiman lapè, lè Satan oubyen disip li yo ap imite don espirityèl yo. Don pou nou konnen lè yon don espirityèl reyèl ak lè se yon imitasyon Satan, li rele, don disènman.

***Diskisyon***

- Kisa don espirityèl yo ye?
- Kòman nou kapab distinge yon vrè don espirityèl ak yon imitasyon Satan?

**Nou ta dwe travay pou nou devlope epi itilize don nou genyen yo**

Nou kapab aprann ki don nou genyen si nou etidye, jene ak priye. Nou kapab itilize don nou yo sèlman lè nou obeyi kòmandman Jezi yo. Konsa, n ap anvi itilize yo pou n ede lòt yo epi ede nan bati Legli Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Si nou pa devlope epi itilize don sa yo, n ap pèdi yo.

Jezi te di, nou pa ta dwe vante tèt nou pou don espirityèl nou resevwa kòm benediksyon. Nou pa ta dwe rakonte yo ak lòt moun ki pa tap konsidere yo kòm sakre. Yo te ban nou don sa yo pou pwòp byen pa nou ak pou benediksyon lòt moun. Nou dwe sonje don sa yo sakre. Jezi ban nou don sa yo pa Sentespri a. Li mande sèlman pou nou remèsye l epi itilize don sa yo jan l vle nou itilize yo a.

***Diskisyon***

- Kòman nou kapab chèche ki don nou genyen?
- Kòman nou kapab kenbe don espirityèl yo sakre?



*Frè jared la te gen tèlman yon gran fwa, li te wè dwèt Jezi anvan Jezi te fèt sou tè a.*

***Don Sentespri a kapab presye pou nou***

Nou dwe toujou eseye fè bon bagay epi obeyi Jezi, oubyen enfliyans Sentespri p ap rete avèk nou. Nou dwe eseye panse bon bagay. Lè nou fè bagay ki mal, nou dwe repanti. Nou dwe eseye konprann bagay Sentespri a di nou. Nou dwe suiv konsèy li ban nou.

Si nou sensèman gen dezi pou nou obeyi Jezi, don Sentespri a ap beni vi nou. L ap ede nou gen yon vi mèveye kounyeya epi prepare pou nou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***

- Kisa n dwe fè pou Sentespri a kapab ede nou?

***Referans***

*Sentespri a kapab gide nou nan verite a*

- 2 Nefi 32:5; Mowoni 10:5–7 (Sentespri a di nou si yon bagay se la verite.)

*Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon mwayen pou nou resevwa don Sentespri a*

- Ak 10:44–48; 2 Nefi 31:17–18 (Nou resevwa don Sentespri a apre nou batize.)
- Mowoni 8:25–26 (Nou kapab resevwa Sentespri a.)

*Nou dwe repanti peche nou yo pou jwenn don sa a*

- Mozya 2:36 (Lè nou dezobeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la, nou pèdi don Sentespri a.)
- Mowoni 8:28 (Sentespri a ap sispann eseye ede nou, si nou pa repanti.)

*Nou resevwa lòt benediksyon espesyal atravè Sentespri a*

- 1 Korentyen 12:1–11; Mowoni 10:8–19; Doktrin ak Alyans 46:10–33 (Sentespri a ap ban nou don espirityèl.)
- Mak 16:17–18; Mòmon 9:7–24 (Don espirityèl yo se yon pati nan levanjil Jezikri a.)

*Nou ta dwe travay pou devlope epi itilize don nou genyen yo*

- Matye 25:14–30 (Papa nou ki nan Syèl la ban nou don yo pou nou itilize yo nan travay li, epi si nou pa itilize yo nou kapab pèdi yo.)

*Don Sentespri kapab presye pou nou*

- Alma 34:37–38 (Nou ta dwe eseye fè bagay Sentespri a di nou pou nou fè.)

# ÈD VIZYÈL YO

*Materyèl Sipò*



# KLÈ POU ILISTRASYON 1–16

1. Ezayi, youn nan pwofèt Ansyen Testaman te predi vini Jezikri a.
2. Jan Batis te batize Jezi nan Rivyè Jouden an.
3. Jezi te rele Pyè ak lòt yo pou suiv li.
4. Jezi te òdone douz Apot.
5. Jezi te renmen epi beni timoun yo.
6. Jezi te anseye moun yo levanjil. (*Diskou sou mond lan,* pa Carl Bloch. Orijinal nan chapèl Frederiksborg Castle, Dannmak. Itilize avèk pèmisyon Mize Frederiksborg la.
7. Nan Jaden Jetsemane, Kris te soufri pou peche tout limanite.
8. Jezi te mouri sou kwa a pou peche tout limanite.
9. Nan twazyèm jou a, Kris te soti nan tonm nan.
10. Kris resisite a te montre Apot yo blesi l yo.
11. Kris resisite a te vizite pèp li a nan Amerik yo.
12. Joseph Smith te enspire pa Jak 1:5–6 pou mande kiyès ki te vrè Legliz Jezikri a.
13. An repons ak priyè li, Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri te vizite Joseph Smith.
14. Anj Mowoni te bay Joseph Smith plak lò yo ki te gen Liv Mòmon an.
15. Jan Batis te vizite Joseph Smith ak Oliver Cowdery epi ba yo Prètriz Aawon.
16. Pyè, Jak, ak Jan te bay Joseph Smith ak Oliver Cowdery Prètriz Mèlkizedèk.
























JAMES









# LEGLIZ JEZIKRI A

*Sizyèm pati*





*Abraram te fè alyans avèk Senyè a.*

# DISIP JEZIKRI YO

*Chapit 17*

*Disip Jezikri yo diferan ak lòt moun yo. Kimoun ki disip li yo? Kòman yo diferan an?*

**Disip Jezi yo renmen Papa nou ki nan Syèl la**

Disip Jezi yo se moun ki kwè nan li, epi obeyi li. Yo aprann plan Papa nou ki nan Syèl la jan Jezi te anseye yo l la epi yo vle suiv li. Yo renmen Papa nou ki nan Syèl epi yo kwè li vle pi bon vi a pou yo tout. Yo kwè Jezi se Pitit Gason Papa nou ki nan Syèl la. Yo kwè Jezi se Sovè yo. Yo kwè Jezi te fè l posib pou yo pou yo retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Yo kwè se sèlman nan suiv Jezi ak nan obeyi kòmandman l yo yon moun kapab jwenn padon pou peche l yo epi retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

Moun ki suiv Jezi yo, rekonesan anvè Bondye ak Jezi pou tout sa Bondye ak Jezi te fè pou yo. Yo vle obeyi Jezi. Yo repanti pou peche yo. Yo batize epi resevwa don Sentespri a. Yo konprann tout moun enpòtan pou Bondye. Yo eseye ede lòt moun nan tout fason ki posib.

Vrè disip Jezi yo fè pwomès sakre. Yo pwomèt Papa nou ki nan Syèl la pou yo pran non Jezi sou yo. Sa vle di pou yo konnen yo kòm manm Legliz li a, aksepte epi suiv tout ansèyman li yo, epi toujou sonje l. Yo pwomèt tou pou yo renmen lòt moun epi ede yo.

Papa nou ki nan Syèl la fè disip Jezi yo pwomès sakre. Kèk nan bagay li pwomèt yo sèke l a:

1. Aksepte yo kòm manm Legliz Jezikri a.
2. Ba yo don Sentespri a.
3. Ede yo jwenn bagay yo bezwen.
4. Ba yo pouvwa pou yo fè travay li a.
5. Ba yo gwo benediksyon kounyeya epi pou toutan.
6. Pèmèt yo retounen vin viv avèk li si yo kontinye obeyi Jezi.



*Moyiz te bay Aawon prètriz la pa enpozisyon men.*

***Diskisyon***
- Kòman disip Jezi yo diferan ak lòt moun?
- Kisa disip Jezi yo pwomèt pou yo fè?
- Kisa Papa nou ki nan Syèl ak Jezi pwomèt disip Jezi yo?

**Jezi bay pouvwa disip li yo pouvwa Papa nou ki nan Syèl la**
Jezi bay disip li yo otorite pou ede li fè travay li. Otorite sa a rele Prètriz la. Papa nou ki nan Syèl la te bay Jezi otorite sa.

Genyen prètriz se yon gran benediksyon. Prètriz la se yon otorite sakre. Sèlman moun ki vrè disip Jezi yo epi k ap travay sensèman pou kenbe kòmandman yo gen dwe gen prètriz la.

Lè yon gason gen prètriz la, li kapab fè kèk bagay Jezi vle li fè. Li kapab anseye lòt moun konsènan Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi, batize yo epi ba yo don Sentespri a. Yon moun ki gen prètriz la kapab beni fanmi l lè yo malad epi lè yo gen lòt pwoblèm. Nenpòt lè yon moun kwè nan Jezi epi te obeyi kòmandman li yo, Jezi te ba yo prètriz la ak lòt benediksyon.

***Diskisyon***
- Kisa prètriz la ye?
- Poukisa Jezi bay disip li yo prètriz la?

**Anpil moun te kwè nan Jezi epi te suiv kòmandman li yo anvan li te vin sou tè a**
*Adan ak Èv ak kèk nan pitit yo te kwè nan Jezi epi te suiv kòmandman li yo anvan l te vin sou tè a*

Papa nou ki nan Syèl la te di Adan ak Èv pou yo kwè nan Jezikri epi obeyi kòmandman li yo. Yo te di yo li tap vin sou tè a yon jou. Adan ak Èv te pwomèt yo tap obeyi. Yo te kenbe pwomès yo. Yo te batize, epi yo te resevwa don Sentespri a.

Anvan Jezi te vin sou tè a, li te bay Adan prètriz la. Li te bay Adan dwa pou bay pitit li yo ki obeyi Jezi prètriz la. Adan te mete men sou tèt chak pitit ki obeyisan nan pitit li yo epi li te ba yo prètriz la. Pita, pitit Adan yo te bay pitit yo prètriz la nan menm fason an.

***Diskisyon***
- Kisa Adan ak Èv te fè pou yo vin disip Jezi?
- Kòman disip Jezi yo te resevwa prètriz la?

*Abraram te beni non Jezi epi te suiv kòmandman li yo*

Abraram ak fanmi li te kwè nan Jezi. Yo te kwè li tap vin sou tè a yon jou. Abraram te pwomèt Papa nou ki nan Syèl la li tap obeyi Jezi epi fè travay li. Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt Abraram, si li te obeyisan, Papa nou ki nan Syèl la tap beni li ak desandan li yo. Men kèk bagay Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt:

1. Li tap bay Abraram ak desandan l yo prètriz la.
2. Li tap bay Abraram ak desandan l yo yon tè pou yo viv.
3. Li tap bay Abraram anpil desandan.
4. Anpil nan desandan Abraram tap vin disip Jezi.
5. Anpil nan desandan Abraram yo tap chwazi pou yo fè travay Jezi epi anseye lòt moun konsènan Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi.

Abraram te anseye pitit li yo pou yo kwè nan Jezi epi obeyi kòmandman li yo. Abraram te bay yon pitit li ki te rele Izaak prètriz la. Izaak te bay yon pitit li ki te rele Jakòb prètriz la. Pita Papa nou ki nan Syèl la te chanje non Jakòb tounen Izrayèl. Izrayèl te gen douz pitit gason. Li te anseye yo pou yo kwè nan Jezi epi obeyi kòmandman li yo. Yo te gen prètriz la. Desandan pitit Izrayèl yo te rele douz tribi Izrayèl.

***Diskisyon***
- Kisa Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt Abraram?
- Kimoun Izrayèl te ye?

*Pèp Izrayèl la te kwè nan Jezi epi obeyi kòmandman li yo*

Poutèt pa t gen ase manje nan pwòp tè pa yo, Izrayèl ak pitit li yo te ale viv nan yon peyi ki rele Ejip. Moun ki t ap viv nan Ejip yo te fè yo travay trè di. Yo te fòse yo pou rete nan Ejip kòm sèvitè yo. Yo pa t pèmèt yo retounen nan tè Jezi te pwomèt pou l ba yo a.

Anpil ane te pase, Papa nou ki nan Syèl la te chwazi yon moun ki rele Moyiz pou retire desandan Izrayèl yo nan Ejip. Moyiz te itilize pouvwa prètriz la pou l ede yo soti anba pèp Ejip la. Li te dirije yo nan tè Jezi te pwomèt yo a. Tè sa a te rele Kanaan. Jodi a tè sa a rele Izrayèl.

***Diskisyon***
- Ki pouvwa Moyiz te itilize pou ede pèp Jezi a soti nan Ejip?

*Pèp Izrayèl la te sispann kwè nan Jezi*

Apre pèp Izrayèl la te viv nan Kanaan pou anpil ane, yo te sispann kwè nan Jezi ak obeyi kòmandman li yo. Jezi te voye pwofèt pou di yo pou repanti epi obeyi kòmandman l yo. Ezayi, Eli, ak Jeremi se kèk nan pwofèt Jezi te voye yo. Te gen anpil lòt pwofèt.

Men pèp Izrayèl la pa t repanti. Se poutèt sa Papa nou ki nan Syèl la te kite lòt pèp vini epi dirije yo, pran tè yo a epi chase anpil nan yo, sou lòt tè. Sa fè moun yo enb epi pèmèt yo sonje Jezi epi obeyi li. Men anpil ane anvan Jezi te fèt nan Betleyèm, pèp Izrayèl la te vin mechan ankò epi Papa nou ki nan Syèl la te pèmèt pèp ki te rele Women yo kaptire pèp Izrayèl la. Yo te pran kontwòl tè yo ak gwo batiman sakre yo.

***Diskisyon***
- Sa k pase lè moun yo bliye pwomès yo te fè Papa nou ki nan Syèl la epi sispann obeyi Jezi?

*Jezi te vini sou tè a epi òganize disip li yo*

Lè Jezi te vin sou tè a, li te anseye moun yo li se pitit Bondye. Li te anseye yo pa tap gen pou yo soufri pou tout tan pou peche yo si yo tap obeyi kòmandman li yo. Li te di yo pou yo kwè nan li epi repanti. Li te di yo ta dwe batize. Li te pwomèt pou l voye Sentespri a pou ede yo. Li te anseye yo pou renmen epi obeyi Bondye. Li te anseye yo pou renmen lòt moun epi ede yo.

Moun ki te kwè nan Jezi epi te obeyi l te vin disip li. Li te òganize pèp li a nan yon gwoup ki te rele Legliz Jezikri. Li te bay dirijan ak enstriktè nan Legliz la prètriz la.

***Diskisyon***
- Kòman Jezi te ede moun yo suiv li?
- Kisa moun yo bezwen fè pou yo ka disip Jezi?

**Vin youn nan disip Jezi yo se yon gran privilèj**

Moun ki suiv Jezi yo kontan. Yo konnen plan Papa nou ki nan Syèl la pou yo. Yo konnen Papa nou ki nan Syèl la renmen yo. Yo konnen li vle yo suiv Jezi pou Jezi kapab ede yo retounen jwenn li. Yo konnen bagay yo ta dwe fè pou l kontan. Yo gen don Sentespri a pou ede yo epi rekonfòte yo. Lè yo gen pwoblèm, yo konnen Jezi ap ede yo. Yo konnen Bondye ap beni yo poutèt yo te gen fwa pou suiv Jezi.

Moun k ap suiv Jezi yo rekonesan pou tout benediksyon Papa nou ki nan Syèl la ba yo a. Yo remèsye Papa nou ki nan Syèl la pou benediksyon sa yo lè y ap priye.

Moun ki pa disip Jezi yo kapab vin disip li. Yo kapab aprann konsènan li nan li ekriti yo ak nan tande dirijan Legliz yo. Yo kapab kwè nan li, repanti epi vin batize. Si yo obeyi Jezi, yo kapab resevwa menm bagay Bondye te toujou pwomèt disip Jezi yo.

***Diskisyon***

- Poukisa se yon gran privilèj pou nou vin disip Jezi?

***Referans***

*Patizan Jezi yo renmen Papa nou ki nan Syèl la*

- Jan 8:12 (Jezi vle nou suiv li.)
- 2 Nefi 31:12 (Nou kòmande pou nou suiv Jezikri epi fè sa l te fè.)
- Mozya 2:41 (Moun ki obeyi kòmandman Jezi yo beni nan tout fason.)
- 3 Nefi 18:37 (Jezi te bay disip li yo pouvwa pou bay lòt yo don Sentespri.)

*Jezi bay disip li yo pouvwa Papa nou ki nan Syèl la*

- Egzòd 3 (Moyiz te resevwa otorite nan men Papa nou ki nan Syèl la.)
- Nomb 27:18–23 (Moyiz te mete men sou tèt Jozye epi ba li otorite Papa nou ki nan Syèl la.)

*Anpil moun te kwè nan Jezi epi te suiv kòmandman li yo anvan li te vin sou tè a*

- Jenèz 12:1–2; 17:1–8 (Abraram yon disip Jezi te jwenn pwomès.)
- Detewonòm 28:9–10 (Bondye te fè pwomès bay pèp Izrayèl la.)
- Jeremi 23:3–4 (Jezi ap rasanble pèp Izrayèl la ansanm apre yo fin repanti.)
- Ezekyèl 20:33–36 (Pèp Izrayèl la ap rasanble.)
- Lik 6:13 (Jezi te chwazi Douz Apot.)
- Jan 15:16 (Jezi te bay apot li yo otorite ak pouvwa.)
- 3 Nefi 21:26–29 (Disip Jezi yo ap rasanble nan tout nasyon.)

*Se yon gran privilèj pou nou se youn nan disip Jezi yo*

- 2 Nefi 31:13 (Gen benediksyon espesyal k ap tann moun k ap suiv Jezi epi fè sa l te anseye.)
- Alma 5:57 (Moun ki suiv Jezi yo ap konte pami jis yo.)
- Mowoni 7:48 (Disip Jezi yo ap vin tankou Bondye.)

# LEGLIZ JEZI TE ÒGANIZE A

*Chapit 18*

*Jezi te òganize yon legliz lè li te sou tè a. Kòman l te rele? Kiyès ki te dirije l?*

**Jezi te chèf Legliz la li te òganize a**
Lè Jezi te sou tè a, li te òganize yon legliz. Legliz sa a rele Legliz Jezikri. Manm Legliz Jezi yo te rele Sen. Jezi limenm te chèf Legliz la. Li te dirije l. Li te chwazi douz gason pou ede l dirije Legliz la. Yo te rele Apot. Apot sa yo pwofèt tou. Jezi te met men l sou tèt yo epi ba yo chak prètriz la. Li ba yo dwa pou fè travay li. Apot sa yo ak pwofèt sa yo te dirijan nan Legliz Jezikri a.

Nan Legliz Jezikri a, moun ki te resevwa prètriz la mete men yo sou tèt lòt bon moun epi ba yo prètriz. Se sèl fason prètriz la kapab pase de yon gason a yon lòt. Moun pa kapab achte prètriz la.

***Diskisyon***
- Kimoun ki te dirijan Legliz Jezikri a?
- Kisa moun Jezi te rele pou ede l yo te ye?

**Legliz Jezikri a te kontinye sou tè a apre l te retounen nan syèl la**
Apre Jezi te retounen nan syèl, Legliz li a te kontinye sou tè a. Li te dirije pa douz Apot yo. Lè yon Apot te mouri, Jezi te chwazi yon lòt moun pou ranplase l. Grasa Sentespri a, Jezi te fè lòt Apot yo konnen kiyès ki tap lòt Apot la. Douz Apot yo te chwazi lòt bon moun epi ba yo otorite pou ede yo fè travay Legliz Jezi a. Moun sa yo te rele swasanndis, granprèt, ansyen, evèk, prèt, enstriktè, epi dyak. Yo eksplike devwa yo nan chapit 20.

*Jezi te dirije legliz li a pa revelasyon*

Mesaj Jezi bay atravè Sentespri a pou moun sou tè a rele revelasyon. Jezi gide legliz li a nan revele bay pwofèt yo ak lòt dirijan yo sa yo ta dwe fè.



*Jezikri te òdone Apot yo.*

Anvan Jezi te retounen nan syèl, li te di Apot li yo li tap toujou avèk yo. Jezi te vle di li tap kontinye gide yo grasa Sentespri a.

***Diskisyon***

- Kòman Jezi te dirije Legliz li a apre l te fin retounen nan syèl la?

*Legliz Jezikri a genyen vrè ansèyman li yo*

Dirijan Legliz Jezikri a te resevwa revelasyon nan men Jezi grasa Sentespri a. Paregzanp, Jezi te di Apot Pyè levanjil la ta dwe anseye a tout moun pa sèlman a pèp Izrayèl la. Jezi te di Apot Pòl anpil bagay li ta dwe anseye moun yo. Jezi te di Apot Jan anpil bagay konsènan lavni an.

Pandan l t ap viv sou tè a, Jezi te anseye moun yo pou kwè nan li, repanti epi vin batize. Li te ba yo don Sentespri. Li te anseye yo renmen Papa nou ki nan Syèl la epi obeyi li. Li te anseye yo renmen lòt moun epi ede yo.

Apre Jezi te retounen nan syèl, Apot yo te anseye menm bagay Jezi te konn anseye yo. Tout moun ki te vle vin manm Legliz Jezikri a te dwe gen fwa nan Jezikri, repanti pou peche yo, epi batize. Yo te resevwa don Sentespri a. Yo te aprann renmen Papa nou ki nan Syèl la epi obeyi li. Yo te aprann renmen epi sèvi lòt moun.

***Diskisyon***

- Kisa yon moun dwe fè pou l antre nan Legliz Jezikri a?

*Moun ki te pou Legliz Jezikri a te resevwa don espirityèl*

Moun ki te pou Legliz Jezikri a te resevwa don espirityèl. Kèk nan don sa yo te fwa pou geri moun ki malad, kapasite pou pale konsènan bagay k ap pase nan lavni, ak pouvwa pou wè vizyon.

***Diskisyon***

- Kisa kèk nan don espirityèl yo?

**Legliz Jezi a pa t sou tè a ankò**

Apre Jezi te retounen nan syèl, Apot li yo te dirije Legliz la. Plis moun te vin manm Legliz la. Men kèk nan manm yo te kòmanse anseye epi kwè nan move bagay, nan plas bagay Jezi avèk Apot yo te anseye a. Paregzanp kèk moun te kwè Papa nou ki nan Syèl la pa t gen yon kò fizik.

Moun mechan te kòmanse pèsekite dirijan yo ak lòt manm Legliz yo. Moun mechan yo te touye Apot yo ak lòt dirijan ki te gen prètriz la. Yo te touye anpil manm Legliz Jezikri a tou.

Moun yo te anseye plis fo doktrin jiskaske pèsonn pa t kwè nan vrè ansèyman Jezi yo. Pèsonn pa t gen prètriz la, konsa pèsonn pa t fè travay Jezi a sou tè a oubyen resevwa enstriksyon nan men Jezi pou tout pitit Papa nou ki nan Syèl la. Tan sa a kote pèsonn pa t kwè nan vrè ansèyman Jezi a epi pa gen otorite, li rele Apostazi.

Pandan apostazi a, moun yo te òganize anpil legliz ki te diferan ak Legliz Jezi te òganize a. Yo te anseye bagay Jezi pa t anseye.Yo pa t gen prètriz la. Yo te fè seremoni yo yon fason diferan ak seremoni ki te akonpli nan Legliz Jezi a. Yo pa t jwenn revelasyon nan men Jezi. Yo pa t anseye tout kòmandman levanjil la jan Jezi ak Apot li yo te anseye l la. Pwofèt yo te di tout sa t ap pase.

***Diskisyon***

- Kòman apostazi a te pase?

Jezi te pwomèt li tap retabli Legliz li a sou tè a. Jezi te konnen moun yo tap pèdi pouvwa ak vrè ansèyman l yo. Konsa li te prepare yon fason pou vrè Legliz la te vin òganize ankò sou tè a.

Apot Jan te wè nan yon vizyon tan kote levanjil la tap retounen sou tè a ankò. Li te wè Jezi tap voye anj pou anseye moun yo verite konsènan Papa nou ki nan Syèl la. Jezi tap asire l tout pitit Papa nou ki nan Syèl la tap kapab resevwa levanjil la, prètriz la, benediksyon yo ak tout lòt bagay ki nesesè pou yo kapab retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***

- Poukisa Jezi te prepare yon fason pou reyòganize Legliz li a sou tè a ankò?

***Referans***

*Jezi te chèf Legliz li te òganize a*

- Lik 9:1 (Jezi te bay Apot li yo pouvwa.)
- 3 Nefi 27:8 (Legliz Jezikri a te pote non li.)

*Legliz Jezikri a te kontinye sou tè a apre li te retounen nan syèl la*

- Matye 16:16–18 (Yo te chwazi Pyè pou l dirije Legliz la apre lanmò Jezi.)
- Matye 28:20 (Jezi pwomèt pou l toujou avèk Apot yo.)
- Mak 3:14 (Jezi te chwazi douz gason pou vin Apot.)
- Mak 16:17–18; 1 Korentyen 12:4–11 (Disip Jezi yo ap toujou gen don espirityèl.)

- Lik 10:1 (Jezi te chwazi swasanndis gason pou preche levanjil li a.)
- Jan 14:26 (Jezi ap toujou avèk apot li yo grasa enfliyans Sentespri a.)
- Ak 1:23–26 (Yo te chwazi yon nouvo Apot pou pran plas yon lòt ki te mouri.)
- Ak 8:18–20 (Pyè te di yon nonm, yo pa ka achte prètriz la.)
- Ak 10 (Grasa revelasyon Pyè te aprann ke levanjil la se pou tout moun.)
- Ak 14:23 (Ansyen yo te òdone nan kongregasyon yo.)
- Efezyen 2:19–20 (Jezi se poto mitan Legliz li a, avèk èd Apot ak pwofèt yo.)
- Efezyen 4:11–13 (Jezi te fikse tèt ofisye yo.)
- Jak 5:14–15 (Yon moun ki gen otorite prètriz la dwe beni malad yo.)

*Legliz Jezi a pa t sou tè a ankò*

- Amòs 8:11–12 (Moun yo ap chèche verite a, san konnen kote pou yo jwenn li.)
- Matye 24:9–12 (Yo tap touye Apot yo.)
- 2 Tesalonisyen 2:3–4 (Yo te predi apostazi a.)
- 2 Pyè 2:1 (Fo pwofèt yo te anseye mansonj.)

*Jezi te pwomèt li t ap retabli Legliz li a sou tè a*

- Ak 3:20–21 (Jezi ap retounen sou tè a pou retabli Legliz li a.)
- Revelasyon 14:6 (Yon anj ap asiste nan retablisman levanjil la.)
- Danyèl 2:44–45 (Wayòm Papa nou ki nan Syèl la ap etabli nan dènye jou yo.)



*Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi te vizite Joseph Smith.*

# LEGLIZ JEZIKRI JODI A

*Chapit 19*

*Kibò nou kapab jwenn vrè levanjil Jezikri a Jodi a?*

**Legliz Jezikri a pa t sou tè a pandan anpil ane**
Jezi te òganize Legliz li a lè li te sou tè a. Legliz li a te rete sou tè a pou yon tan apre l te retounen nan syèl la. Lè moun yo te sispan anseye epi kwè nan vrè ansèyman li a, Jezi te retire prètriz la ak Legliz li a sou tè a.

Pandan anpil ane, moun yo te viv san vrè levanjil ak Legliz Jezikri a. Moun yo te òganize anpil legliz ki te baze sou pwòp ide yo ak kèk ansèyman nan Bib la. Men legliz sa yo pa t gen prètriz Papa nou ki nan Syèl la. Yo pa t gen tout ansèyman Jezi yo. Yo pa t gen revelasyon kontini ki soti nan men Jezi. Yo pa t gen tout don espiritygèl yo.

Moun yo te kòmanse vle konnen verite konsènan Papa nou ki nan Syèl la. Yo te kòmanse chèche verite konsènan Papa nou ki nan Syèl la ak ansèyman li yo. Kèk nan yo te reyalize, vrè levanjil la ak Legliz Jezikri a pa t sou tè a ankò. Papa nou ki nan Syèl la te konnen, lè a tap rive pou retablisman vrè levanjil la ak Legliz Jezikri a sou tè a.

***Diskisyon***
- Poukisa Jezi te retire prètriz li a sou tè a?
- Poukisa legliz moun yo te òganize yo pa t Legliz Jezikri a?

**Papa nou ki nan Syèl la te kenbe pwomès li pou retablisman vrè Legliz la**
Papa nou ki nan Syèl la renmen tout pitit li yo. Li vle yo konnen sa yo te bezwen fè pou yo viv avè l apre yo mouri epi resisite. Anvan l te retire vrè Legliz Jezikri a sou tè a, Jezi te di pwofèt ak Apot yo sa k ta pral pase. Li

te pwomèt yo tou li tap retabli Legliz la sou tè a yon jou. Li tap fè sa lè te gen moun ki pare ankò pou resevwa vrè levanjil la.

*Jezi te retabli Legliz li a sou tè a*

Jezi te retabli Legliz li a sou tè a avèk menm otorite ak benediksyon menm jan Legliz la te òganize lè l t ap viv sou tè a. Chak moun ki vle obeyi kòmandman li yo kapab vin yon manm Legliz li a.

*Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Joseph Smith pou ede retablisman Legliz la*

Nan lane 1820, Jezi te kòmanse retablisman vrè levanjil ak Legliz la sou tè a. Yon jèn gason ki te rele Joseph Smith te vle konnen ki legliz te Legliz Jezikri a. Li te li nan Bib la, si yon moun vle konnen yon bagay, li ta dwe mande Papa nou ki nan Syèl la. Li te deside pou l mande Papa nou ki nan Syèl la nan ki legliz li ta dwe mache. Li te ale nan yon forè toupre lakay li a epi li te mande Papa nou ki nan Syèl la nan ki legliz li ta dwe ale. Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi te parèt devan Joseph Smith. Papa nou ki nan Syèl la te di Joseph pou l tande Jezi epi obeyi li. Konsa Jezi te di Joseph pou l pa ale nan okenn legliz. Li te di, vrè Legliz la pa t sou tè a.

Pèsonn pa t resevwa yon revelasyon konsa nan men Papa nou ki nan Syèl depi lè vrè levanjil ak Legliz Jezikri a te retire sou tè a. Depi lè revelasyon sa a, anpil lòt te vini. Papa nou ki nan Syèl la te chwazi Joseph Smith pou reprezante l sou tè a. Pa limenm Jezi te retabli vrè levanjil ak Legliz Jezikri a.

***Diskisyon***

• Poukisa Joseph Smith te wè yon vizyon?

*Prètriz la te retabli*

Prètriz la te retabli sou tè a nan lane 1829. Jan Batis te soti nan syèl la epi bay Joseph Smith yon pati nan otorite prètriz la pa enpozisyon men sou tèt Joseph. Otorite prètriz sa a te rele Prètriz Aawon. Jan Batis, ki te retabli otorite prètriz sa a, se menm moun ki te batize Jezi a. Pyè, Jak, ak Jan, twa premye nan Apot Jezi yo, te vini tou epi bay Joseph plis otorite prètriz. Otorite prètriz sa a rele Prètriz Mèlkizedèk.

Lòt pwofèt yo, lè n pran tou Moyiz ak Eli, yo te vini tou epi bay Joseph Smith otorite pou fè lòt travay sakre. Otorite ki soti nan men Papa nou ki nan Syèl la pou anseye levanjil, fè travay sakre, epi dirije Legliz la, sou tè a ankò.

***Diskisyon***
- Kòman Joseph Smith an premye te resevwa prètriz la?

*Jezi te òganize Legliz li a ankò*

Grasa revelasyon, Jezi te dirije Joseph Smith pou òganize Legliz li a ankò nan dat 6 Avril 1830. Jezi te chèf Legliz li a, lè l t ap viv sou tè a. Li se chèf Legliz li a kounyeya. Manm Legliz li a toujou rele Sen yo.

Jezi rele Legliz li a jodi a Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Mo *Dènye Jou* yo montre, se Legliz Jezikri a nan yon dènye tan sou tè a. Jezi te di Legliz sa a se sèl vrè Legliz nan tout mond lan e li pran plezi ladan l.

Jezi chwazi yon pwofèt pou dirije Legliz la sou tè a. Jezi dirije pwofèt sa a. Li bay pwofèt sa a otorite pou dirije Legliz la. Joseph Smith te premye pwofèt Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Pwofèt Legliz la yo rele tou, Prezidan Legliz la. Prezidan an gen moun ki ede l. Yo rele konseye. Lè pwofèt la mouri, Jezi chwazi yon nouvo pwofèt pou pran plas li.

Jezi chwazi tou douz Apot pou ede dirije Legliz la. Lòt bon gason ak jèn gason resevwa prètriz la tou. Yo ede Apot yo ak pwofèt la. Yo rele granprèt, ansyen, evèk, prèt, enstriktè ak dyak, menm jan yo te rele nan Legliz Jezikri nan tan lontan an.

Jezi te di Joseph Smith kòman Legliz li a dwe òganize. Lè Legliz fin òganize nèt nan yon zòn, yo rele zòn sa a pye. Yon prezidan dirije yon pye. Li gen de konseye pou ede l.

Yon pye divise an zòn pi piti. Zòn sa yo rele pawas. Yon dirijan prètriz ki rele evèk dirije pawas la. Li gen de konseye pou ede l.

Nan zòn kote pye yo poko òganize, dwe gen distri, ki fèt ak branch. Branch yo dirije pa yon prezidan ak de konseye. Zòn kote ki gen anpil misyonè k ap anseye levanjil la rele misyon.

*Gason ki gen prètriz la yo, òganize an kolèj*

Gason ki gen prètriz la yo òganize an gwoup ki rele kolèj. Yon kolèj prètriz se yon gwoup gason ki gen menm ofis nan prètriz la. Yo reyini ansanm pou youn ede lòt epi ede lòt moun.

***Diskisyon***
- Kimoun ki chèf Legliz Jezikri a jodi a?
- Kimoun yo aple pou ede dirije Legliz Jezikri a ye?

**Legliz Jodi a òganize menm jan ak Legliz Jezi te òganize lè li te sou tè a**

*Jezi toujou ap dirije Legliz li a pa revelasyon*

Grasa Sentespri a, Jezi di pwofèt la kòman li ta dwe dirije Legliz la. Li revele Apot yo tou ak lòt dirijan Legliz la sa l vle yo fè. Grasa revelasyon, Jezi kontinye gide manm Legliz li a.

*Tout moun kapab vin manm Legliz la*

Tout moun kapab vin yon manm Legliz Jezikri a kounyeya menm jan moun yo te antre nan Legliz li a lè l te sou tè a. Gason oubyen fi dwe gen fwa nan Jezi epi repanti. Moun sa a dwe batize. Apre moun sa a batize, gason oubyen fi, li resevwa don Sentespri a.

***Diskisyon***

- Kisa nou gen pou n fè pou n rantre nan Legliz Jezikri a kounyeya?

*Manm legliz yo jodi a resevwa don espirityèl yo*

Jezi toujou bay manm Legliz li a don espirityèl. Tout pouvwa espirityèl sa yo nan Legliz la jodi a.

***Diskisyon***

- Kisa kèk nan don espirityèl yo? (Gade chapit 16.)

*Jezi te retabli vrè ansèyman li yo*

Jezi te retabli ansèyman limenm ak Apot li yo te anseye. Baz ansèyman an, se fwa nan Jezikri, repantans, batèm, ak don Sentespri. Kèk verite enpòtan Jezi te bay Legliz li a se:

1. Papa nou ki nan Syèl la gen yon kò fizik.
2. Nou se pitit espri Papa nou ki nan Syèl la. Nou te viv avèk li nan syèl tankou espri anvan nou te fèt sou tè a.
3. N ap pini sèlman pou pwòp peche nou, pa pou peche Adan te fè. Anpil moun kwè, paske Adan ak Èv te manje kèk nan fwi defandi a, noumenm pitit yo, nou peche depi lè n te fèt. Se pa vre. Timoun yo pa peche lè yo fèt. Yo inosan. Se poutèt sa, yo pa bezwen batize jiskaske yo gen uitan.
4. Yon gason dwe gen prètriz la pou l akonpli òdonans yo. (Gade chapit 21.)

***Diskisyon***

- Kisa kèk nan ansèyman Jezi, li bay moun ankò?

***Legliz Jezikri a p ap janm soti sou tè a ankò***

Kounyeya sa a se vrè Legliz Jezikri a, otorite prètriz, ak levanjil la te retabli sou latè, yo p ap janm soti sou tè a ankò. Papa nou ki nan Syèl la te di li tap etabli yon wayòm ki pa tap janm detui. Wayòm sa a se Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. L ap kontinye pou toutan.

Anpil moun te rantre nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Gen manm Legliz la nan anpil peyi nan mond lan. Pi plis moun ap kontinye rantre nan Legliz la. Tout pitit Papa nou ki nan Syèl ap tande levanjil la epi gen yon chans pou aksepte l.

***Diskisyon***

- Kisa n kapab fè pou ede lòt yo tande apwopo levanjil Jezikri a pou yo kapab rantre nan Legliz la?

***Referans***

*Pandan anpil ane Legliz Jezikri pa t sou tè a*

- Ezayi 24:5 (Moun yo te chanje vrè ansèyman yo.)
- Amos 8:11–12 (Pwofèt la te di, moun yo pa tap konnen kòman pou yo jwenn vrè pawòl Papa nou ki nan Syèl la.)
- 4 Nefi 1:26–29 (Moun yo te fè pwòp Legliz pa yo.)

*Papa nou ki nan Syèl la te kenbe pwomès li pou retabli vrè Legliz la*

- Ezayi 2:2–4 (Papa nou ki nan Syèl la t ap etabli wayòm li a nan dènye jou yo.)
- 2 Nefi 3:6–15 (Yon pwofèt ki te rele Joseph tap ede retabli Legliz la sou tè a.)

*Legliz jodi a, li òganize menm jan ak Legliz Jezi te òganize lè l te sou tè a*

- Ak 3:20–21 (Pwofèt yo te di tout bagay tap retabli.)
- 2 Nefi 29:9 (Jezi se menm nan yè, jodi a, epi pou toutan.)
- Mowoni 10:7–19 (Jezi bay menm don espirityèl yo, yè, jodi a, ak pou toutan.)

*Legliz Jezikri a p ap janm retire sou tè a ankò*

- Danyèl 2:44–45; Matye 21:43 (Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pou l etabli yon wayòm ki pa tap janm detui.)




*Nou kapab konpare Legliz Jezikri a menm jan ak yon gwo kay avèk Kris kòm poto mitan epi Apot ak pwofèt yo kòm fondasyon.*

# ÒGANIZASYON PRÈTRIZ LA

*Chapit 20*

*Kòman yon gason kapab jwenn otorite pou fè travay Papa nou ki nan Syèl la?*

**Lè yon gason gen prètriz la li kapab aji pou Papa nou ki nan Syèl la**
Prètriz la se otorite Papa nou ki nan Syèl la bay gason ak jèn gason ki diy pou fè travay li sou tè a. Li te bay Jezi otorite sa a. Jezi te bay gason sou tè a otorite sa a. Gason ak jèn gason ki gen prètriz la reprezante Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi. Yo kapab fè sa lòt gason oubyen jèn gason pa kapab fè. Yo kapab vin misyonè epi anseye vrè levanjil Jezikri a. Yo kapab beni moun ki malad. Yo kapab fè travay sakre nan Legliz.

Jezi te ban nou fason pou yon gason bay yon lòt gason oubyen jèn gason prètriz la. Yon gason ki gen prètriz la mete men li sou tèt gason an oubyen jèn gason an. Epi li ba li prètriz la nan non Jezikri ak otorite prètriz li genyen an.

Sèlman yon gason oubyen yon jèn gason ki obeyi kòmandman Jezi yo kapab resevwa prètriz la. Jezi ap pèmèt gason ak jèn gason fè travay li a sèlman si yo obeyi kòmandman li yo.

Pa gen pi gwo moun sou tè a pase yon gason oubyen jèn gason ki itilize prètriz la avèk sajès.

***Diskisyon***
- Kisa prètriz la ye?
- Kiyès ki kapab resevwa prètriz la?

**Prètriz la divize an de pati**
De pati nan prètriz la se Prètriz Aawon ak Prètriz Mèlkizedèk. Yo rele pafwa Prètriz Aawon an prètriz ki pi piti a. Prètriz Mèlkizedèk la, li rele pafwa pi gran prètriz la.

*Prètriz Aawon*

Yo te rele Prètriz Aawon an dapre Aawon, frè Moyiz la, pwofèt la. Aawon se te yon dirijan nan tan Moyiz.

Yon gason oubyen jèn gason ki gen pou pi piti douzan kapab gen Prètriz Aawon an. Gason ki gen Prètriz Aawon an kapab anseye moun. Kèk ki gen Prètriz Aawon kapab batize moun. Yo ede moun sonje Jezi. Yo kapab ede moun nan anpil fason.

*Prètriz Mèlkizedèk*

Prètriz Mèlkizedèk la te rele konsa dapre yon nonm ki te rele Mèlkizedèk. Mèlkizedèk te yon nonm jis anpil ki te gen prètriz la. Li te viv nan tan Abraram. Li te yon granprèt. Anvan yo te rele prètriz la pa non li, li te rele sent prètriz dapre lòd pitit Bondye a. Non prètriz la te chanje nan Mèlkizedèk pou anpeche moun yo itilize non Papa nou ki nan Syèl la anpil.

Yon gason dwe gen pou pi piti dizuitan pou gen Prètriz Mèlkizedèk la. Gason ki gen Prètriz Mèlkizedèk la gen pouvwa pou bay manm Legliz yo benediksyon. Jezi revele yo bagay yo bezwen konnen epi di lè y ap bay benediksyon sa yo.

***Diskisyon***

- Ki de prètriz ki gen nan Legliz la?

**Ofis yo ak otorite nan chak prètriz**

Gason ak jèn gason ki gen Prètriz Aawon an epi ki te òdone nan ofis prèt nan prètriz sa a gen pouvwa pou fè bagay sa yo:

1. Anseye levanjil la.
2. Batize.
3. Prepare, beni epi distribiye sentsèn nan.
4. Asiste moun ki gen Prètriz Mèlkizedèk yo nan vizite epi ede manm Legliz yo.
5. Bay lòt moun yo Prètriz Aawon.

Gason ki gen Prètriz Mèlkizedèk la gen otorite pou l fè bagay sa yo:

1. Dirije Legliz la.
2. Preche levanjil la.
3. Bay don Sentespri a.

4. Bay benediksyon espesyal.
5. Bay timoun yo yon non ak yon benediksyon.
6. Geri malad.
7. Bay lòt prètriz la.
8. Fè tout bagay gason oubyen jèn gason ki gen Prètriz Aawon kapab fè.

Lè yon moun resevwa prètriz la, li òdone nan yon ofis nan prètriz la. De prètriz sa yo, Prètriz Aawon ak Prètriz Mèlkizedèk la gen plizyè ofis. Yo chak gen devwa espesyal.

***Diskisyon***

- Kisa moun ki gen Prètriz Mèlkizedèk yo gen otorite pou fè?
- Kisa moun ki gen Prètriz Aawon yo gen otorite pou fè?

*Ofis Prètriz Aawon yo ak devwa yo*

Ofis Prètriz Aawon yo se dyak, enstriktè, prèt, ak evèk.

*Dyak*

Yon gason nan Legliz kapab resevwa prètriz la epi vin òdone dyak si li gen douzan. Li dwe obeyi kòmandman Jezi yo ak règ Legliz la.

Men devwa yon dyak:

1. Distribiye sentsèn.
2. Ede dirijan yo.
3. Ede enstriktè Prètriz Aawon yo pou akonpli devwa yo, lè yo ba yo l.

Yon dyak pa kapab bay lòt moun prètriz la. Li pa kapab batize okenn moun. Li pa kapab beni sentsèn.

*Enstriktè*

Yon gason nan Legliz kapab resevwa prètriz la epi vin òdone enstriktè si li gen katòzan. Li dwe obeyi kòmandman Jezi yo ak règ Legliz la.

Men devwa yon enstriktè:

1. Voye je sou manm Legliz la, ede yo satisfè bezwen fizik ak espirityèl yo.
2. Ede manm yo obeyi kòmandman Jezi yo.
3. Ede moun ki gen Prètriz Mèlkizedèk yo nan fè vizit fanmi yo avèk yo epi ede yo anseye fanmi yo pou obeyi kòmandman Jezi yo.
4. Prepare sentsèn.
5. Lè li nesesè, fè tout bagay yon dyak fè.

Yon enstriktè pa kapab bay yon lòt prètriz la. Li pa kapab batize okenn moun. Li pa kapab beni sentsèn.

*Prèt*

Yon gason nan Legliz kapab resevwa prètriz la epi vin òdone prèt si li gen sèzan. Li dwe obeyi kòmandman Jezi yo ak règ Legliz la.

Men devwa yon prèt:

1. Anseye levanjil la.
2. Ankouraje manm yo pou obeyi kòmandman Jezi yo.
3. Batize.
4. Beni sentsèn nan.
5. Òdone lòt dyak, enstriktè, ak prèt.
6. Dirije reyinyon yo lè pa gen pèsonn ki gen Prètriz Mèlkizedèk la.

Yon prèt kapab fè tout bagay enstriktè ak dyak la fè. Li pa kapab òdone pèsonn nan ofis evèk oubyen nan okenn ofis Prètriz Mèlkizedèk la.

Evèk

Yon evèk se yon dirijan pawas.

Men devwa yon evèk:

1. Dirije detantè Prètriz Aawon nan pawas li a.
2. Dirije kolèj prèt nan pawas li a.
3. Ede manm yo jwenn manje, rad, ak lòt bagay ki ijan.
4. Jije diyite manm Legliz yo pou kèk benediksyon ak privilèj.
5. Resevwa epi jere swen lajan ak lòt bagay moun yo bay Legliz.
6. Konseye manm pawas li a lè yo mande gid espirityèl oubyen lè li santi yo bezwen konsèy.

Prezidan Legliz la dirije prezidan pye yo pou òdone gason yo vin evèk yo.

***Diskisyon***

- Ki devwa dyak la, enstriktè, prèt ak evèk la genyen?

*Ofis Prètriz Mèlkizedèk yo ak devwa yo*

Ofis Prètriz Mèlkizedèk yo se, ansyen, granprèt, patriyach, swasanndis, ak apot. Chak nan ofis sa yo gen devwa espesifik.

Ansyen

1. Batize.
2. Bay don Sentespri a.
3. Dirije reyinyon yo.
4. Prezide reyinyon yo lè pa gen granprèt ki prezan.
5. Preche levanjil la.
6. Beni malad.
7. Beni timoun.
8. Bay lòt moun prètriz la epi òdone yo nan ofis ansyen, prèt, enstriktè, oubyen dyak.
9. Lè li nesesè, fè tout devwa yon prèt, enstriktè, oubyen dyak.

Granprèt

Devwa prensipal yon granprèt se pou dirije tout moun nan Legliz epi anchaje bagay espirityèl yo. Yon granprèt kapab fè tou, nenpòt nan devwa ansyen, prèt, enstriktè, oubyen dyak, lè li nesesè.

Patriyach

Yon patriyach se yon granprèt ki bay manm Legliz yo benediksyon espesyal. Benediksyon sa yo rele benediksyon patriyakal. Benediksyon patriyakal yo ede manm yo konpran bagay Jezi vle yo fè.

Swasanndis

Devwa prensipal yon swasanndis, se preche levanjil bay moun ki pa manm Legliz la. Swasanndis la ede apot yo dirije Legliz la.

Apot

Yon apot se yon temwen espesyal Jezikri nan mond lan. Apot yo dirije zafè Legliz la nan tout mond lan. Chak apot gen tout otorite prètriz la. Men sèlman Prezidan Legliz la, ki se yon apot tou, kapab itilize tout otorite prètriz la. Lòt apot yo itilize otorite prètriz yo a, sèlman sou direksyon Prezidan Legliz la.

*Kle prètriz yo*

Prètriz la se otorite pou aji nan non Jezi epi pou mennen nou tounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Kle prètriz yo se otorite pou bay pèmisyon pou itilize otorite sa a. Sa vle di menm si anpil moun kapab gen prètriz la, yon

moun dwe gen otorite pou bay pèmisyon pou itilize prètriz la. Paregzanp, yon prèt gen otorite pou batize. Men li pa kapab batize okenn moun jiskaske evèk la ba l pèmisyon pou fè l. Evèk la gen kle Prètriz Aawon nan pawas li a. Yon lòt egzanp: yon moun ki gen prètriz la ka bay yon lòt moun prètriz la sèlman lè li resevwa pèmisyon nan men moun ki gen kle prètriz nan plas sa a. Sa ta dwe evèk, prezidan pye, oubyen prezidan misyon.

***Diskisyon***

• Kisa kle prètriz yo?

*Gwoup mesye ak jèn gason ki gen prètriz la*

Mesye ak jèn gason ki gen menm ofis nan prètriz la yo òganize an gwoup. Gwoup sa yo rele kolèj. Nan Prètriz Mèlkizedèk la, gen kolèj ansyen ak kolèj granprèt.

Nan Prètriz Aawon, gen kolèj dyak, kolèj enstriktè, ak kolèj prèt.

Lè yon mesye oubyen yon jèn gason òdone nan yon ofis nan prètriz la, li vin yon manm kolèj prètriz la ki fèt avèk moun ki gen menm ofis sa a. Li rete nan kolèj sa jiskaske li òdone nan yon lòt ofis. Kolèj ansyen yo anseye epi ede chak manm nan kolèj la.

*kolèj Prètriz Mèlkizedèk la*

Kolèj Ansyen yo

Kolèj ansyen yo kapab pran nenpòt nonm ansyen rive jiska 96, li gen tou tout ansyen k ap vin nan yon pawas. Si gen plis pase 96 ansyen, yon lòt kolèj ansyen òganize. Gason ki poko resevwa Prètriz Mèlkizedèk yo kapab rankontre avèk ansyen yo pou aprann, aktivite sosyal, ak delegasyon travay.

Yon prezidan ak de konseye dirije kolèj ansyen yo.

Kolèj Granprèt yo

Yon kolèj granprèt genyen ladan l tout granprèt nan yon pye. Prezidan pye a ak de konseye l yo dirije kolèj granprèt la.

*Kolèj Prètriz Aawon an*

Kolèj Dyak

Kolèj dyak la kapab rive jiska 12 dyak. Si gen pliske12 dyak nan yon pawas, yon lòt kolèj dyak fòme. Kolèj dyak la gen yon prezidan ak de konseye.

Kolèj Enstriktè yo

Kolèj enstriktè yo kapab rive jiska 24 enstriktè. Si gen plis pase 24 enstriktè nan yon pawas, yon lòt kolèj enstriktè fòme. Kolèj enstriktè a gen yon prezidan ak de konseye.

Kolèj Prèt yo

Kolèj prèt yo kapab ale jiska 48 prèt. Si gen plis pase 48 prèt nan yon pawas, yon lòt kolèj prèt òganize. Prezidan kolèj prèt yo se evèk la oubyen prezidan branch lan. Li deziye de prèt nan kolèj nan pou vin asistan l.

***Diskisyon***

- Kisa yon kolèj ye?
- Konbyen manm ki fè yon kolèj ansyen, granprèt, dyak, enstriktè, prèt?
- Kòman yon manm nan kolèj nan kapab ede yon lòt?

***Referans***

- Ebre 7; D&A 84:6–30 (Yo eksplike Prètriz Aawon ak Prètriz Mèlkizedèk la.)
- D&A 20:38–60; D&A 107 (Ofis ak devwa prètriz la yo espesifye.)



*Jezi te bay sentsèn nan dènye soupe li te gen avèk Apot li yo.*

Pa Carl Bloch nan Chapèl Frederiksborg Castle, Dannmak.
Itilize ak pèmisyon Mize Frederiksborg la.

# ÒDONANS YO

*Chapit 21*

*Kisa mesye yo ak jèn gason yo kapab fè ak prètriz la?*

**Avèk prètriz la, gason ki gen menm otorite a akonpli òdonans Jezi te fè yo**

Òdonans yo se seremoni sakre ki akonpli pa moun yo te bay otorite prètriz la. Batèm, konfimasyon, poze men sou malad yo pou geri yo, ak benediksyon sentsèn nan se kèk nan òdonans yo.

Lè Jezi te sou tè a, li te akonpli òdonans yo pou ede moun. Li te geri malad, epi fè avèg wè. Li te fè moun ki soud tande, epi li te menm fè moun ki mouri leve. Li te bay disip li yo sentsèn.

Jezi te bay moun ki te gen prètriz la otorite pou akonpli òdonans yo. Mesye ak jèn gason ki diy ki gen prètriz la kapab akonpli òdonans yo.Yo akonpli òdonans yo pou beni epi ede nou vin tankou Papa nou ki nan Syèl la. Òdonans yo ede nou prepare pou retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Paske Jezi te bay moun sou tè a prètriz la jodi a, nou kapab resevwa anpil benediksyon nan vi nou. Nou kapab batize, resevwa don Sentespri a epi sele avèk fanmi nou pou toutan.

Prezidan kolèj yo ta dwe anseye manm kolèj yo a kòman pou yo akonpli òdonans yo. Si yon gason ki gen prètriz la bezwen akonpli yon òdonans epi pa konnen kòman, li ta dwe mande prezidan kolèj li a pou anseye l.



*Nou pran sentsèn pou ede nou sonje Jezikri ak avènman l lan.*

***Diskisyon***

- Poukisa yo akonpli òdonans yo?

**Òdonans ki akonpli pou ede nou yo**

*Batèm*

Batèm se premye òdonans levanjil Jezikri a. Anvan yon moun batize, li dwe gen fwa nan Jezi, repanti pou peche l yo, epi gen dezi pou l fè sa Jezi te anseye yo.

Sèlman yon moun ki gen prètriz la kapab batize lòt moun. Pou l batize yon moun, li dwe gen pèmisyon evèk li oubyen prezidan branch li. Moun k ap fè batèm nan antre nan dlo a avèk moun k ap batize a. Moun k ap fè batèm nan rele moun k ap batize a nan non l epi di yon priyè kout. Apre, li foure moun k ap batize nèt nan dlo a epi li retire l ankò.

Priyè moun nan di a se: "Ayant reçu l'autorité de Jésus-Christ, je vous baptise au non du Père, et du Fils, et du Saint-Esprit. Amen."

***Diskisyon***

- Ki premye òdonans levanjil Jezikri a?

*Bay Don Sentespri a*

Apre yon moun fin batiz, gason ki gen Prètriz Mèlkizedèk la mete men yo sou tèt moun nan, epi youn nan yo di yon priyè espesyal. Nan priyè sa a, yo konfime moun nan manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo epi di li, "Resevwa Sentespri a." Sa vle di moun nan resevwa dwa pou l toujou gen gid Sentespri a toutotan l ap eseye obeyi kòmandman Jezi yo. Bay don Sentespri sa a se dezyèm òdonans nan levanjil Jezikri a. Konsa moun k ap akonpli òdonans la bay moun nan yon benediksyon ki enspire pa Sentespri a. Gason yo dwe gen pèmisyon evèk yo oubyen prezidan branch yo pou bay yon moun don Sentespri a.

***Diskisyon***

- Kiyès ki kapab bay don Sentespri a?

*Òdinasyon nan prètriz la*

Bay yon gason prètriz la se yon òdonans. Li dwe fèt pa moun ki deja gen prètriz lan. Yo dwe resevwa pèmisyon nan men evèk oubyen prezidan branch lan pou bay Prètriz Aawon an epi nan men Prezidan pye a pou bay Prètriz Mèlkizedèk. Se yon gran onè pou yon mesye oubyen jèn gason

pou resevwa prètriz la. Moun ki kenbe pwomès yo te fè lè yo resevwa prètriz la ap gen prètriz la pou toutan.

***Diskisyon***
• Kiyès ki kapab bay lòt prètriz la?

*Sentsèn nan*

Yon moun ki gen prètriz la di yon priyè pou beni pen an ak dlo a. Apre limenm oubyen yon lòt moun ki gen prètriz la bay manm Legliz yo yon moso pen pou manje ak enpe dlo pou yo bwè. Sa rele sentsèn. Sentsèn nan se yon òdonans.

Pen an ak dlo a senbolize kò Jezi ak san li. Yo ede nou sonje li te sakrifye vi l pou nou. Nou ta dwe sonje lanmou li pou nou. Nou ta dwe rekonesan li te fè l posib pou nou vin padone pou peche nou yo epi viv ankò avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Chak fwa nou pran sentsèn nan, nou renouvle pwomès nou te fè avèk Papa nou ki nan Syèl la lè nou te batize a. Nou pwomèt ankò n ap toujou sonje Jezi, nou vle pote li epi ap toujou obeyi kòmandmnan li yo. Anvan nou pran sentsèn nan, nou ta dwe repanti pou move bagay nou te fè yo epi panse konsènan pwomès nou te fè a.

Papa nou ki nan Syèl la pwomèt nou, si nou fè sa nou te pwomèt pou nou fè a, l ap voye Sentespri a pou toujou rete avèk nou.

Benediksyon pen an

Jezi te ban nou priyè espesyal pou sentsèn nan. Men priyè pou pen an:

"Bondy, Papa Etènèl, nou mande ou nan non Pitit Gason ou a Jezikri, pou ou beni epi sanntifye pen sa a pou nanm tout moun ki pran, konsa ya manje l pou sonje kò pitit gason ou a, epi temwaye devan ou Bondye, Papa Etènèl, ke yo vle pran sou yo non Pitit gason w lan, epi toujou sonje l ak gade kòmandman li te ba yo, pou yo genyen Lespri li avèk yo. Amen."

*Benediksyon dlo a*

Men priyè pou dlo:

"Bondye, Papa Etènèl nou mande ou nan non Pitit Gason ou a Jezikri pou ou beni epi santifye dlo sa a pou nanm tout moun ki bwè li, konsa yo fè li pou sonje pitit Gason ou a ki te koule pou yo, konsa ya kapab temwaye

devan ou, Bondye, Papa Etènèl, ke y ap toujou sonje li, pou yo kapab genyen Lespri li avèk yo. Amen."

***Diskisyon***

- Kisa sentsèn nan ye?
- Apwopo kisa nou dwe panse lè detantè prètriz yo ap beni epi distribiye sentsèn nan?
- Ki pwomès nou fè lè nou pran sentsèn nan?

*Benediksyon timoun yo*

Gason ki gen prètriz la kapab beni timoun yo, dabitid kèk semèn apre timoun nan fèt. Yo dwe gen pèmisyon evèk oubyen prezidan branch lan pou fè sa. Papa timoun nan kapab beni timoun nan si li gen Prètriz Mèlkizedèk. Si li pa genyen Prètriz Mèlkizedèk, li pa kapab beni timoun nan ni nan sèk moun k ap beni l. Li kapab mande yon moun ki gen Prètriz Mèlkizedèk pou beni timoun nan. Papa, si li gen Prètriz Mèlkizedèk epi diy oubyen yon lòt moun ki gen Prètriz Mèlkizedèk, kenbe timoun nan nan bra yo, avèk lòt yo, ki dwe gen tou Prètriz Mèlkizedèk, epi di yon priyè. Nan priyè sa a, li adrese Papa nou ki nan Syèl la, di l ap akonpli òdonans la pa otorite Prètriz Mèlkizedèk, epi bay timoun nan yon non ki te chwazi pa paran yo. Apre, li beni timoun sou enspirasyon Sentespri a.

***Diskisyon***

- Kisa yon moun ki gen Prètriz Mèlkizedèk la fè lè l ap beni yon timoun?

*Benediksyon moun ki malad*

Lè yon moun malad, li kapab mande gason ki gen Prètriz Mèlkizedèk la pou beni li. Premye moun nan wenn tèt l. Li fè sa lè l mete yon tikras lwil konsakre sou tèt li, apre li mete men li sou tèt moun nan epi di yon priyè espesyal. Apre sa, yo mete men yo sou tèt moun nan epi youn nan yo sele onksyon an epi beni moun nan sou enspirasyon Sentespri a. Anpil moun konn santi yo byen oubyen konn geri anba maladi yo lè yo fin resevwa benediksyon prètriz sa a. Benediksyon moun malad yo se yon òdonans.

Lwil la ki itilize pou onksyon moun malad yo te konsakre pou sa menm nan yon lòt òdonans. Pou konsakre lwil la, yon gason ki gen Prètriz Mèlchizedèk kenbe yon ti lwil nan yon ti boutèy debouche epi di yon priyè espesyal.

Yon gason ki gen Prètriz Mèlkizedèk pa bezwen pèmisyon evèk, prezidan branch oubyen prezidan pye pou akonpli òdonans sa yo.

***Diskisyon***

- Kiyès ki kapab beni moun lè yo malad?

*Yon papa kapab beni manm fanmi li*

Yon papa ki gen Prètriz Mèlkizedèk kapab beni manm fanmi li yo. Li kapab fè sa lè moun nan malad oubyen lè li bezwen yon èd espesyal. Li pa bezwen pèmisyon evèk, prezidan branch, oubyen prezidan pye pou l fè sa. Papa a mete men li sou tèt moun nan epi di yon priyè. Nan priyè sa a, li bay moun nan benediksyon Sentespri a di li nan lespri l pou l bay. Benediksyon manm fanmi yo se yon òdonans.

***Diskisyon***

- Kilè yon Papa kapab beni manm fanmi li yo?

**Kèk òdonans tèlman enpòtan tout moun dwe resevwa**

Kèk òdonans prètriz la nesesè pou you moun retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. De nan òdonans sa yo se batèm ak resevwa don Sentespri a. Mesye ak jèn gason yo tou dwe resevwa prètriz la. Lòt òdonans yo, tankou benediksyon yon Papa pou manm fanmi l yo, akonpli lè nou bezwen èd ak rekonfò.

***Diskisyon***

- Kisa kèk nan òdonans yo?
- Ki benediksyon yo chak pote?

***Referans***

*Avèk prètriz la, mesye yo gen menm otorite pou akonpli òdonans Jezi te fè yo*

- Matye 16:19; Mak 3:14 (Jezi te bay disip li yo prètriz.)
- Mak 1:34 (Jezi te geri malad epi chase demon.)
- Ak 9:1–6 (Apot Jezi yo te akonpli òdonans yo.)

*Òdonans yo akonpli pou ede nou*

- Matye 19:14–15 (Jezi te beni timoun piti yo.)
- Matye 26:26–28 (Jezi te beni sentsèn pou disip li yo.)
- Ak 8:17 (Apot Jezi yo te bay Sentespri a.)
- Jak 5:14 (Ansyen yo ta dwe mete yon tikras lwil sou tèt yon moun malad epi beni l.)

- 3 Nefi 11:23–28 (Yo te ban nou fason batèm nan dwe fèt.)
- Mowoni 4, 5 (Jezi te bay moun ki t ap viv lontan yo priyè pou benediksyon sentsèn nan.)
- Mowoni 6:1–3 (Yo te bay rekòmandasyon pou moun ki pral resevwa batèm nan.)

# SUIV JEZIKRI

*Setyèm Pati*





*Jezi te montre obeyisans ak Papa li lè l te batize.*

# OBEYISANS

*Chapit 22*

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou bagay nou ta dwe fè yon fason pou n ka kontan epi retounen al viv avèk li. Kòman n kapab aprann fè bagay sa yo?*

**Papa nou ki nan Syèl la ban nou lwa yo paske li renmen nou**

Papa nou ki nan Syèl la vle nou kontan isit sou tè a paske li renmen nou. Li vle tou pou nou retounen jwenn li pou nou kapab gen lajwa li genyen an. Nou kapab fè sa sèlman si nou itilize kapasite li te ban nou pou n vin tankou l.

Papa nou ki nan Syèl la konnen sa nou dwe fè pou nou vin tankou l. Li te ban nou kòmandman ki di nou sa ki bon pou nou fè. Li di nou tou sa ki pa bon pou nou fè.

Chak kòmandman Papa nou ki nan Syèl la bay, se pou byen nou epi l ap ede nou. Kòmandman sa yo kapab gide nou nan vi nou, epi si nou obeyi yo, n ap kontan.

Nou tout te kraze kòmandman Papa nou ki nan Syèl la. Paske nou te kraze kòmandman Papa nou ki nan Syèl la, nou peche. Paske nou peche, nou separe avèk Papa nou ki nan Syèl la. Pinisyon jis pou peche nou yo se pou nou separe avèk Papa nou ki nan Syèl la pou toutan.

Men Papa nou ki nan Syèl la renmen nou, li te prepare yon mwayen pou peye amand peche nou yo. Li te voye Pitit Gason l lan, Jezi pou peye pri peche nou yo. Jezi te peye amand sa a, e nou kapab retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la si nou gen fwa nan Jezi. Pou n gen fwa nan Jezi vle di kwè nan li epi vin disip obeyisan. Moun ki gen fwa nan Jezi obeyi kòmandman l yo. Premye etap pou nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la, se pou n

gen fwa nan Jezi, eseye sensèman pou obeyi l. Konsa, si nou kontinye gen fwa nan Jezi, l ap ede nou obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la, epi Papa nou ki nan Syèl la ap padone peche nou yo.

Kèk nan kòmandman Jezi yo se pou tout manm Legliz la. Sa yo, li ba yo nan ekriti yo ak pa pwofèt yo. Gen kèk kòmandman li ban nou l endividyèlman, pa Sentespri a. Paregzanp, ekriti yo ak pwofèt yo di nou tout manm Legliz yo ta dwe ede anseye lòt yo levanjil la. Men Sentespri a ap anseye nou chak sa nou kapab fè pèsonèlman pou anseye levanjil bay manm fanmi nou, zanmi nou, ak vwazen nou. Si nou etidye ekriti yo, tande pawòl pwofèt yo, epi suiv temwayaj Sentespri a, n ap toujou konnen bagay nou ta dwe fè.

***Diskisyon***

- Kòman kòmandman Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi montre lanmou yo pou nou?
- Kòman nou kapab konnen sa Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi te di nou pou nou fè?

**Chak kòmandman Papa nou ki nan Syèl la enpòtan**

Nou ta dwe gen dezi pou nou fè tout bagay Jezi kòmande nou pou nou fè. Tout kòmandman yo enpòtan epi ede nou prepare pou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Bib la rakonte istwa konsènan yon nonm ki te rele Naaman. Li te malad anpil epi li te vle yon pwofèt ki te rele Eli pou geri l. Li te kite kay li epi te ale nan peyi kote Eli te viv la. Eli te voye yon mesaje pou di Naaman pou al plonje sèt fwa nan Rivyè Jouden a, epi li tap geri.

Naaman te fache lè yo te di l fè sa a. Li te panse, poukisa li ta dwe ale nan Rivyè Jouden an alòske te gen anpil gran rivyè kote l t ap viv la. Men menm si l te fache, Naaman pita te deside pou obeyi. Poutèt li te obeyi, li te geri. Si li pa t obeyi, li pa tap geri.

Kèk moun panse, kòmandman Jezi yo twò difisil pou nou obeyi. Yon lè te gen yon jèn gason ki te rele Nefi, avèk lòt frè l yo, yo te mande pou fè yon bagay difisil anpil. Jezi te di yo pou retounen nan vil Jerizalèm al chèche kèk ekriti enpòtan. Frè l yo te di, yo pa tap fè l. Li te twò difisil. Men Nefi te di li ta pral fè sa Jezi te di li fè a. Li te di lè Jezi di yo fè yon bagay, kèlkeswa jan n ta wè l difisil, li ede nou fè l.

Jezi te di nou, nou ta dwe travay pou nou vin tankou limenm avèk Papa nou ki nan Syèl la. Li pa tap di nou fè l, si l te konnen nou pa t kapab.

Jezi tankou Papa nou ki nan Syèl la paske li pa fè peche. Nou tout peche, men nou kapab vin tankou Papa nou ki nan Syèl la atravè fwa nan Jezi ak repantans.

Pafwa nou ka pa konprann rezon youn nan kòmandman Jezi yo. Men si nou renmen Jezi epi kwè nan li, n ap fè sa li di nou fè. N ap obeyi menm si nou pa konprann poukisa li te di nou fè yon bagay. Adan ak Èv te fè sa. Jezi te di Adan ak Èv pou ofri Papa nou ki nan Syèl la sakrifis. Yon jou, yon anj te vini kote Adan epi mande l poukisa li t ap ofri sakrifis yo. Adan te di li pa t konnen poukisa, sèlman paske Jezi te mande l pou fè l. Lè sa a, anj lan te di Adan poukisa Jezi te kòmande l pou l fè sakrifis la epi li te anseye Adan levanjil la. Jezi te kontan avèk Adan paske li te obeyi li menm anvan l te konnen rezon lwa a.

Nou ta dwe obeyi kòmandman Jezi yo paske nou renmen li epi gen dezi pou obeyi l. Papa nou ki nan Syèl la te di li pran plezi nan moun ki vle obeyi Jezi yo. Li tris lè pitit li yo pa obeyi Jezi jistan yon bagay pase pou fòse obeyi. Papa nou ki nan Syèl la vle tout pitit li yo aprann renmen Jezi epi obeyi l, paske se sèl fason yo kapab retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***

- Poukisa li enpòtan pou nou obeyi kòmandman Jezi yo menm lè yo sanble twò difisil pou nou obeyi?
- Poukisa nou ta dwe obeyi kòmandman yo menm si nou pa konprann yo?
- Poukisa li enpòtan pou n obeyi san kontrent?

**Lè nou renmen Papa nou ki nan Syèl la, nou gen dezi pou nou obeyi Jezi**

Jezi te fè tout sa Papa nou ki nan Syèl la te kòmande l pou fè. Jezi te obeyi Papa nou ki nan Syèl la paske li te renmen Papa nou ki nan Syèl la. Satan te tante Jezi pou dezobeyi Papa nou ki nan Syèl la. Jezi pa t fè sa Satan te tante l pou l fè a.

*Premye ak pi enpòtan kòmandman an, se renmen Papa nou ki nan Syèl la*

Lè nou renmen Papa nou ki nan Syèl la, nou ap vle obeyi li tankou Jezi. Nou kapab renmen Papa nou ki nan Syèl la plis lè nou aprann plis konsènan li. Nou bezwen aprann konsènan li ak sa li fè pou nou. Nou aprann sa, lè nou li ekriti yo epi tande dirijan Legliz Jezikri yo. Lè nou renmen Papa nou ki

nan Syèl la, n ap renmen Jezi tou, poutèt sa Jezi te fè pou ede nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Nou aprann renmen Jezi lè nou fè sa li kòmande nou fè. Pandan lanmou nou pou Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi ap vin pi gran, li vin pi fasil pou obeyi kòmandman l yo.

*Dezyèm gran kòmandman an se renmen tout moun*

Jezi te di nou pou renmen epi ede lòt moun. Li te di nou pou trete yo menm jan nou vle yo trete nou. Li te di nou pa ta dwe di move bagay konsènan yo. Nou ta dwe padone yo pou erè yo. Nou ta dwe ede lòt yo nan tout fason nou kapab.

Lè nou renmen Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi, nou renmen epi ede lòt yo. Nan renmen ak sèvi Jezi ak lòt moun, obeyi tout kòmandman Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi vin pi fasil pou nou.

***Diskisyon***

- Kisa de gran kòmandman yo?
- Kòman egzanp Jezi a ede nou obeyi Papa nou ki nan Syèl la yo?
- Kòman nou kapab aprann renmen Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi epi gen dezi pou nou obeyi kòmandman yo?

**Chak benediksyon nou resevwa vini poutèt obeyisans**

Papa nou ki nan Syèl la beni nou lè nou obeyi kòmandman l yo. Li pwomèt yon benediksyon pou chak kòmandman nou obeyi. Nenpòt lè nou obeyi yon kòmandman, nou resevwa yon benediksyon pou obeyisans nou. Si nou pa obeyi yon kòmandman, nou pa kapab atann pou nou resevwa benediksyon ki te pwomèt la.

Kèk nan benediksyon yo ki soti nan obeyisans kòmandman Papa nou ki nan Syèl la yo se bonè, libere anba laperèz, bon sante, ak plis konesans ak kapasite. Pi gran benediksyon Papa nou ki nan Syèl la pwomèt nou se pou nou kapab vin tankou li epi viv pou toutan avè l. Nou kapab resevwa benedisyon sa lè nou obeyi tout kòmandman l yo.

Lè n ap eseye onètman obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la, li enpòtan pou nou sonje nou kapab fè l sèlman avèk èd Jezi. Nou ta dwe sonje tou, lè nou dezobeyi, Papa nou ki nan Syèl la ap padone nou lè nou mete fwa nou nan Jezikri epi repanti. Paske nou tout te peche, nou ta dwe rekonesan anpil pou avènman Jezikri a. Akòz avènman l la, Papa nou ki

nan Syèl la kapab padone, beni nou epi ede nou vin obeyisan. Nou pa tap janm vin diy pou benediksyon Papa nou ki nan Syèl la poukont nou.

***Diskisyon***

- Ki benediksyon nou kapab jwenn akòz obeyisans nou a Papa nou ki nan Syèl la?
- Kòman Jezi ede nou jwenn benediksyon sa yo?
- Kòman nou kapab resevwa pi gran don Papa nou ki nan Syèl la yo?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la ban nou lwa yo paske li renmen nou*

- Jan 15:10–14 (Si nou obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la yo, n ap kontinye konnen li renmen nou.)

*Chak kòmandman Papa nou ki nan Syèl la enpòtan*

- 2 Wa 5:1–14 (Pwofèt Eli te di Naaman kisa pou l fè pou l geri.)
- 1 Nefi 3:1–7 (Jezi ap ban nou yon mwayen pou nou obeyi kòmandman l yo.)
- 3 Nefi 12:48 (Jezi te di nou pou nou vin pafè.)

*Lè nou renmen Papa nou ki nan Syèl la, nou gen dezi pou nou obeyi Jezi*

- Matye 22:37–40 (Jezi ban nou de gran kòmandman.)
- Jan 8:29 (Jezi te toujou fè bagay ki fè Papa l kontan.)
- Jan 14:15, 21–24 (Si nou renmen Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi, n ap obeyi kòmandman yo a.)
- 1 Korentyen 2:9 (Papa nou ki nan Syèl la te prepare gwo benediksyon pou moun ki renmen li yo.)

*Chak benediksyon nou resevwa vini akòz obeyisans*

- Pwovèb 3:1–4; Jeremi 7:23 (Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pou l beni moun yo, si yo te obeyi li.)
- 2 Nefi 2:3–9; Alma 22:14; Mowoni 6:4 (Nou pa kapab vin diy nou pou resevwa benediksyon Papa nou ki nan Syèl la poukont nou, men Sovè a ede nou.)
- Mozya 2:24 (Papa nou ki nan Syèl la beni nou lè nou obeyi l.)
- Mozya 2:41 (Moun ki obeyi kòmandman yo resevwa anpil benediksyon epi gen lajwa.)



*Jèn dirijan rich la te pèdi fwa l pou sakrifye byen l yo epi suiv Jezi.*

# SAKRIFIS

*Chapit 23*

*Abandone yon bagay pou ede yon lòt moun, se yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou ede nou vin tankou li. Èske w pa janm santi lajwa sa a ki soti nan abandone yon bagay pou ede yon lòt moun gen?*

**Jezi te sakrifye vi l pou nou**

Pou nou obeyi Papa nou ki nan Syèl la, souvan nou dwe fè sakrifis. Sakrifis se abandone yon bagay vag pou ede yon lòt moun. Jezi te fè pi gran sakrifis la. Li te soufri pou peche nou yo. Epi li te bay vi li pou pou.

Paske Jezi te bay vi l pou nou, nou tout ap viv ankò aprè lanmò. Nou tout ak gen yon kò pafè ki p ap janm mouri ankò. Sa rele rezirèksyon. Tout moun tou ki gen fwa nan Jezi, repanti pou tout peche yo, ap padone pou peche yo akòz sa Jezi te fè a epi y ap kapab retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

Soti nan tan Adan te viv la rive nan tan Jezi te viv la, moun yo te sakrifye zannimo bay Papa nou ki nan Syèl la. Moun yo te chwazi pi bon zannimo nan twoupo yo pou yo sakrifye. Se te toujou premye mal ki fèt la. Apre yo te chwazi zannimo kòrèk yo, moun yo te touye yo epi boule kèk pati nan yo kòm ofrann yo pou Papa nou ki nan Syèl la.

Moun yo te sakrifye zannimo sa yo pou obeyi lwa Papa nou ki nan Syèl la. Nan fason sa a, yo te montre volonte yo pou obeyi Papa nou ki nan Syèl la menm lè sa te vle di abandone bagay ki te enpòtan pou yo. Papa nou ki nan Syèl la te kòmande yo pou sakrifye zannimo yo pou fè yo sonje li tap sakrifye Pitit Gason l lan pou yo. Jezi premye ne Papa nou ki nan Syèl la tap vini nan mond lan epi vin pafè nan tout fason. L ap bay tèt li limenm pou sakrifye pou peche nou yo.



*Abraram te tèlman gen yon gran fwa, li te prepare l pou sakrifye pitit li a Izaak jan Senyè a te kòmande a.*

Apre Jezi te bay vi li, li te kòmande moun yo pou yo pa sakrifye zannimo ankò. Li te ban nou sentsèn pou fè nou sonje gwo sakrifis li te fè pou nou an. Pen ak dlo sentsèn nan reprezante kò ak san Jezi, li te bay pou nou, lè l te mouri a.

*Diskisyon*

- Kisa sakrifis zannimo nan tan lontan an reprezante?

**Sakrifis se yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou**

Kounyeya Papa nou ki nan Syèl la mande nou pou nou fè sakrifis nan yon fason diferan. Li kòmande nou pou nou ofri l an sakrifis, yon kè brize ak yon espri kontri. Sa vle di, abandone peche ak ògèy nou. Sa vle di gen volonte pou nou toujou sonje epi gade kòmandman l yo, kèlkeswa pri a. Men sa, sa vle di:

1. Nou gen fwa nan Jezi, nou repanti pou peche nou yo, nou batize, epi nou gade kòmandman Jezi yo.
2. Nou pale ak lòt moun konsènan kwayans nou nan Jezi pou yo kapab vin disip li epi rantre nan Legliz la.
3. Nou gen dezi pou nou fè nenpòt travay nan Legliz Jezi a, ke li vle nou fè.
4. Gason yo gen dezi pou aksepte prètriz la epi ede fanmi yo ak lòt yo viv nan yon fason pou yo ka prepare yo pou retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la nan vi k ap vini an.

Pou nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la, nou dwe gen dezi pou n bay tout bagay Jezi mande nou pou nou bay. Apot Pòl te di, nou ta dwe itilize tan nou sou tè sa a pou nou fè tout sa n kapab pou ede Jezi nan travay li a.

*Diskisyon*

- Kòman nou kapab montre nou sonje sakrifis Jezi a jodi a?

Yon nonm rich te mande Jezi kisa l ta dwe fè pou al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Jezi te di li pou obeyi tout kòmandman Papa nou ki nan Syèl la. Nonm rich la te reponn, li te obeyi tout kòmandman Papa nou ki nan Syèl la depi lè l te jèn. Jezi te di li, te gen yon lòt bagay li dwe fè. Li dwe vann tout sa l te genyen. Epi li dwe bay pòv yo lajan an epi suiv Jezi. Lè nonm rich la te tande sa, li te vin tris. Li pa t vle separe ak tout sa l te genyen epi suiv Jezi.

Nèg rich la te yon bon moun. Li te eseye onètman pou obeyi kòmandman Bondye yo. Men lè Jezi te mande l pou abandone tout bagay li te genyen epi suiv Jezi, li pa t vle fè l.

De nan Apot Jezi yo, Pyè avèk Andre, te vle abandone tout sa yo te genyen pou suiv Jezi. Lè Jezi te mande yo pou suiv li, yo te kite travay yo epi suiv li.

Abraram te gen dezi tou pou bay Papa nou ki nan Syèl la tout sa l genyen. Abraram te viv sou tè a anvan Jezi te fèt. Nan tan sa a, Papa nou ki nan Syèl la te konn toujou mande moun yo pou yo fè sakrifis zannimo. Li te kòmande Abraram pou l te sakrifye pitit gason l lan, kòm yon tès pou wè si Abraram tap obeyi. Abraram te gen dezi pou l obeyi. Li te bati yon otèl epi li mete pitit li a sou li. Abraram te pare pou l te touye pitit li a, lè yon anj te kanpe l. Anj lan te di Abraram li pa t bezwen sakrifye pitit li a. Papa nou ki nan Syèl la te konnen Abraram te gen dezi pou ba li tout sa l kòmande l pou l ba li, menm pwòp pitit li. Abraram te tèlman renmen Papa nou ki nan Syèl la, li te vle fè tout sa Papa nou ki nan Syèl la kòmande l. Papa nou ki nan Syèl la te beni Abraram paske Abraram te gen dezi pou sakrifye tout bagay pou li.

***Diskisyon***

- Kimoun ki se yon egzanp yon moun ki pa t gen dezi pou bay tout bagay Jezi te kòmande l pou bay?
- Kimoun ki se yon egzanp yon moun ki te gen dezi pou bay tout bagay Papa nou ki nan Syèl la te kòmande l pou bay?
- Kisa ou tap fè nan sitiyasyon sa yo?

**Nou kapab sakrifye kèk bagay pou travay Jezi a**

Fanmi nou yo kapab rejte nou si nou suiv Jezi. Lòt moun kapab ri nou oubyen eseye blese nou, lè nou obeyi kòmandman l yo. Nou kapab pèdi travay nou poutèt Legliz Jezikri a.

Nou kapab itilize lajan nou avèk tan nou pou nou al anseye lòt moun konsènan Jezi. Nou kapab itilize tan nou pou n ede dirijan Legliz yo fè travay yo. Nou kapab itilize tan nou avèk lajan nou pou ede fanmi lòt moun nan fanmi nou yo lè y ap fè travay Jezi a. Papa nou ki nan Syèl la kapab vle nou bay vi nou pase nou renye temwayaj nou konsènan Jezi.

***Diskisyon***

- Kòman ou tap santi ou si yo te mande n pou abandone pi bon byen ou genyen?
- Ki kantite sakrifis nou gen dezi pou n pou travay Jezi a?

**Sakrifis pote benediksyon ki pa kapab soti nan okenn lòt fason**
Sakrifis ede nou kite egoyis. Nou aprann sèvi Papa nou ki nan Syèl epi ede lòt moun. Nou aprann nan fè bagay pou lòt moun rann nou kontan. Nou aprann lè nou fè sa Jezi kòmande nou fè pi enpòtan pase nenpòt lòt bagay materyèl nou kapab genyen sou tè sa a. Nou aprann sèvi lòt moun yo pi enpòtan pase panse sèlman apwopo pwòp tèt nou. Lè nou fè sakrifis volontèman, nou jwenn tou Papa nou ki nan Syèl ban nou benediksyon, pi bon lontan pase sa nou te abandone a.

Sakrifis pou lòt yo ede nou konprann pi byen sa Jezi te fè pou nou. Li te renmen nou ase, pou l bay vi l pou nou. Lè n ap fè sakrifis pou Papa nou ki nan Syèl la oubyen pou lòt moun, nou renmen yo plis. Nou kòmanse vin emab epi plis sanble Jezi ak Papa nou ki nan Syèl la.

Gen anpil byen, pa yon move bagay. Pafwa, Papa nou ki nan Syèl la ban nou bagay sa yo pou n kapab ede lòt moun. Men li difisil pou nou pa renmen byen nou yo ak lajan nou paske nou travay di pou nou genyen yo. Kèk nan bagay sa yo nesesè pou nou viv. Men nou pa dwe twò renmen bagay sa yo avèk lajan nou posede tèlman pou nou pa bay sa Papa nou ki nan Syèl la bezwen pou ede lòt pitit li yo.

Tout manm Legliz Jezikri a ta dwe fè sèvis Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi bagay ki pi enpòtan nan vi yo. Nou montre nou renmen Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi plis pase byen nou yo, lè nou fè sa dirijan Legliz Jezikri yo mande nou fè. Nou ta dwe sakrifye tan nou, pou ede yo anseye epi sèvi lòt yo. Pou nou kapab diy pou nou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la, nou dwe gen dezi pou n bay tout bagay nou genyen pou ede travay Jezi a, si se sa l mande nou pou n fè.

Jezi te pwomèt gwo benediksyon pou moun ki obeyi epi sèvi l. Li te di nou pa kapab imajine bagay mèveye, n ap resevwa pita, si nou sakrifye nou pou travay li a kounyeya.

***Referans***

*Jezi te sakrifye vi l pou nou*

- Lik 9:57–62 (Obeyi Jezi pi enpòtan pase nenpòt lòt bagay nan lavi nou.)
- Jan 15:12–13 (Jezi te montre pi gran lanmou li pou nou nan bay vi l pou ou)

*Sakrifis se yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou*

- Jenèz 22:1–14 (Yo te mande Abraram pou l ofri pitit gason l lan Izaak an sakrifis.)
- Matye 4:18–20 (Jezi te rele Pyè ak Andre pou vin disip li.)
- Women 12:1 (Nou ta dwe itilize tan nou pou n sèvi Papa nou ki nan Syèl la.)

*Nou kapab gen pou nou sakrifye kèk bagay pou travay Jezi a*

- D&A 64:23 (Se yon tan pou sakrifis.)
- D&A 97:8 (Papa nou ki nan Syèl la aksepte moun ki gen dezi pou fè sakrifis pou li.)

*Sakrifis pote benediksyon ki pa kapab soti nan okenn lòt fason*

- Matye 19:29 (Jezi pwomèt gwo benediksyon pou moun ki te sakrifye yo pou sekirite levanjil la.)
- Lik12:16–34 (Nou ta dwe chèche an premye wayòm Papa nou ki nan Syèl la anvan bagay nan mond sa a.)

# JOU ADORASYON AN

*Chapit 24*

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou, pou n itilize yon jou chak semèn pou adore l. Nou resevwa anpil benediksyon lè nou santifye jou sa a.*

**Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon jou adorasyon pou l kapab ede nou**

Papa nou ki nan Syèl la konnen nou gen anpil pwoblèm. Nou dwe fè anpil travay chak jou. Nou dwe travay pou nou jwenn manje ak rad. Nou dwe prepare manje epi fè kèk lòt ti djòb chak jou.

Avèk tout bagay sa yo pou nou fè, li fasil pou nou bliye Papa nou ki nan Syèl la. Li fasil tou pou nou bliye sa Papa nou ki nan Syèl la mande nou pou nou fè. Nou reflechi sou bezwen chak jou nou yo pase nou reflechi sou Papa nou ki nan Syèl la.

Papa nou ki nan Syèl la konnen nou bezwen tan pou nou reflechi sou li. Nou bezwen tan pou n aprann sa li vle nou fè. Poutèt sa, li te di nou pou nou pase yon jou nan semèn nan pou nou pran repo nan travay nou yo epi aprann konsènan li.

Papa nou ki nan Syèl la te kreye tè a pa Jezikri nan sis peryòd tan. Li te rele peryòd tan sa yo jou. Nan setyèm jou a, li te pran repo nan travay kreyasyon tè a. Li te di nou, nou ta dwe pran repo nou yon jou chak semèn de travay chak jou nou yo.

**Papa nou ki nan Syèl la te di nou ki jou se jou adorasyon an**

Papa nou ki nan Syèl la te di moun nan tan lontan yo pou itilize setyèm jou nan semèn nan kòm jou adorasyon an. Jou sa a te pou ede moun yo sonje, apre l te fin kreye tè a, li te repoze nan setyèm jou a.



*Dimanch se yon jou adorasyon.*

Apre Jezi te fin mouri, li te resisite premye jou nan semèn nan. Disip Jezi yo te itilize premye jou nan semèn nan kòm jou adorasyon, pou ede moun yo sonje epi onore jou rezirèksyon Jezi a. Nou rele jou sa a, jou Senyè a. (Pafwa yo rele Jezi, Senyè.) Nou rele l tou, jou Saba a. Konsa se yon jou diferan nou sèvi nan tan ansyen, li toujou yon jou nan sèt. Nou toujou fè travay pa nou nan sis jou chak semèn. Epi sou setyèm jou a nou adore Papa nou ki nan Syèl la.

Nan epòk pa nou, laplipa moun itilize premye jou nan semèn nan, ki se dimanch, kòm jou adorasyon an. Nan kèk ka Papa nou ki nan Syèl la te di pwofèt li pèp li nan kèk peyi kapab itilize yon lòt jou kòm jou adorasyon an.

**Nou kapab kenbe jou Senyè a sen**

Gen anpil bagay nou ta dwe fè nan jou Senyè a. Bagay ki pi enpòtan nou kapab fè a se reflechi sou Papa nou ki nan Syèl la epi Jezi pandan jou a. Nou ta dwe reflechi sou bagay yo vle nou konnen epi fè. Kèk bagay nou kapab fè nan jou adorasyon an k ap ede nou sonje epi aprann konsènan Papa nou ki nan Syèl la se:

1. Etidye ekriti yo ki anseye apwopo Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi.
2. Ede lòt moun yo aprann apwopo Legliz la.
3. Anseye fanmi nou yo apwopo Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi epi apwopo sa yo vle nou fè.
4. Asiste reyinyon Legliz yo avèk klas yo kote nou kapab aprann ansanm apwopo levanjil la. Nou kapab aprann istwa apwopo Jezi ak lòt ansèyman levanjil yo, epi nou kapab pale youn avèk lòt apwopo bagay Papa nou ki nan Syèl la te fè pou nou.
5. Repoze nan travay nou fè nan lòt jou nan semèn nan.
6. Priye.
7. Vizite moun ki malad, epi ede yo santi yo pi byen.
8. Ekri kèk bagay ki pase nan fanmi ou, pou nou kapab sonje yo pita.

Manm Legliz Jezikri yo dwe pran sentsèn, nan jou adorasyon an. Yo ta dwe prepare tèt yo pou pran l lè y ap panse reflechi sou Jezi ak bagay li te fè pou nou. Yo ta dwe mande Papa nou ki nan Syèl la pou ede yo sonje Jezi. Lè yo pran sentsèn, yo ta dwe sonje pwomès sakre, yo te fè. Yo ta dwe reflechi sou bagay Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt yo si yo obeyi Jezi.

Gen anpil bagay nou pa ta dwe fè nan jou adorasyon an. Nou pa ta dwe travay. Nou pa ta dwe fè fanmi nou, sèvant nou, oubyen zannimo nou yo

travay. Nou pa ta dwe li bagay, gade pwogram sou televizyon, oubyen tande mizik k ap fè nou sispann reflechi sou Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi. Nou pa ta dwe al nan evenman espòtif. Nou pa ta dwe achte oubyen vann anyen. Bagay sa yo kapab sanble enpòtan, men yo p ap ede nou reflechi sou Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri nan jou sakre sa a.

Kapab gen lè nou dwe travay nan jou adorasyon an, men nou ta dwe eseye pou n pa fè l. Lè travay toutafè nesesè, nou ta dwe reflechi sou Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri, pandan n ap travay la.

***Diskisyon***
- Kisa nou ta dwe fè nan jou Adorasyon an?
- Kisa nou pa ta dwe fè nan jou Senyè a?

**Papa nou ki nan Syèl la beni nou poutèt nou santifye jou Saba a**
Objektif jou adorasyon an te toujou menm. Se yon jou repo nan travay nou fè chak jou. Se yon jou pou n aprann konsènan Papa nou ki nan Syèl la, epi prepare pou nou viv avè l, se yon jou pou nou amelyore lavi nou nan aprann plis konsènan sa Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè.

Jou sa a bon pou nou. Li ede nou sonje Papa nou ki nan Syèl la ak rezon nou isit sou tè a. Lè nou fè bagay Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè nan jou Senyè a, nou resevwa benediksyon. Fanmi nou vin pi kontan, kò nou vin fre. Nou vin pi pre Papa nou ki nan Syèl la ak ansèyman l yo. N ap kapab santi enfliyans Sentespri a pi fò pandan semèn nan. Paske nou te obeyisan, Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou jwenn manje, rad, ak lòt bagay nou bezwen. L ap ede nou aprann plis apwopo li epi vin kontan.

***Diskisyon***
- Kisa kèk nan rezon nou ta dwe santifye jou adorasyon an kòm yon jou sen?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon jou adorasyon pou l kapab ede nou*

- Jenèz 2:2–3 (Papa nou ki nan Syèl la te repoze nan travay li yo nan setyèm jou a.)
- Egzòd 20:8 (Papa nou ki nan Syèl la kòmande nou pou nou santifye jou adorasyon an.)
- Egzòd 35:1–3 (Nou pa ta dwe repoze nou jou adorasyon an.)
- Mak 2:27 (Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon jou adorasyon pou ede nou.)

- Mozya 18:23 (Nou ta dwe santifye jou repo a.)

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou ki jou se jou adorasyon an*

- Ak 20:7 (Apot yo te pran sentsèn nan premye jou nan semèn nan.)
- 1 Korentyen 16:2 (Moun yo te prepare pou adore premye jou a.)

*Nou kapab santifye jou Senyè a*

- Egzòd 20:9–10 (Papa nou ki nan Syèl la di nou, nou pa dwe travay nan jou saba a.)

*Papa nou ki nan Syèl la beni nou poutèt nou santifye Jou Saba a sen*

- Ezayi 58:13–14 (Papa ki nan Syèl la ap beni nou lè nou kenbe jou adorasyon sen.)

# LWA CHASTETE A

*Chapit 25*

*Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon pouvwa sakre pou n fè timoun. Li te di nou kòman pou nou itilize pouvwa sa a. Si nou byen itilize l, nou kapab vin kontan anpil.*

**Papa nou ki nan Syèl la te di nou pou nou fè timoun, epi obeyi lwa chastete a**

Apre Adan ak Èv te fin marye, Papa nou ki nan Syèl la te di yo pou yo fè pitit. Li te di Adan avèk madanm li, Èv pou yo fè pitit pou espri nan syèl yo kapab vin sou latè epi resevwa kò fizik yo. Yon kò fizik, se pi gran kado Papa nou ki nan Syèl la te ban nou. Papa nou ki nan Syèl la gen yon kò fizik, epi li vle pitit li yo vin tankou l.

Pouvwa pou n gen pitit la sakre anpil. Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon lwa ki montre nou kòman pou nou itilize pouvwa sa a. Lwa sa a rele lwa chastete. Li di nou ta dwe gen relasyon seksyèl sèlman avèk moun nou marye legalman an. Sa vle di, nou pa dwe gen relasyon seksyèl anvan nou marye, epi apre nou fin marye, nou ta dwe gen relasyon seksyèl sèlman avèk mari oubyen madanm nou.

Fè avòtman oubyen pran yon timoun san l poko fèt nan vant manman l pou l ka mouri, oubyen touye yon timoun pandan l toujou nan vant manman l, bagay sa yo pa bon, amwenke gen sikonstans espesyal ki bezwen bonjan konsiderasyon ak lapriyè ak èd evèk oubyen prezidan branch lan. Nou pa ta dwe ede pèsonn moun fè avòtman.

Paran yo se moun ki ta dwe anseye pitit yo lwa chastete a. Paran yo ta dwe anseye yo kò yo sakre epi yo pa ta dwe kite pèsonn moun kèk

kote nan kò yo. Yo ta dwe korije move ide ak move pawòl pitit yo a pran nan lòt moun.

Pandan timoun yo ap grandi, yo ta dwe anseye yo Papa nou ki nan Syèl la te ba yo pouvwa pou yo fè pitit epi li bon anpil pou yo ta itilize pouvwa sa a apre maryaj yo. Lè pitit nou yo rive nan laj douz oubyen trèzan, nou ta dwe deja ede yo konprann kòman timoun fèt. Nou bezwen itilize anpil teknik pou n anseye yo depi lè yo tou piti yon fason pou nou pwoteje yo kont mal oubyen fo ansèyman yo.

***Diskisyon***
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la ban nou pouvwa pou nou fè pitit?
- Kisa lwa chastete a ye?
- Kisa nou ta dwe anseye timoun nou yo konsènan kò yo?

**Satan vle nou kraze lwa chastete a**
Satan vle bloke retou nou kote Papa nou ki nan Syèl la. Satan vle nou kraze lwa chastete a. Li vle nou panse pouvwa pou n fè pitit la pa sakre. Li vle nou panse, kraze lwa chastete a pa yon peche.

Satan itilize fason ki entelijan pou l pèsyade nou kraze lwa sa a. Li eseye fè nou panse, kite moun wè oubyen manyen kò nou pa anyen. Satan vle nou gen move panse. Li pouse nou gade imaj, sinema, ak danse ki tante nou vin pa chas. Li pouse nou tou pou n patisipe nan dans, tande istwa, blag ak mizik ki tante nou pou n pa chas. Satan vle nou fè bagay sa yo pou kò nou pa sanble sakre e konsa n ap itilize pouvwa pou nou fè pitit la nan yon move fason.

Pafwa santiman nou yo koz Satan tante nou. Satan konnen lè nou sèl, twouble, oubyen pa kontan. Li chwazi moman feblès sa yo pou fè nou kraze lwa chastete a. Li vle nou panse nou gen dwa itilize pouvwa pou fè pitit la nenpòt fason nou vle itilize l. Li eseye fè nou panse, anyen p ap pase nou si nou kraze lwa chastete a.

Papa nou ki nan Syèl la kapab ban nou fòs pou n reziste anba tantasyon Satan. Li pa vle nou wè move bagay oubyen panse movèz. Li te pwomèt li p ap bay Satan dwa pou tante nou plis pase sa nou kapab sipòte. Li te prepare yon mwayen pou nou pou n simonte tantasyon.

Nou kapab priye Papa nou ki nan Syèl la pou ede nou reziste anba Satan. Lè nou priye, Papa nou ki nan Syèl la ap voye Sentespri a pou ede nou. Sentespri a ap ede nou sonje kò nou sakre e pouvwa fè pitit la sakre.

Sentespri a ap ede nou pou n pa itilize pouvwa sa a nan yon move kondisyon. L ap ede nou chwazi bon bagay pou n gade ak li epi panse. L ap ede nou sonje kraze lwa chastete a ap rann nou tris epi obeyi lwa chastete a ap fè nou kontan.

***Diskisyon***

- Poukisa Satan vle nou kraze lwa chastete a?
- Kisa nou kapab fè pou nou reziste anba tantasyon Satan?
- Kòman Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou obeyi lwa chastete a?

**Kraze lwa chastete a se yon peche trè grav**

Relasyon seksyèl ki bon e ki pi, se lè yo fèt ant yon mari ak yon madanm ki renmen epi youn respekte lòt. Sa a se fason Papa nou ki nan Syèl la ban nou pou nou fè timoun. Se yon fason tou pou yon mari ak madanm yo eksprime lanmou yo youn pou lòt epi vin pi pwòch youn ak lòt nan santiman yo. Men gen relasyon seksyèl andeyò maryaj, se yon peche trè grav.

Kraze lwa chastete a fè nou pa kontan. Lè nou reyalize nou pa t obeyi Papa nou ki nan Syèl la nou santi nou koupab epi wont. N ap reyalize nou te itilize pouvwa sakre li te ban nou an nan yon move kondisyon epi nou fè lòt yo pa kontan. Kraze lwa chastete a kapab lakòz yon timoun k ap fèt san l pa nan yon fanmi.

De peche sèlman pi grav pase kraze lwa chastete. Se nye Sentespri a ak ansasinay. Moun ki kraze lwa chastete a kapab jwenn padon. Papa nou ki nan Syèl la te di si yo gen fwa nan Jezi epi repanti pou peche nou yo, l ap padone yo. Moun ki kraze lwa chastete a epi ki pa repanti p ap kapab viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Moun yo vyole oubyen abize seksyèlman yo pa koupab nan kraze lwa chastete a.

Padon kapab vini sèlman gras ak fwa nan Jezi ak repantans. Nou dwe reyalize nou te peche epi reyèlman gen regrè pou move bagay nou te fè a. Nou dwe sispann fè bagay mal la epi konfese peche a bay Papa nou ki nan Syèl la, moun nou te blese a, epi otorite kòrèk prètriz nou (evèk, prezidan branch, prezidan pye, oubyen prezidan misyon). Papa nou ki nan Syèl la te di l ap padone moun ki gen fwa nan Jezi, konfese peche yo bay Papa nou ki nan Syèl la epi otorite kòrèk prètriz yo epi repanti sensèman. Tout moun ki pa fè tout bagay sa yo pa repanti sensèman epi yo p ap padone.

*Diskisyon*
- Poukisa kraze lwa chastete a se yon peche trè grav?
- Kisa kapab rive nou si nou kraze lwa chastete?
- Poukisa nou ta dwe obeyi lwa chastete?
- Kisa nou dwe fè pou nou repanti nou si nou kraze lwa chastete?

**Obeyi lwa chastete a fè nou kontan**
Lè nou obeyi lwa chastete a, nou montre yon bon egzanp pou pitit nou yo suiv. Nou konnen Papa nou ki nan Syèl la kontan avèk nou lè nou obeyi li. Lè nou obeyi li, moun nan fanmi nou yo konnen nou renmen yo epi nou pa gen okenn rezon pou n santi nou koupab oubyen wont. Nou vin plis tankou Papa nou ki nan Syèl la. Papa nou ki nan Syèl la beni nou ak timoun nou yo, oubyen timoun n ap genyen yo, lè nou obeyi lwa chastete a.

Itilizasyon pouvwa Papa nou ki nan Syèl la te mete nan kò nou an nan maryaj pote bonè. Pou yon koup ki marye, gen relasyon seksyèl kapab pote bonè. Li kapab rapwoche yo ansanm avèk santiman lanmou fèm. Timoun k ap fèt yo se yon benediksyon Papa nou ki nan Syèl la. Konsa pafwa timoun lakòz anpil pwoblèm ak tristès pou paran yo, men yo pote nou gran jwa. Kèk nan gran bonè nou konnen nan vi nou ap vini pandan timoun nou yo ap grandi, aprann, marye, epi gen pwòp pitit pa yo.

*Diskisyon*
- Ki benediksyon nou resevwa lè nou obeyi lwa chastete?
- Poukisa nou pi kontan lè nou obeyi lwa chastete pase lè nou pa obeyi l?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou pou n fè pitit epi obeyi lwa chastete*

- Jenèz 1:28 (Papa nou ki nan Syèl la te kòmande Adan ak Èv pou fè pitit.)
- Egzòd 20:14 (Papa nou ki nan Syèl la te kòmande nou pou nou pa fè adiltè.)
- Levitik 20:10–23 (Papa nou ki nan Syèl la pini moun ki kraze lwa chastete epi beni moun ki obeyi li.)
- 1 Korentyen 6:19 (Kò nou yo sakre.)
- Mowoni 9:9 (Chastete pase tout lòt bagay.)

*Satan vle nou kraze lwa chastete*

- Matye 5:27–28 (Nou pa ta dwe menm fè move bagay.)
- 1 Korentyen10:3 (Papa nou ki nan Syèl la ap ban nou pouvwa pou nou reziste anba tantasyon.)

- Alma 12:14 (Nou ta dwe panse epi di bagay ki byen.)

*Kraze lwa chastete se yon peche trè grav*

- Pwovèb 6:25–32 (Kraze lwa chastete ap fè nou tris.)
- Ezayi 1:16–18 (Papa nou ki nan Syèl la ap padone moun ki repanti yo.)
- 1 Korentyen 6:9 (Moun ki komèt adiltè pa kapab ale nan wayòm Papa nou ki nan Syèl la.)
- Alma 39:5 (Sèlman de peche pi gran pase kraze lwa chastete.)

*Obeyi lwa chastete a fè nou kontan*

- Galat 5:16–24 (Papa nou ki nan Syèl la ap beni moun ki obeyi lwa chastete a.)
- Tit 2 (Viv jis fè nou kontan.)

# ONÈTETE

*Chapit 26*

*Papa nou ki nan Syèl la onèt nan tout sa l ap fè. Èske l vle nou onèt tou?*

**Papa nou ki nan Syèl la di nou pou nou onèt nan tout sa n ap fè**
Pou nou onèt vle di, di laverite. Pou n onèt vle di, pa manti, pa vòlè. Lè nou di bagay ki pa vre, nou manti lè nou di sèlman yon pati nan verite a, nou manti. Lè nou fè moun kwè nan yon bagay ki pa vre, nou pa onèt.

Vòlè se pran yon bagay ki pou yon lòt moun, san l pa ban nou l. Pran yon bagay nan yon boutik san w pa peye, se vòlè. Papa nou ki nan Syèl la di nou pa vòlè.

Yon moun onèt travay di pou tout lè y ap peye l la. Yon patwon onèt peye moun k ap travay pou li yo dapre travay yo bay la. Yon moun onèt fè bon pri pou sèvis oubyen bagay l ap vann. Nou dwe onèt si nou vle viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Satan eseye pèsyade nou pou n pa onèt. Lè nou pa onèt ditou, nou suiv Satan. Satan renmen manti. Satan vle nou panse li byen bon pou n malonèt. Li eseye fè nou panse n ap kontan lè nou malonèt. Li vle nou panse vin pa onèt se pa yon peche. Satan vle nou malonèt, konsa n ap malere.

Papa nou ki nan Syèl la te anseye nou onèt tou. Li tris lè nou manti. Li vle nou konnen manti toujou pa bon. Lè nou malonèt, li toujou pa bon epi li fè nou malere.

Kèk moun vòlè bagay paske yo panse yo gen dwa genyen yo. Kèk jèn moun triche lekòl pou yo resevwa pi bon nòt oubyen paske lòt etidyan fè l. Kèk moun manti pou lòt yo kapab panse byen de yo. Okenn nan rezon

sa a pa fè vòlè oubyen bay manti yon bagay nòmal. Lè nou bay eskiz pou manti, nou pa onèt.

*Diskisyon*

- Kisa onètete ye?
- Kimoun n ap suiv lè nou onèt?

**Nou kapab onèt nan tout san n ap fè**

Nou kapab onèt lè nou gen kouraj pou nou di laverite menm lè li difisil pou nou fè l. Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou vin onèt si nou mande l. L ap voye Sentespri a ede nou chwazi pou n onèt. Sentespri a ap ede nou konnen vin onèt se pi bon bagay pou n fè.

Lè nou konprann ansèyman Jezi yo, n ap vle onèt nan tout sa n ap fè. Jezi te anseye nou, nou se pitit Papa nou ki nan Syèl la, e nou tout se frè ak sè. Li te anseye nou kapab reyèlman kontan sèlman lè nou onèt. Nou p ap anpè avèk tèt nou si nou gen yon bagay lakay nou ki pa pou nou. Li anseye nou tou, si nou gen fwa nan li, repanti, epi reyèlman onèt, nou kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la epi vin kontan pou toutan.

Lè nou konprann tout bagay sa yo, nou kòmanse vle vin onèt. Nou pa vle bay lòt moun manti. Nou vle fè Papa nou ki nan Syèl la plezi, konsa nou kapab retounen al viv avèk li. Nou vle admèt fot nou yo epi korije yo pou Papa nou ki nan Syèl la padone nou.

*Diskisyon*

- Si nou te bay menm yon ti manti, poukisa nou ta dwe repanti?
- Kòman n kapab vin onèt nan tout sa n ap fè?
- Kòman Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou vin onèt?

**Vin onèt fè nou kontan**

Lè nou onèt, nou santi nou byen. Papa nou ki nan Syèl la kontan avèk nou. Nou pa santi nou koupab. Nou santi nou byen paske nou konnen nou pa gen anyen pou n kache lòt moun yo. Nou pa gen sousi, lòt moun ap konnen nou te bay manti.

Lè nou onèt, nou vin tankou Papa nou ki nan Syèl la. Nou konnen n ap prepare pou retounen al viv avèk li. Lè nou onèt, lòt moun gen konfyans nan nou. Lè nou onèt, Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou fè bagay nou vle fè ki byen.

***Diskisyon***

- Kòman n santi n lè nou onèt?
- Kòman mond lan tap sanble, si tout moun te onèt?

***Referans***

- Egzòd 20:15–26, Matye 19:18 (Papa nou ki nan Syèl la di nou pou n pa vòlè oubyen bay manti.)
- Pwovèb 19:5 (Moun ki manti pa kapab chape anba pinisyon.)
- Jan 8:44, 2 Nefi 2:18 (Satan se Papa tout manti, li vle nou vin tris.)
- Ak 5:1–10 (Papa nou ki nan Syèl la pini moun ki bay manti.)
- Filipyen 4:8 (Kèlkeswa bagay ki byen ak onèt, nou ta dwe eseye fè l.)
- Ebre 6:18 (Papa nou ki nan Syèl la pa bay manti.)

# PAWÒL SAJÈS LA

*Chapit 27*

*Youn nan pi gran benediksyon Papa nou ki nan Syèl la te ban nou, se kò fizik nou yo. Li te ban nou yon lwa sante pou ede nou pran swen kò nou. Kisa w konnen konsènan lwa sante sa a?*

**Kò nou sakre**
Yon rezon enpòtan nou vini sou tè a, se pou nou resevwa yon kò fizik. Nou bezwen kò pou n vin tankou Papa nou ki nan Syèl la. Sèlman avèk kò fizik nou kapab aprann bagay nou bezwen konnen pou n vin tankou l. Nou kapab gen pitit. Nou kapab resevwa òdonans nesesè pou nou retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. San kò, nou pa tap kapab fè bagay sa yo.

Paske espri nou yo viv nan kò nou, kò a sakre. Lè nou gen fwa nan Jezikri, epi eseye obeyi li, Papa nou ki nan Syèl la voye Sentespri a avèk nou. Sentespri a pa kapab rete avèk nou si nou pa obeyisan epi pa pran swen kò nou.

Lè nou mouri, espri nou kite kò nou. Lè Jezi te mouri espri li te kite kò li. Apre twa jou, espri li te rantre nan kò li epi li te resisite. Jezi te gen pouvwa pou retounen alavi, akòz sakrifis li a pou nou, noumenm tou, n ap resisite apre nou mouri. Espri nou ak kò nou ap reyini ansanm ankò. Jezi te konnen nou tap bezwen gen yon kò fizik imòtèl pou n vin tankou Papa nou ki nan Syèl la, epi viv pou toutan avèk l.

Papa nou ki nan Syèl la vle nou pran byen swen kò nou. Si nou byen pran swen kò nou, nou kapab gen sante epi gen fòs pou n fè lòt bagay li vle nou fè. Nou tout dwe deside si n ap byen pran swen kò no, oubyen fè bagay k

ap blese yo. Nou konnen kò nou enpòtan pandan vi sa a ak apre vi sa a. Nou ta dwe gen dezi pou n byen pran swen yo. Papa nou ki nan Syèl la pa kontan, lè nou pa pran swen kò nou.

Paran yo espesyalman ta dwe anseye pitit yo, kò yo se yon don sakre Papa nou ki nan Syèl la, epi eksplike yo poutèt kisa kò yo tèlman enpòtan. Lè timoun yo konprann poukisa li enpòtan pou n byen pran swen kò nou, yo p ap vle suiv tantasyon Satan yo.

***Diskisyon***

- Poukisa nou gen kò fizik?
- Poukisa kò nou yo sakre?
- Poukisa l enpòtan pou nou anseye pitit nou yo enpòtans pran swen kò yo?

**Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon lwa sante**

Papa nou ki nan Syèl la te di nou kèk nan bagay ki bon pou kò nou epi kèk nan bagay ki pa bon pou yo. Sa ekri nan ekriti yo epi li rele Pawòl Sajès la.

Papa nou ki nan Syèl la te revele Pwofèt Joseph Smith Pawòl Sajès la. Se yon lwa. Nou dwe obeyi lwa sa a pou n gen kò avèk lespri nou fò.

Pawòl Sajès la anseye nou sa ki bon pou kò nou yo. Nou dwe manje bagay epi bwè sèlman bagay ki bon pou kò nou yo. Nou ta dwe manje fwi, legim ak grenn. Nou ta dwe manje yon kantite ki pwòp nan manje sa yo epi pa manje anpil. Nou pa ta dwe manje anpil vyann.

***Diskisyon***

- Ki manje ki bon pou kò nou?
- Kisa repo ak egzèsis gen pou fè avèk lwa sante Papa nou ki nan Syèl la?
- Kòman nou ta dwe kenbe kò nou pwòp?

**Papa nou ki nan Syèl la te di nou kisa ki pa bon pou kò nou**

Papa nou ki nan Syèl la konnen Satan ap eseye pèsyade nou pou nou mal itilize kò nou. Papa nou ki nan Syèl la te di nou kèk bagay ki pa bon pou kò nou. Bwè alkòl pa bon pou kò nou. Papa nou ki nan Syèl la te kòmande nou pou n pa bwè byè, likè, ak lòt bwason ki gen alkòl. Bagay sa yo kapab fè nou malad, epi malere nan kay nou. Lè yon moun bwè bagay sa yo li pa kapab panse byen. Bwason sa yo toujou kondi moun pou chwazi move bagay, bay manti, pèdi lajan yo, epi kraze lwa chastete. Lè yon fanm ansent bwè alkòl, li kapab afekte timoun nan vant li a. Moun ki bwè alkòl kapab gen anpil pwoblèm.

Papa nou ki nan Syèl la te di nou tabak pa bon pou kò nou yo. Nou pa ta dwe fimen, oubyen chike tabak. Nèg syans yo te pwouve tabak lakòz malade epi kapab afekte timoun ki nan vant.

Papa nou ki nan Syèl la te di nou, pou n pa bwè kafe ak te. Nou pa ta dwe bwè kafe ak te paske yo gen move sibstans. Nou pa ta dwe itilize dwòg, eksepte nan medikaman doktè ban nou.

Papa nou ki nan Syèl la te di nou, alkòl, tabak, ak kèk sibstans kapab ede nou, si nou konnen kòman pou n itilize yo byen. Li te di alkòl dwe sèvi sèlman pou lave kò nou. Tabak kapab sèvi pou geri blesi sou betay ki malad. Kèk sibstans kapab ede tretman nou lè nou malad. Men anvan nou eseye itilize bagay sa yo, nou ta dwe aprann apati moun ki konnen yo poukisa pou n itilize yo, epi kòman pou n itilize yo. Si nou itilize yo nan yon move kondisyon, yo kapab nuizib.

Nou pa ta dwe pran anyen nan kò nou, ki pa bon pou nou. Pawòl Sajès la di nou kèk nan bagay ki pi nuizib yo. Se yon lwa enpòtan.

Pawòl Sajès la pa di nou tout bagay nou pa ta dwe itilize. Nou ta dwe konprann nenpòt bagay ki nuizib pou kò nou oubyen lespri nou, menm si li pa mansyone nan Pawòl Sajès la, nou pa ta dwe itilize l. Nou dwe pran swen kò nou nan lòt fason, tankou lave yo souvan pou nou kenbe yo pwòp epi fè ase egzèsis ak pran repo.

***Diskisyon***

- Kòman nou fè konnen kèk bagay pa bon pou kò nou?
- Kisa kèk bagay nou pa ta dwe pran nan kò nou?

**Gwo benediksyon soti nan obeyisans Pawòl Sajès la**

Si nou obeyi Pawòl Sajès la, Papa nou ki nan Syèl la ap beni kò nou yo, pou n vin pi fò pase jan l t ap ye si nou pa t obeyi kòmandman sa a. N ap pi kapab fè travay li a isit sou tè a. Li te di, si nou obeyi lwa sa a, n ap kapab mache san nou pa janm fatige epi kouri san nou pa febli. Sa a se yon gwo benediksyon.

Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pou beni nou avèk anpil sajès ak konesans si nou obeyi Pawòl Sajès la. Sentespri a ap revele nou anpil bagay enpòtan, nou pa tap konnen lòt fason. Satan p ap gen pouvwa sou nou. Si nou obeyi Pawòl Sajès la, n ap gen plis sante epi prepare pou lavi etènèl avèk Papa nou ki nan Syèl la.

***Diskisyon***

- Ki benediksyon nou resevwa lè nou obeyi Pawòl Sajès la?

***Referans***

*Kò nou sakre*

- 1 Korentyen 3:16–17 (Sentespri a kapab avèk nou.)

*Papa nou ki nan Syèl la te ban nou yon lwa sante*

- Jij 13:13–14 (Yo te kòmande manman Samson pou l pa manje oubyen bwè kèk bagay, pou Samson te vin yon timoun an sante.)
- Ezayi 5:11–12 ak Pwovèb 20:1(Diven ak lòt alkòl pa bon pou nou.)
- D&A 89:5–17 (Kèk manje ak bwason bon pou nou, kèk lòt pa bon.)

*Gwo benediksyon soti nan obeyisans Pawòl Sajès la*

- Danyèl 1:8–17 (Danyèl ak konpayon li te manje fwi ki te bon pou yo, epi konsa yo te vin gen plis sante ak pi saj pase sa ki te manje manje ki pa t nourisan yo.)
- D&A 89:1–4, 18–21 (Lis benediksyon Pawòl Sajès la.)



*Jene ak priye pote benediksyon.*

# DIM AK OFRANN

*Chapit 28*

*Kisa dim ak ofrann ye, epi kòman Papa nou ki nan Syèl la beni nou lè nou bay volontèman?*

**Papa nou ki nan Syèl la te di nou pou nou peye dim**

Dim se yon dizyèm nan lajan ak lòt bagay nou genyen. Papa nou ki nan Syèl la te di moun lontan yo pou peye ladim. Abraram, Jakòb, ak anpil lòt te obeyi kòmandman sa a.

Si nou genyen oubyen resevwa lajan, nou dwe bay yon dizyèm ladan l kòm dim. Si nou gen zannimo oubyen rekòt, nou kapab peye dim tou. Nou bay yon dizyèm nan rekòt yo oubyen yon dizyèm nouvo zannimo ki te fèt nan ane a. Si posib, olye nou bay legliz la rekòlt ak zannimo, nou ta dwe vann yo epi bay legliz la lajan an. Nou peye evèk la oubyen prezidan branch lan dim nou. Si nou pa konnen konbyen nou ta dwe bay, nou ta dwe mande evèk nou yo oubyen prezidan branch yo pou ede nou konprann lwa dim nan.

Lè nou peye dim, nou ede pwopaje levanjil la atravè mond lan. Dim itilize pou konstui batiman legliz yo, enprime liv yo, epi peye pou lòt bagay vrè Legliz Jezi a bezwen.

Menm timoun ta dwe peye dim. Y ap aprann fè sa lè yo wè paran yo peye dim. Si yo kòmanse peye dim lè yo jèn, y ap vle peye l lè yo vin gran epi gen pwòp fanmi yo.

***Diskisyon***

- Konbyen nou ta dwe peye kòm dim?
- Kòman nou kapab anseye pitit nou yo pou peye dim?

**Nou montre lanmou pou Papa nou ki nan Syèl la lè nou peye dim**
Nou ta dwe peye dim volontèman pou Papa nou ki nan Syèl la aksepte l epi beni nou pou li. Nou ta dwe peye dim paske nou vle peye l.

Si nou pa gen dezi pou peye dim, nou ta dwe reflechi sou tout benediksyon Papa nou ki nan Syèl la te ban nou. Lè nou peye dim volontèman, nou montre nou renmen Papa nou ki nan Syèl la ak lòt moun.

***Diskisyon***
- Li 2 Korentyen 9:6–7.
- Poukisa li enpòtan pou ban volontèman?

**Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pou beni nou si nou peye dim**
Papa nou ki nan Syèl la kontan lè nou peye dim nou. Li te pwomèt pou beni nou si nou peye l. Li te di l ap tèlman ban nou anpil benediksyon, nou p ap konnen sa pou n fè avèk yo. Li te di tou nou p ap detwi avèk mechan yo si nou peye dim volontèman.

Papa nou ki nan Syèl la ap beni nou pou nou konnen l pi byen. L ap beni nou pou n konnen plis apwopo levanjil l. L ap ban nou plis fòs pou viv ansèyman levanjil la chak jou epi ede fanmi nou yo viv levanjil la. Sa fè l kontan tou, lè n ap ede lòt moun aprann apwopo levanjil la.

Lè nou peye dim nou, nou aprann jere lajan nou yo pi byen epi vin mwen egoyis. Nou ta dwe met dim nou apa an premye nan reveni nou yo, e konsa n ap jwenn Papa nou ki nan Syèl la ap beni nou pou n kapab jere rès la pou nou jwenn ase pou bezwen nou yo.

***Diskisyon***
- Ki twa benediksyon nou resevwa nan peye dim?

**Nou ede lòt moun lè nou peye ofrann jèn yo**
Antanke manm legliz la, nou jene yon jou chak mwa. Sa vle di nou pa manje de repa. Nou pa manje ni bwè pandan vennkatrè. Nou kwè jene ede espri nou vin fò.

Papa nou ki nan Syèl la te di nou pou n bay ofrann ki rele ofrann jèn. Ofrann sa a ta dwe sa n te gen pou n depanse pou repa nou pa t manje nan jou nou te jene a. Nou ta dwe bay pliske sa si nou kapab. Papa nou ki nan Syèl la ap beni nou si nou fè sa. Ofrann sa yo itilize pou jwenn manje, kay,

rad ak lòt bagay pou moun ki nan bezwen yo. Lè nou peye ofrann jèn, nou montre lanmou pou pwochen nou yo.

Nou bay evèk oubyen prezidan branch lan ofrann jèn nou, epi li itilize lajan an pou ede pòv ak moun ki bezwen èd espesyal yo. Papa nou ki nan Syèl la te di si nou ede pòv, l ap beni nou. L ap reponn priyè nou yo epi ede nou lè nou bezwen èd. L ap ede nou konprann levanjil la pi byen epi toujou gide nou.

Legliz la itilize dim ak ofrann yo:

1. Pou anseye lòt yo levanjil la.
2. Pou bati epi pran swen tanp yo, chapèl yo ak lòt batiman legliz yo.
3. Pou enprime liv leson yo ak lòt bagay moun legliz yo bezwen pou aprann apwopo levanjil epi fè travay Papa nou ki nan Syèl la.
4. Pou ede moun ki pa kapab pran swen tèt yo.

***Diskisyon***

- Kòman nou kapab montre Papa nou ki nan Syèl la gratitid nou pou tout benediksyon li te ban nou yo?
- Kòman peye ofrann jèn fè nou kontan?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou pou nou peye dim*

- Jenèz 14:2; Ebre 7:1–10 (Abraram te peye Mèlkizedèk dim.)
- Jenèz 28:20–22 (Jakòb pwomèt pou l bay yon dizyèm nan sa Papa nou ki nan Syèl la te ba li.)
- 2 Korentyen 31:5–6; 12; Neemi 10:37–39 (Pitit Izrayèl yo te peye dim ak ofrann.)

*Nou montre lanmou pou Papa nou ki nan Syèl la lè nou peye dim*

- Malachi 3:8–10 (Si nou pa peye dim ak ofrann, nou vòlè Papa nou ki nan Syèl la.)
- 2 Korentyen 9:6–7 (Nou ta dwe bay yon don volontèman pou fè Papa nou ki nan Syèl la plezi.)

*Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pou beni nou si nou peye dim*

- Jenèz 14:19–20 (Papa nou ki nan Syèl la te beni Abraram poutèt li te peye dim.)

- Malachi 3:10 (Papa nou ki nan Syèl la ap beni nou avèk plis benediksyon pase sa nou bezwen.)

*Nou ede lòt moun yo lè nou peye ofrann jèn*

- Ezayi 58:6–11 (Papa nou ki nan Syèl la te mande nou pou nou fè byen pou lòt moun yo nan ba yo bagay yo bezwen.)

# SOVE FANMI NOU YO

*Uityèm Pati*





*Fanmi yo kapab ansanm pou letènite.*

# FANMI YO ENPÒTAN

*Chapit 29*

*Poukisa Papa nou ki nan Syèl la te planifye pou nou viv an fanmi isit sou tè a?*

**Papa nou ki nan Syèl la te planifye pou nou viv an fanmi**
Fanmi nou isit sou tè a se tankou fanmi selès nou. Nou te fè pati yon fanmi selès anvan nou te vin sou tè a. Nou te pitit espri Bondye, ki se Papa nou ki nan Syèl la. Li renmen epi gen enterè nou. Li vle pi meyè bagay pou nou epi li vle tou pou nou retounen vin viv avèk li yon jou.

Papa nou ki nan Syèl la te mete premye fanmi an ansanm, lè li te marye Adan avèk Èv. Sa te fèt konsa pou pitit espri Papa nou ki nan Syèl la yo kapab resevwa yon kò fizik. Li te di yo pou yo bay pitit yo bagay yo te bezwen. Li te di yo tou pou anseye pitit yo levanjil la epi ede yo resevwa òdonans levanjil yo.

Papa nou ki nan Syèl la te mete nou nan fanmi pou plizyè rezon.

Premyèman, nou resevwa nan men paran nou yo yon kò fizik. Nou bezwen yon kò fizik pou nou aprann bagay nou bezwen fè pou n kapab viv avèk Papa nou ki nan Syèl la pou toutan.

Dezyèmman, fanmi yo kapab founi bagay nou bezwen sou tè sa a. Paran yo kapab founi manje, rad, kay, lanmou ak lòt bagay nesesè pou pitit yo. Pita timoun yo kapab pran swen paran yo, lè yo twò granmoun pou yo pran swen pwòp tèt yo.

Twazyèmman, paran yo kapab anseye pitit yo levanjil Jezikri a. Yo kapab anseye yo obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la. Epi yo kapab asire yo timoun yo resevwa òdonans Jezi te di nou bezwen resevwa yo.

*Diskisyon*

- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la òganize nou pou n vin sou tè a an fanmi?
- Kiyès ki te premye fanmi ki te vin sou tè a?
- Kisa Papa nou ki nan Syèl la te planifye pou fanmi nou ta fè pou nou?

**Papa nou ki nan Syèl la vle pou manm fanmi nou yo, youn renmen lòt**

Fanmi nou isit sou tè a kapab menmjan ak fanmi selès nou yo te ye nan syèl la. Fanmi an kapab santi lanmou k ap fè youn vle ede lòt epi fè ak di bon bagay, youn sou lòt.

Mari ak madanm nan yon fanmi, youn ta dwe renmen lòt. Yo ta dwe janti epi youn ta dwe ede lòt. Yo pa ta dwe di oubyen fè anyen k ap fè lòt la tris.

Paran yo ta dwe renmen pitit yo. Yo ta dwe anseye pitit yo pou youn renmen lòt. Yo ta dwe anseye pou youn ede epi pran swen lòt.

Timoun yo ta dwe renmen paran yo. Yo ta dwe respekte, obeyi, epi ede paran yo.

*Diskisyon*

- Li Efezyen 4:29–32.
- Kòman n kapab ede manm fanmi nou yo, youn renmen lòt?
- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la vle manm fanmi nou yo, youn renmen lòt?

**Bagay ki pi enpòtan nou kapab fè se travay pou nou gen yon fanmi ki jis epi ki kontan**

Travay pou n ka gen yon fanmi ki jis, se bagay pi enpòtan nou kapab fè. Pa gade kalte siksè nou gen nan fè lòt bagay, si nou pa anseye fanmi nou pou renmen epi obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la, nou rate devwa ki pi enpòtan nou an. Pafwa pitit nou yo kapab chwazi pou yo pa renmen epi obeyi Papa nou ki nan Syèl la, men nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou anseye timoun nou yo chemen li yo. Papa nou ki nan Syèl la p ap rann yo responsab pou bagay mal pitit yo fè si paran yo fè posib yo pou anseye pitit yo kòrèkteman. Paran yo echwe sèlman lè yo sispann eseye vin bon paran.

Fanmi nou yo kapab ban nou pi gran bonè nan vi sa a. Nou fè pi byen lè nou travay avèk dilijans pou elve pitit nou yo pou vin bon manm legliz epi pou vin bon sitwayen nan peyi kote y ap viv la.

Fanmi se pati ki pi enpòtan nan legliz. Papa nou ki nan Syèl la te òganize legliz li a pou ede fanmi yo fè tout sa yo bezwen fè pou retounen jwenn li. Legliz la vle ede chak fanmi pou ret ansanm pou toutan.

Satan konnen konbyen fanmi enpòtan nan plan Papa nou ki nan Syèl la. Li eseye fè nou fè bagay k ap kraze inite fanmi nou yo.

***Diskisyon***

- Ki enpòtans fanmi n gen pou nou?

**Papa nou ki nan Syèl la te di nou kòman pou nou gen yon bon fanmi**

Nou tout vle gen yon fanmi ki bon epi ki kontan. Men kèk bagay k ap ede fanmi an:

1. Fanmi an ta dwe priye ansanm matan ak aswè.
2. Paran yo ta dwe priye ansanm chak jou.
3. Paran yo ta dwe anseye pitit yo levanjil.
4. Fanmi yo ta dwe li ekriti yo ansanm chak dimanch.
5. Fanmi yo ta dwe ale nan reyinyon legliz yo ansanm chak jou.
6. Fanmi an tan dwe jene ansanm yon fwa pa mwa, timoun ansanm avèk yo tou, lè yo gen laj ase pou jene epi konprann bi jèn nan.
7. Fanmi an ta dwe rankontre ansanm chak semèn pou yon reyinyon fanmi ki rele sware familyal, pou rakonte bon bagay fanmi an te fè. Yo ta dwe diskite kòman pou yo rezoud nenpòt pwoblèm yo genyen. Nan reyinyon sa a, yo kapab chante tou, fè yon leson, aprann kèk vèsè nan ekriti yo, fè jwèt epi fè yon bagay espesyal pou yo manje oubyen bwè.
8. Fanmi yo ta dwe travay epi li ansanm.
9. Manm fanmi yo ta dwe janti epi pasyan youn avèk lòt.
10. Fanmi an ta dwe konsève istwa sou bagay yo fè.

Si nou sonje priye poukont nou epi an fanmi, Papa nou ki nan Syèl la ap pwòch avèk nou. L ap tande priyè nou yo epi reponn yo nan yon fason k ap pi bon pou nou.

***Diskisyon***

- Kisa kèk bagay nou kapab fè pou nou gen yon bon fanmi?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la te planifye pou nou viv an fanmi*

- Matye 19:3–8 (Papa nou ki nan Syèl la te planifye pou mari yo ak madanm yo toujou rete marye.)

*Papa nou ki nan Syèl la vle manm fanmi nou yo, youn renmen lòt*

- Jenèz 2:21–24 (Papa nou ki nan Syèl la te kreye Adan ak Èv, epi li te fè yo mari ak madanm.)

*Bagay pi enpòtan nou kapab fè se travay pou nou gen yon fanmi ki kontan epi ki jis*

- Efezyen 5:25 (Mara a dwe renmen madanm li.)
- Efezyen 6:1 (Timoun yo dwe obeyi paran yo.)
- Tit 2:4 (Madanm yo dwe renmen mari yo.)
- Mozya 4:14–15 (Paran yo dwe pran swen pitit yo epi anseye yo kòman pou yo viv jis.)

*Papa nou ki nan Syèl la te di nou kòman pou nou gen yon bon fanmi*

- 1 Korentyen 13:1–7 (Yo pale nou sou enpòtans lanmou.)
- Efezyen 6:4 (Yo te kòmande Papa yo pou yo pa fè pitit yo vin ankolè.)

# DEVWA NOU POU EDE MANM FANMI NOU YO

*Chapit 30*

*Kòman chak manm fanmi bay èd nan rann fanmi an kontan?*

**Chak manm nan fanmi an enpòtan**
Pou nou gen yon fanmi eman ak jwaye, sa mande travay. Papa nou ki nan Syèl la te ban nou responsablite pou anseye moun nan fanmi an. Chak manm fanmi ta dwe sèvyab, ge, epi emab pou lòt yo. Lè n ap priye, travay, chante, ak jwe ansanm, fanmi nou yo kapab kontan.

Gen lanmou pou lòt manm nan fanmi nou yo fè li fasil pou nou fè bagay Papa nou ki nan Syèl la vle nou fè. Lè nou renmen fanmi nou, nou vle fè tout sa nou kapab pou ede yo. Menm bagay ki di pou n fè, vin pi fasil si nou fè yo avèk lanmou. Li pran tan avèk travay pou n vin yon bon manm nan fanmi nou.

***Diskisyon***
- Kòman chak manm nan fanmi an ede nou fè kay la yon kote ki pi ge?
- Poukisa chak manm nan fanmi an enpòtan?

*Papa nou ki nan Syèl la te bay paran yo responsablite espesyal*

Papa ak manman ta dwe travay ansanm pou pran swen pitit yo epi ba yo sa yo bezwen. Yo ta dwe anseye pitit yo levanjil la tou. Yo ta dwe anseye yo priye epi obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la.

Papa ak manman ta dwe konprann, pafwa timoun yo ap fè move chwa menm apre yo fin anseye yo sa ki byen an.

Lè timoun yo fè move bagay, paran yo pa ta dwe sispann eseye ede yo. Paran yo ta dwe kontinye renmen epi anseye pitit yo. Yo ta dwe bon egzanp tou pou yo epi jene ak priye pou yo.



*Fanmi yo kapab vin pi fò lè yo travay ansanm*

Paran yo ta dwe founi fanmi yo kèk bagay:

1. Yo ta dwe renmen pitit yo epi anseye pitit yo pou renmen lòt yo.
2. Yo ta dwe anseye pitit yo levanjil la.
3. Yo ta dwe anseye manm fanmi yo kòman priye.
4. Yo ta dwe anseye pitit yo pou peye dim ak ofrann lè y ap peye pwòp dim ak ofrann pa yo.
5. Yo ta dwe anseye pitit yo kòman pou yo travay.
6. Yo ta dwe founi yo yon kay pwòp, rad avèk manje.
7. Yo ta dwe asire yo, pitit yo aprann li, ekri, epi fè matematik debaz, lè yo voye yo lekòl oubyen anseye yo lakay yo.
8. Yo ta dwe fè tout sa yo kapab pou pitit yo kapab aprann yon pwofesyon epi vin prepare pou touche ase lajan pou bagay yo bezwen.
9. Yo ta dwe montre pitit yo kòman pou yo depanse lajan avèk sajès, epi ekonomize lajan pou sa y ap bezwen nan lavni.
10. Yo ta dwe ede pitit yo ou amelyore talan ak kapasite yo. Se kapab bagay tankou kapasite pou anseye, jwe mizik, chante, fè reparasyon oubyen konprann bezwen lòt yo.

Paran yo ta dwe gen dezi pou travay di pou ede pitit yo. Papa nou ki nan Syèl la te di paran yo ta dwe asire yo pitit yo, youn trete lòt byen epi yo gen manje avèk rad.

Menm si paran yo malad, pèdi travay yo, oubyen gen lòt pwoblèm, yo ta dwe planifye davans pou jwenn bagay sa yo. Yo kapab fè sa lè yo ekonomize lajan ak lè yo sere manje anplis rad ak gaz kote yo pèmèt sa.

***Diskisyon***
- Kisa paran yo kapab fè pou satisfè bezwen fanmi yo?
- Kisa paran yo kapab fè pou prepare yo pou lè yo gen pwoblèm?

*Papa a gen yon responsablite espesifik*

Papa a se dirijan prètriz fanmi an. Papa a ta dwe dirije fanmi li avèk amou ak jantiyès. Li ta dwe montre fanmi li kòman pou l viv kòmandman Papa nou ki nan Syèl la lè limenm li viv yo. Li ta dwe anseye fanmi l levanjil la tou. Li ta dwe rele fanmi an ansanm pou priyè familyal maten ak aswè. Madanm li ta dwe ede l fè bagay sa yo.

Papa a ta dwe itilize prètriz li a pou beni fanmi l yo. Li kapab bay timoun piti li yo yon benediksyon ak yon non. Li kapab batize yo lè yo gen laj

uitan. Li kapab òdone pitit gason l yo nan prètriz la epi bay pitit li yo benediksyon espesyal lè yo bezwen. Li kapab beni yo lè yo malad.

Papa a ta dwe pase tan avèk chak pitit li yo separeman. Li ta dwe pale avèk yo epi aprann konprann bezwen yo ak sousi yo. Li ta dwe di yo, yo kapab toujou vin jwenn li pou èd avèk nenpòt pwoblèm yo kapab genyen.

***Diskisyon***

- Ki responsablite Papa a?
- Kòman l kapab itilize prètriz li genyen an pou ede fanmi li?

*Manman an gen responsablite espesifik*

Youn nan responsablite pi enpòtan yon manman se bay timoun nesans, pran swen yo epi anseye yo. Bay pitit espri Papa nou ki nan Syèl la kò fizik se yon devwa sakre. Lè yon manman fè sa, li se yon asosye avèk Papa nou ki nan Syèl la. Bay timoun nesans se youn nan pi gran nan tout benediksyon yo.

Yon manman ta dwe eman. Li ta dwe ede anseye chak timoun levanjil la. Li bezwen ede epi travay avèk chak timoun. Yon manman ta dwe fè chak nan pitit li yo santi l enpòtan epi li ta dwe ede yo konprann bagay ozalantou yo. Li ta dwe travay tankou yon asosye avèk mari l pou fè bagay sa yo.

Liv Mòmon an rapòte yon gwoup jèn gason jis ki te obeyi ansèyman manman yo. Manman jèn gason sa yo te anseye yo pou yo onèt, brav, epi jis. Manman yo te anseye yo tou Papa nou ki nan Syèl la t ap ba yo sekirite si yo te gen fwa nan Jezi. Jèn gason sa yo te gen pou yo vin Sòlda pou defann tè yo. Paske timoun sa yo t ap viv ansèyman manman yo epi te gen fwa, yo te gen kouraj pou fè devwa yo anfas gwo danje. Tout manman kapab gen gwo enfliyans nan lavi pitit yo.

***Diskisyon***

- Ki responsablite manman an?
- Poukisa yo rele yon manman yon asosye avèk Papa nou ki nan Syèl la?

*Lè gen sèlman yon paran*

Pafwa yon papa oubyen yon manman konn rete poukont li pou elve yon fanmi epi li dwe fè travay yo toude. Papa nou ki nan Syèl la konnen sa difisil pou fè. Si yon moun konsa, nou rele paran sèl, li mande Papa nou ki nan Syèl la, Papa nou ki nan Syèl la ap ede moun sa a pran swen fanmi li.

Yon paran sèl kapab jwenn tou èd enstriktè nan fwaye yo. Enstriktè nan fwaye yo se manm legliz, ki gen pou tach veye sou lòt manm legliz yo.

***Diskisyon***
- Kimoun ki kapab ede paran sèl yo?

*Timoun yo tou gen responsablite espesifik*

Timoun yo tou ta dwe ede paran yo fè kay yo a yon kote ki ge. Timoun yo ta dwe ede paran yo netwaye kay la avèk zòn ozalantou yo. Yo kapab prepare manje pou fanmi an, lave asyèt yo epi lave rad. Yo kapab tou ede pran swen frè ak sè yo ki pi piti.

Timoun yo ta dwe fè anpil efò pou aprann bagay paran yo anseye yo. Yo ta dwe aprann travay di epi fè travay yo byen. Yo ta dwe aprann fè tach yo ba yo pou yo fè.

Timoun yo ta dwe obeyi kòmandman Jezi yo. Yo ta dwe ede lòt manm nan fanmi yo. Papa nou ki nan Syèl la pa kontan lè timoun yo ap batay. Papa nou ki nan Syèl la te di timoun yo pou obeyi epi montre respè pou paran yo.

Timoun yo ta dwe renmen paran yo. Yo ta dwe obeyi epi respekte yo. Yo ta dwe tou pran swen yo lè yo malad oubyen lè yo vin granmoun, yo pa ka pran swen pwòp tèt yo.

***Diskisyon***
- Kisa Papa nou ki nan Syèl ap atann pou timoun yo fè?
- Kisa timoun yo ta dwe fè pou paran yo, lè yo vin granmoun?
- Kisa timoun yo ta dwe fè pou obeyi ak montre respè pou paran yo?

**Bezwen pou ranfòse fanmi yo**

Nan mond lan jodi a, anpil move moun ap eseye chanje ide nou yo konsènan fanmi. Televizyon, sinema, ak magazin yo montre anpil ide fo epi etranj konsènan gason ak fi ak kòman y ap aji youn avèk lòt. Yo anseye move lide sa yo nan pwogram yo fè pou yon moun ri ak distrè yo. Yo montre nou, non respè pou lwa chastete a se yon bagay ki eksitan epi gi dezirab. Yo montre nou timoun yo ki pa respekte paran yo. Nou wè moun k ap pase fanmi ki bon yo nan betiz. Pafwa timoun nou yo pa janm wè nan televizyon oubyen nan sinema kisa yon vi nan yon fwaye ki byen sanble reyèlman.

Paran yo ta dwe pwoteje timoun yo pou yo pa al nan sinema epi gade televizyon k ap montre bagay sa yo. Yo ta dwe anseye pitit yo poukisa yo

pa ta dwe gade move pwogram sa yo oubyen sinema. Pi enpòtan nan tout, Paran yo ta dwe toujou trase bon egzanp nan pwòp fwaye yo. Si timoun yo wè yon bon egzanp chak jou lakay yo, y ap vin bon timoun e pita, y ap vin bon paran. Si yo wè paran yo montre lanmou youn pou lòt, y ap vle vin kalite paran sa a.

***Diskisyon***

- Poukisa nou ta dwe chwazi swayezman bagay nou otorize pitit nou gade nan televizyon oubyen nan sinema?

**Papa nou ki nan Syèl la vle nou ede youn lòt**

Chak manm fanmi an ta dwe renmen epi ede lòt. Nou aprann ede lòt yo, lè nou ede anpremye, paran nou yo, frè nou yo ak sè nou yo. Nou ta dwe ede fanmi nou yo tou lè yo bezwen èd. Nou pa ta dwe mande lòt yo pou ede nou, toutotan nou kapab jwenn li poukont nou. Si nou fè sa, Papa nou ki nan Syèl la p ap kontan avèk nou.

Jezi te renmen tout moun, epi li te vin sou tè a pou ede nou. Li te anseye nou pou renmen epi ede tout moun. Lè nou renmen lòt yo tankou Jezi, n ap fè tout sa n kapab pou ede yo.

Kèk nan nou mande Papa nou ki nan Syèl pou ede moun ki bezwen èd, epi apre nou pa fè anyen noumenm pou ede yo. Sa pa byen. Nou dwe sonje Papa nou ki nan Syèl la ede lòt yo pa noumenm. Nou ta dwe premyèman priye pou moun ki bezwen èd epi ede yo noumenm nan nenpòt fason nou kapab.

Nou tout bezwen èd nan men lòt moun. Lè nou piti, paran nou yo nouri nou, ban nou rad, pran swen nou. Pandan n ap grandi, lòt moun anseye nou bagay nou bezwen konnen epi fè. Anpil nan nou bezwen èd lòt yo lè nou malad.

Lè nou ede lòt moun nou resevwa benediksyon. Kapasite pou n renmen ap grandi, n ap vin mwen egoyis, epi pwòp pwoblèm nou yo sanble mwen serye. Papa nou ki nan Syèl la te di moun ki vle viv avèk li yo dwe renmen epi ede tout pitit li yo.

***Diskisyon***

- Poukisa Papa nou ki nan Syèl la vle epi bezwen nou ede lòt yo?
- Kiyès k ap benefisye èd nou a?

***Referans***

*Chak manm fanmi nou enpòtan*

- Egzòd 20:12; Efezyen 6:1 (Yo di nou pou onore paran nou yo.)
- 2 Nefi 1:14–32; Alma 36–42 (Pwofèt Liv Mòmon yo te enstui pitit yo pou yo fè sa ki byen.)
- Mozya 4:14; D&A 68:25–28 (Paran yo ta dwe founi bagay ki nesesè pou pitit yo epi anseye yo, pou yo vin jis.)
- 2 Timote 3:1–4 (Pral gen anpil mechanste nan dènye jou yo, epi nou dwe prepare.)

*Papa nou ki nan Syèl la vle nou ede youn lòt*

- Lik 22:27; Matye 2:26–27; Jan 13:15–16 (Jezi bay egzanp vrè sèvis la.)
- Kolosyen 3:18–20 (Manm fanmi yo gen responsablite youn anvè lòt.)
- Mozya 2; Kolosyen 3:23–24; Matye 25:32–46 (Moun k ap sèvi lòt yo, se Papa nou ki nan Syèl la y ap sèvi.)



*Jezi te kòmande Apot li yo pou anseye levanjil la nan tout mond lan.*

# DEVWA NOU POU NOU PRECHE LEVANJIL LA

*Chapit 31*

*Kòman nou kapab ede tout pitit Papa nou ki nan Syèl la tande levanjil la?*

**Papa nou ki nan Syèl la vle tout pitit li yo konnen levanjil la**
Papa nou ki nan Syèl la renmen tout pitit li yo. Nou chak enpòtan pou li, epi yo chak kapab vin tankou l. Li vle nou retounen al viv avèk li epi gen menm bonè avèk glwa li genyen an.

Papa nou ki nan Syèl la gen yon plan pou ede nou chak retounen vin viv avèk li. Plan an, rele levanjil Jezikri a. Lè nou etidye levanjil la, nou aprann konbyen nou enpòtan. Nou aprann poukisa nou isit sou tè sa a. Nou aprann tou kibò nou prale lè nou mouri. Nou aprann sa nou dwe fè pou nou retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la.

Jezikri se frè espri nou. Li se pitit gason espri premye ne Papa nou ki nan Syèl la. Li te vin sou latè kòm sèl fis inik Papa nou ki nan Syèl la nan lachè. Li tèlman renmen nou, li te soufri epi mouri pou nou. Li te anseye sa Papa nou ki nan Syèl la vle nou konnen epi fè. Li te òganize Legliz li a pou ede nou. Li te bay gason sou latè yo prètriz li a pou yo kapab fè travay li a.

Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, se sèl legliz ki gen prètriz Papa nou ki nan Syèl la avèk vrè plan li a. Papa nou ki nan Syèl la vle tout moun aprann plan li a epi aksepte li. Òdonans nan vrè legliz la nesesè pou nou retounen viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Papa nou ki nan Syèl la te di chak manm legliz li a pou pale lòt yo konsènan levanjil li a. Tout pwofèt yo depi Adan te itilize plis tan yo nan anseye lòt yo levanjil la. Yo te di nou chak manm legliz ta dwe yon misyonè. Se yon pati

nan pwomès nou te fè lè nou te batize. Nou te pwomèt pou pale moun yo konsènan Jezi nenpòt lè nou kapab.

***Diskisyon***
- Poukisa tout moun ta dwe tande levanjil la?
- Kimoun ki gen responsablite pou preche levanjil la?

Chak fanmi nan legliz la ta dwe konprann enpòtans pou ansèye levanjil la. Nou konnen kòman plan levanjil la enpòtan. Nou ta dwe gen ase sousi pou lòt yo pou n fè nenpòt sa nou kapab pou ede yo konpran plan Papa nou ki nan Syèl la.

Manm fanmi yo kapab fè anpil bagay pou ede lòt yo aprann konsènan levanjil la. Kèk nan bagay sa yo se:

1. Fè bon bagay pou lòt yo.
2. Di lòt yo nou kontan paske ou obeyi ansèyman levanjil la.
3. Eksplike zanmi ak vwazen ou yo levanjil la. Envite yo ale avèk nou nan reyinyon legliz yo.
4. Envite moun vin lakay ou asiste sware familyal oubyen lè misyonè yo kapab anseye yo.
5. Bay misyonè yo non avèk adrès zanmi oubyen fanmi nou yo, ki ta kapab vle aprann apwopo levanjil la.
6. Anseye timoun yo enpòtans sèvi yon misyon. Ede yo ekonomize lajan pou ale nan misyon.
7. Peye dim nou.
8. Fè don lajan pou fon misyonè a.

***Diskisyon***
- Reflechi sou yon fason pou nou pale yon moun ki pa manm legliz la konsènan Legliz la.
- Kisa fanmi nou kapab fè pou ede lòt moun aprann apwopo levanjil la?

**Fanmi ou kapab vin yon pati enpòtan nan travay misyonè legliz la**
Legliz nou an te voye milye misyonè pou anseye levanjil la nan anpil peyi. Laplipa yo se jèn moun ant 19 ak 25 an. Granmoun yo tou sèvi kòm misyonè. Yo se manm legliz fidèl ak obeyisan ki gen dezi pou sèvi Papa nou ki nan Syèl la.

Gen bezwen pi plis misyonè. Fanmi nou kapab patisipe nan travay enpòtan sa a, nan prepare manm fanmi yo pou ale nan misyon. Paran yo kapab ede

pitit yo jwenn temwayaj sou levanjil la epi aprann kòman pou eksplike lòt moun levanjil la. Yo kapab anseye pitit yo renmen moun tout kilti yo. Paran yo ta dwe prepare yo tou pou ale nan misyon, lè pitit yo fin gran.

Anpil moun poko tande levanjil la. Kèk nan yo viv nan peyi kote misyonè poko janm kapab ale. Moun sa yo dwe gen opòtinite tande epi aksepte levanjil la. Papa nou ki nan Syèl la ap founi yon mwayen pou sa fèt. Nou ta dwe priye pou dirijan peyi sa yo kapab pèmèt misyonè yo antre epi anseye pèp yo a.

***Diskisyon***
- Kòman fanmi nan Legliz la te ranpli responsablite yo pou anseye tout moun levanjil la?
- Poukisa yo toujou bezwen plis misyonè jodi a?

*Gwo benediksyon ap vini sou moun ki pale lòt yo apwopo levanjil la*

Papa nou ki nan Syèl la ap beni nou si nou sousye anpil pou pale lòt moun yo apwopo levanjil la. L ap beni nou poutèt nou obeyi kòmandman yo ak pou jwa nou pote pou moun ki aksepte levanjil la. Li te di nou n ap kontan si nou ede youn nan pitit li yo sèlman aprann levanjil la epi retounen jwenn li. Jwa nou ap menm vin pi gran anpil nan ede pitit li yo retounen jwenn li.

***Diskisyon***
- Ki benediksyon nou jwenn lè nou bay lòt moun levanjil la?
- Èske ou te fè eksperyans nenpòt nan benediksyon sa yo?

***Referans***

*Papa nou ki nan Syèl la vle tout pitit li yo konnen levanjil la*

- Matye 24:14 (Levanjil la ta dwe preche nan tout nasyon.)
- Mak 16:15–16 (Jezi te di Apot li yo pou anseye tout moun levanjil la.)
- Ak 5:42 (Apot lontan yo te anseye tout moun yo te kapab levanjil la.)

*Fanmi ou kapab patisipe nan travay misyonè enpòtan legliz la*

- 1 Timote 4:12 (Jèn moun yo kapab yon egzanp pou lòt yo.)
- Mozya 4:15 (Anseye pitit nou yo pou youn renmen lòt.)

*Gwo benediksyon ap vini sou moun ki pale lòt moun apwopo levanjil la*

- D&A 18:15–16 (N ap gen gran jwa avèk moun nou ede aksepte levanjil la.)



*Tanp nan Portland, Oregon, Etazini Damerik.*

# VIV TANKOU FANMI POU TOUTAN

*Chapit 32*

*Kòman fanmi yo kapab ansanm pou toutan, menm apre vi sou tè a?*

**Bondye te planifye pou fanmi yo ansanm pou toutan**
Fanmi se gwoup ki pi enpòtan sou tè a. Fanmi terès nou sanble ak fanmi selès nou te genyen an. Nou tout te frè ak sè nan syèl. Nou te pitit Bondye. Bondye te dirijan fwaye selès nou. Nou te resevwa swen, emab avèk gid nan men Papa nou ki nan Syèl la.

Bondye te voye nou chak nan yon fanmi isit sou tè a. Li te bay paran yo responsablite pou pran swen chak pitit li yo pandan yo isit sou tè a. Paran yo ta dwe renmen pitit yo, epi founi yo manje, rad ak yon fwaye. Yo ta dwe anseye pitit yo konsènan Bonsye ak kòman yo kapab vin tankou l.

Bondye te rann li posib pou fanmi yo ansanm pou toutan. Li te bay dirijan legliz li a otorite pou lye fanmi yo ansanm pou toutan. Lyen ansanm sa a rele sèlman. Sèlman sa a kapab fèt sèlman nan yon tanp. Tanp yo se batiman sakre kote sèlman manm legliz ki fidèl kapab ale. Lè yon gason ak yon fi sele nan tanp pa yon moun ki gen prètriz la epi ki gen pouvwa espesyal pou sele, maryaj yo a ap dire pou toutan si yo kenbe pwomès yo te fè nan tanp lan. Sa rele maryaj etènèl.

Si yon gason ak yon fi pa sele nan tanp, maryaj la fini lè youn nan yo mouri. Si nou sele nan tanp epi si nou fidèl nan suiv Jezikri jis nan fen lavi nou, fanmi yo kapab rete ansanm pou toutan.

Yon koup marye kapab ale nan tanp pou sele si yo se patizan fidèl Jezi. Kote sa a yon detantè prètriz, ki gen otorite espesyal kapab sele yo ansanm. Li kapab sele pitit yo avèk yo tou. Apre yo fin sele ansan, yo kapab ansanm pou toutan, menm jan tankou yo te marye nan tanp depi nan kòmansman.

Bondye vle tout pitit li yo planifye pou yo sele nan yon tanp epi vin yon fanmi ki obeyisan. Paran yo ta dwe gide pitit yo pou yo kapab prè pou ale nan tanp epi sele, lè y ap marye. Si yon gason ak yon fi te sele nan tanp, tout pitit yo fè aprè sèlman an, ap sele avèk yo otomatikman.

***Diskisyon***
- Kòman Bondye te rann posib pou nou ret avèk fanmi nou pou toutan?
- Poukisa li enpòtan pou nou sele nan tanp?

**Sèlman manm fidèl legliz la kapab antre nan tanp lan**
Tanp yo se kote ki sakre. Sèlman manm legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo ki montre fwa yo nan Jezikri nan obeyi kòmandman yo gen dwa pou antre ladan yo. Moun sa yo vin diy pou antre nan tanp. Anvan yon moun antre nan tanp, li dwe gen omwen ennan kòm manm nan legliz la. Gason yo dwe gen Prètriz Mèlkizedèk.

Pou wè si yo diy pou y al nan tanp, gason avèk fi yo dwe pale avèk evèk oubyen prezidan branch lan. Si evèk la oubyen prezidan branch lan jwenn moun nan diy, l ap bay moun nan yon papye siyen yo rele rekòmandasyon tanp. Konsa yon manm nan prezidans pye a oubyen prezidan misyon an dwe entèvyouwe moun nan. L ap siyen tou nan rekòmandasyon tanp lan si li jwenn moun nan diy. Moun nan dwe ale ak rekòmandasyon tanp lan nan tanp lan pou l kapab antre nan tanp.

Kesyon sa yo se menm avèk kesyon evèk oubyen prezidan branch lan ap mande yon fason pou deside si yon manm Legliz la diy pou ale nan tan:

1. Èske ou kwè nan Bondye, Pitit Gason l lan Jezikri, ak Sentespri a?
2. Èske ou te janm komèt yon peche grav ou poko konfese bay dirijan prètriz ou yo?
3. Èske ou aksepte Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo kòm pwofèt, vwayan ak revelatè? Èske w aksepte l kòm sèl moun sou tè a ki gen otorite pou itilize tout kle prètriz yo?
4. Èske ou bay Legliz yon dizyèm nan revni ou?
5. Èske ou obeyi Pawòl Sajès la?
6. Èske ou eseye onèt avèk lòt moun?
7. Èske ou fè anpil efò pou fè devwa w nan legliz, nan ale nan reyinyon ou yo epi obeyi kòmandman yo?
8. Èske ou obeyi lwa chastete a?

Antre nan tanp se yon privilèj sakre. Nou dwe diy epi gen dezi pou n obeyi chak pwomès sakre nou fè avèk Bondye nan tanp lan. Nou dwe sonje, sèlman etènèl la ki fèt nan tanp yo sakre. Se sèl fason nou kapab ansanm tankou fanmi pou toutan. Se sèl fason pou nou resevwa tout benediksyon Bondye gen pou nou yo. Li trè enpòtan pou bonè etènèl nou pou n eseye ale nan tanp pou nou sele.

*Diskisyon*
- Kiyès ki kapab antre nan tanp?
- Ki bagay yon moun dwe fè pou kapab diy pou antre nan tanp?
- Poukisa li enpòtan pou n al sele nan tanp?

**Prepare fanmi ou pou viv ansanm pou toutan**
Sele nan tanp rann li posib pou n viv pou toutan tankou yon fanmi. Men gen lòt bagay nou bezwen fè si nou vle resevwa gwo benediksyon sa a. Nou dwe kontinye suiv Jezi fidèlman. Nou dwe kenbe pwomès nou fè nan tanp lan. Nou dwe aprann vin bon manm fanmi yo ki renmen epi sèvi youn ak lòt. Nou dwe priye Bondye, pou Sentespri a kapab ede nou fè bon chwa nan tout sa n ap fè. Nou dwe toujou eseye ede fanmi nou yo vin diy pou viv avèk Bondye.

*Diskisyon*
- Apre sele nan tanp, kisa yon fanmi dwe fè pou yo ka viv ansanm pou toutan?

**Bondye te fè l posib pou nou sove zansèt nou yo**
Plizyè milyon pitit Bondye te mouri san yo pa t gentan tande levanjil li a. Yo pa t resevwa òdonans nesesè pou yo te kapab padone pou peche yo epi gen posiblite viv ankò avèk Bondye. Bondye renmen tout pitit li yo epi li vle yo retounen jwenn li, konsa li te chèche yon mwayen pou fè òdonans levanjil la pou yo. Travay sa a dwe fèt nan yon tanp.

Kèk nan òdonans ki fèt nan tanp pou moun ki mouri yo se batèm, bay don Sentespri a ak sèlman fanmi yo pou letènite. Poutèt òdonans sa yo nesesè pou tout moun ki vle viv avèk Bondye ankò, nou kapab fè travay sa a pou zansèt nou yo.

*Diskisyon*
- Kòman moun ki mouri san yo poko tande levanjil la yo kapab resevwa òdonans nesesè pou yo retounen jwenn Bondye?

- Kimoun ki responsab pou wè òdonans nesesè yo te fèt pou moun ki mouri yo?

***Moun ki vivan fè òdonans pou moun ki mouri***

Gen kèk bagay nou kapab fè pou òdonans yo kapab fèt pou fanmi nou yo ki mouri. Nou bezwen idantifye yo avèk non yo ak dat epi kote yo te fèt epi mouri. Si nou pa kapab jwenn enfòmasyon sa yo, nou ka toujou idantifye yo nan ekri tout sa nou konnen sou yon inite familyal (Yon papa, yon manman ak pitit yo.)

Travay chèche non zansèt nou yo ki mouri ak tout lòt enfòmasyon konsènan yo a rele jeneyaloji oubyen istwa familyal.

Gen de fòm ki rele kat asandans avèk youn ki rele rejis gwoup familyal kote nou kapab ekri enfòmasyon sa a. Se dirijan prètriz nou k ap ban nou kopi fòm sa yo. L ap fè yon moun ede nou ekri enfòmasyon sa a. Apre sa nou kapab voye enfòmasyon nou nan yon tanp, kote y ap fè òdonans yo.

Si youn nan fanmi nou yo k ap viv la pa gen enfòmasyon nou bezwen an, nou kapab jwenn li nan achiv legliz zansèt nou yo te sèvi a, nan simityè, oubyen nan nenpòt kote enfòmasyon an disponib.

Si nou diy, nou kapab ale nan tanp pou fè òdonans sa yo pou pwòp fanmi nou yo. Si nou pa kapab ale nan tanp, lòt moun ap fè òdonans yo pou yo. Nou ta dwe ale nan tanp souvan pou n fè òdonans pou mò yo.

***Diskisyon***

- Kisa ki gen pou fèt anvan nou kapab fè òdonans nan tanp pou zansèt nou ki mouri?
- Ki enfòmasyon yo bezwen pou òdonans sa yo kapab fèt?
- Kimoun ki kapab fè òdonans yo pou zansèt nou yo ki te mouri?

**Istwa pèsonèl yo enpòtan**

Lè nou li sa yon manm nan fanmi nou te ekri konsènan limenm, nou konnen epi renmen moun sa a pi byen. Apre ransèyman konsènan paran nou ki mouri epi fè òdonans pou yo, nou ta dwe ekri yon rejis apwopo pwòp vi pa nou. Nou ta dwe ekri apwopo paran nou yo, nesans nou, ak bagay ki te pase pandan lavi nou. Nou ta dwe ekri tou panse nou yo pou pitit nou yo ak pitit pitit nou yo kapab konnen plis apwopo nou epi vin ankouraje pou fè menm bon bagay nou te fè yo.

Bondye te di Adan pou ekri yon rejis sou lavi l pou pitit li yo. Pwofèt yo tou te ekri rejis konsa epi nou ta dwe fè l tou. Lè nou li rejis Adan ak lòt pwofèt yo te ekri, nou aprann benediksyon yo te resevwa nan men Bondye. Sa ede nou fè sa ki byen. Nou ta dwe ede pitit nou yo kenbe yon rejis sou lavi yo.

***Diskisyon***

- Poukisa Bondye te di pwofèt yo pou kenbe yon rejis sou lavi yo?
- Ki benediksyon pitit nou ak pitit pitit nou kapab jwenn apati rejis pèsonèl nou?

***Referans***

*Bondye te planifye pou fanmi yo ret ansanm pou toutan*

- Matye 18:18 (Sa ki lye sou tè a pa otorite kòrèk la, ap lye nan syèl la.)
- Matye 19:4–6 (Sa Bondye mete ansanm p ap janm separe.)

*Sèlman manm fidèl legliz la l kapab antre nan tanp lan*

- D&A 88:119–21 (Nou dwe repanti pou peche nou yo pou n antre nan tanp.)

*Prepare fanmi nou yo pou viv ansanm pou toutan*

- 1 Pyè 3:1–9 (Mari ak madanm dwe viv ansanm nan amoni.)

*Bondye te fè l posib pou nou sove zansèt nou yo*

- Malachi 4:6 (Moun pral enterese ak zansèt yo menm jan avèk fanmi k ap vin aprè yo.)
- Ebre 11:40 (Nou pa kapab vin pafè san moun ki te mouri anvan nou yo.)

*Moun yo ki vivan fè òdonans pou moun ki mouri*

- 1 Korentyen 15:29 (Moun ki t ap viv nan tan ansyen apot yo te konn batize pou mò yo.)

*Istwa pèsonèl yo enpòtan*

- Malachi 3:16 (Yo te kenbe liv, ladan l non moun ki te renmen Bondye yo, ki te ekri ladan l.)

# DEZYÈM APARISYON JEZIKRI A

*Nevyèm Pati*





*Gen anpil siy ki montre dezyèm aparisyon Jezikri a pwòch.*

# DEZYÈM APARISYON JEZIKRI A

*Chapit 33*

*Jezikri ap vini sou tè a ankò. Kisa kapab siy aparisyon li a, epi kòman nou kapab prepare pou rankontre li lè li vini?*

**Jezi te pwomèt li tap vini sou tè a ankò**
Karant jou apre Jezi te resisite, limenm ak Apot li yo te rankontre sou yon mòn ki rele Mòn Olivye. Lè a te rive pou Jezi te retounen nan syèl. Li te fè tout sa Papa nou ki nan Syèl la te voye l fè. Apot li yo te gade Jezi ki t ap monte nan syèl. Pandan Apot yo t ap gade, de anj te vini epi di yo Jezi tap retounen sou tè a ankò. Depi lè sa a jis kounyeya, moun ki te kwè nan Jezi te toujou ap ret tann retou li. Retou li a rele dezyèm aparisyon Kris.

Nan Dezyèm Aparisyon an, Jezi ap desann soti nan syèl la avèk gwo puisans. L ap netwaye latè ak tout mechanste, epi Satan p ap gen pouvwa ankò sou moun yo. Jezi ap dirije pou mil ane sou tout moun ki te fidèl ak limenm yo.

***Diskisyon***
- Kòman n fè konnen Jezi ap retounen sou tè a ankò?

**Jezi te di nou sa k ap pase anvan li vini**
Jezi te di nou anpil bagay k ap pase anvan li vini ankò. Bagay sa yo rele siy Dezyèm Aparisyon li a. Li te di nou pou nou gade siy sa yo epi prepare nou pou vini li an. Li te di, lè nou wè bagay sa yo ap pase, n ap konnen l ap vini byento. Men nou pa konnen kilè vini li an egzakteman.

Si nou etidye ekriti yo epi rete fidèl, n ap konnen ki siy dezyèm aparisyon Jezi a ap ye. Anpil bagay ap pase anvan Jezi vini sou tè a ankò. Gen kèk ki pase deja, kèk ap pase kounyeya, rès la ap pase nan lavni.

Anvan dezyèm aparisyon Jezi a, levanjil la ap preche nan tout nasyon. Sa ap fè anpil moun kontan epi pote benediksyon pou yo. Lòt bagay k ap pase ap teste fwa nou. Ap gen gwo mechanste, tranblemann tè, ak lòt kalite destriksyon.

*Ap gen gwo twoub sou tè a*

Jezi te di n ap konnen li pre pou li vini, lè nou wè twòp mechanste, lagè, ak soufrans sou tè a. Sa pral yon tan gwo twoub. Ap gen tranblemann tè, gwo loraj, maladi ak famin lagrèl ap detui rekòlt latè.

Anpil moun pral sispann renmen Papa nou ki nan Syèl la epi tounen jwenn Satan. Yo pral sispann renmen ak sèvi lòt moun tou, epi y ap kòmanse fè yo mal. Ap gen anpil gè sou latè. Nasyon yo pral batay youn ak lòt. Gè sa yo pral kontinye jiska yon gran gè final k ap fèt, k ap gè ki pi destriktè ki pa janm fèt sou latè. Lè sa a Jezi ap vini.

*Levanjil la te retabli*

Pwofèt yo te di levanjil la tap retablo sou latè anvan Jezi vini ankò. Levanjil la te retabli grasa Joseph Smith. Tout bagay levanjil la anseye nou bezwen konnen epi fè pou nou ka retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la te tounen jwenn moun sou latè.

Jezi te di nou tap konnen l ap vini byento lè liv Mòmon an fin pibliye al jwenn mond lan. Lontan pase Pwofèt Ezayi ak Ezekyèl te pale konsènan Liv Mòmon an. Liv Mòmon an te tradui pa Pwofèt Joseph Smith nan lang anglè. Depi lè sa a li te vin tradui nan plizyè lang. Y ap bay tout nasyon nan mond lan li anvan Jezi vini.

*Mezon Izrayèl la dwe rasanble ankò*

Papa nou ki nan Syèl la te di desandan mezon Izrayèl yo dwe tande epi aksepte levanjil la epi prepare yo pou rankontre Jezi lè li vini ankò. Moun ki aksepte levanjil la dwe anseye tout moun li, bati tanp epi fè òdonans pou moun ki mouri yo.

Anpil moun nan mezon Izrayèl la keseswa nan san oubyen pa adopsyon, ap konvèti nan Legliz la lè yo aksepte levanjil Jezikri a. Tè sen an te beni pou rasanbleman anpil nan desandan Abraram yo ak pèp yo rele Arab Juif ak lòt yo. Desandan pèp Liv Mòmon nan Amerik la ki se desandan Abraram tou, ap aksepte levanjil la epi vini yon pèp ki fò epi jis.

*Levanjil la pral preche nan tout mond lan*

Jezi te di n ap konnen l ap vini byento lè patizan li yo rive preche levanjil la nan tout mond lan. Depi lè legliz la te retabli a, yo te voye misyonè pou preche levanjil la nan diferant nasyon. Kounyeya anpil misyonè ap preche levanjil la nan prèske tout kote nan mond lan. Yo mande chak manm legliz pou pale fanmi yo ak zanmi yo apwopo levanjil la, epi anpil ale nan lòt peyi pou preche levanjil la, konsa tout moun pral gen opòtinite pou tande l.

*Eli te vini*

Pwofèt Malachi nan Bib la te di, anvan Jezi retounen dezyèm fwa a pwofèt Eli tap vizite tè a. Li tap pote tounen otorite pou sele fanmi yo ansanm pou toutan. Li tap koz moun yo vle aprann konsènan zansèt yo ak desandan yo epi ede yo sove. An avril 1836, Eli te vini epi te retabli otorite sa a bay pwofèt Joseph Smith. Paske Eli te vini, fanmi yo kapab sele kounyeya ansanm nan tanp, sou tè a jodi a.

*Yon nouvo vil Jerizalèm pral bati*

Jezi te di nou pral konnen l ap vini byento lè legliz li a bati yon vil ki rele Nouvo Jerizalèm la. Jezi te di li pral dirije vil sa a, e moun jis pral rete ladan l. Li te di nou ki bò vil sa a pral bati. Se nan Misouri, nan mitan Etazini.

Gen anpil siy k ap montre nou Jezi ap vini byento. Ekriti yo pale nou sou lòt siy yo. Byenke nou wè anpil siy deja nou pa konnen ki lè egzakteman Jezi ap vini ankò.

***Diskisyon***

- Kòman nou fè konnen dezyèm aparisyon Jezi a pwòch?
- Kisa siy dezyèm aparisyon Jezi yo?

**Nou kapab gen lapè ak espwa, menm si mechanste avèk pwoblèm antoure nou**

Nou ta dwe prepare nou pou dezyèm aparisyon Jezi a. Meyè fason pou nou prepare pou dezyèm aparisyon li an se pou obeyi ansèyman l yo chak jou. Nou ta dwe obei tou kòmandman yo ak enstriksyon li bay Prezidan Legliz la pou nou jodi a. Nou ta dwe diy pou n gen Sentespri a avèk nou toutan pou gide panse ak aksyon nou yo. Jezi di si nou prepare lè li vini, nou p ap pè. N ap kontan epi n ap vle avèk li. Bon moun yo p ap detui lè li vini yo pral viv sou tè a, e pitit yo pral grandi san peche. Jezi pral avè yo, a beni yo epi dirije yo.

Lè Jezi vini soti nan syèl la ankò, mechan yo pral detui. Bon moun ki te mouri pral leve nan tonm yo pou rankontre li pandan l ap desann nan syèl la. Mechan yo pral leve nan tonm yo jis apre yon peryòd milan. Peryòd milan sa a, rele Milenyòm.

Lè Jezi t ap viv sou latè, yon ti kras moun te konnen ke limenm Sovè mond lan te vini. Lè Jezi vini ankò, tout moun pral konnen li se Jezikri, pitit gason Bondye, Sovè mond lan.

***Diskisyon***
- Kòman kapab konnen siy dezyèm aparisyon an?
- Kisa k ap pase bon moun sou tè a lè Jezi retounen?
- Kisa k ap pase moun ki mechan yo k ap viv sou tè a lè sa a?

***Referans***

*Jezi te pwomèt li tap vin sou tè a ankò*

- Matye 24:36, 42–44 (Nou pa konnen jou ak lè Jezi ap retounen an.)
- Matye 26:64 (Jezi ap vini nan nyaj syèl la.)
- Jan 14:2–3 (Jezi pwomèt pou l retounen.)
- Ak 1:11 (Zanj yo di apot yo Jezi ap vini ankò.)

*Jezi te di nou sa k ap pase anvan li vini*

- Matye 24 (Yo eksplike siy yo k ap vini anvan dezyèm aparisyon Jezi a.)

*Nou kapab gen pè ak espwa menm si mechanste ak pwoblèm antoure nou*

- Matye 13:40–43 (Mechan yo ap boule, men jis yo ap sove.)
- Zakari 14:9 (Jezi ap dirije tè a lè li retounen.)

# MILENYÒM NAN

*Chapit 34*

*Kisa Milenyòm nan ye? Kòman lavi sou tè a ap sanble pandan Milenyòm nan?*

**Moun jis yo pral viv sou tè a pandan Milenyòm nan**

Lè Jezi vini ankò, li pral dirije mond lan pandan milan. Peryòd tan sa a pral rele *Milenyòm*.

Milenyòm nan se pral yon tan lapè ak jistis. Jezi pral netwaye tè a de peche anvan milenyòm nan kòmanse. Tout mechan yo pral detui. Sèlman moun jis yo pral sove pou viv sou tè a pandan tan sa a. Satan p ap gen pouvwa sou moun ankò jiska lè milenyòm nan pral fini.

Pwofèt Joseph Smith te di moun nan syèl yo pral vizite tè a pandan milenyòm nan. Yo pral ede nan fè travay tanp yo avèk travay misyonè yo.

***Diskisyon***

- Kisa milenyòm nan ye?
- Kiyès k ap viv sou tè a pandan Milenyòm nan?
- Eseye imajine kisa lavi a tap sanble pou viv nan yon kote ki pa gen mechanste.

**De gwo travay pral fèt pandan Milenyòm nan**

Premye gwo travay ki gen pou fèt la se akonpli òdonans nan tanp pou moun ki vivan ak moun ki mouri. Moun ki te resisite yo pral ede moun ki vivan sou tè a pou jwenn non fanmi yo ki te mouri epi korije nenpòt erè nan rejis yo.

Tout òdonans ki nesesè pou sele fanmi yo ansanm pral fèt nan tanp yo. Fanmi yo ap mare soti nan jenerasyon ale nan yon lòt rive jouk nan Adan.

Lòt gwo travay la se preche levanjil. Tout moun pral gen chans pou tande levanjil la epi aksepte l. Kèk bon moun ki pa manm Legliz Jezi a pral toujou rete sou tè a lè milenyòm nan kòmanse. Natirèlman, tout moun pral konnen epi di Jezi se Sovè mond lan.

***Diskisyon***
• Ki de gwo travay ki pral fèt pandan Milenyòm nan?

**Kisa lavi a pral sanble pandan Milenyòm nan**
Pandan Milenyòm nan, tè a pral li te ye an lè Adan ak Èv t ap viv nan Jaden Eden nan. P ap gen lagè, Jezi pral dirije Legliz la ak gouvènman an. Tout lwa pral baze sou prensip ki vrè epi jis. Pral gen de vil prensipal. Youn ap nan Jerizalèm. Lòt la ap Nouvèl Jerizalèm nan, nan Etazini.

Moun yo pral viv ansanm nan lapè ak lanmou. Tout zannimo, menm sa ki lenmi kounyeya pral viv ansanm nan lapè. P ap gen goumen nan mitan yo ankò.

P ap gen maladi, e p ap gen lanmò. Lè moun vin granmoun, yo p ap mouri jan n ap fè kounyeya Yo pral chanje nan yon ti moman soti nan fason nou ye kounyeya vin nan yon kondisyon imòtèl, ki vle di yo p ap janm mouri ankò.

Sa pral yon gran privilèj pou viv pandan milenyòm nan. Bagay nou pa konprann kounyeya pral vin klè pou nou. Lavi a pral menm jan li ye kounyeya, eksepte ke tout bagay pral fèt nan lapè ak lanmou. Moun yo pral kontinye fè epi leve timoun, plante, rekòlte epi manje yo, epi bati kay.

***Diskisyon***
• Kisa tè a pral sanble pandan Milenyòm nan?

**Yon batay final ap fèt lè Milenyòm nan pral fini**
Lè Milenyòm nan pral fini, Satan pral kòmanse gen pouvwa sou tè a. Kèk moun pral kwè nan li Satan ak moun k ap suiv li yo pral goumen avèk patizan Jezi yo. Nan batay sa a, Satan ak moun k ap suiv li yo pral pran yon defèt pou toutan. Aprè batay sa a moun yo pral jije, epi y ap voye chak moun nan wayòm yo te prepare pou viv l.

***Diskisyon***
• Kisa ki pral pase nan fen Milenyòm nan?

***Referans***

*Moun jis pral viv sou tè a pandan Milenyòm nan*

- 2 Nefi 30:10 (Mechan yo pral detui.)
- Moyiz 7:64 (Tè a ap debarase de mechanste.)

*De gwo travay ap fèt pandan Milenyòm nan*

- Jeremi 31:34 (Lèzòm p ap gen pou yo anseye youn ak lòt konsènan Jezi, paske yo tout pral konnen l.)

***Kisa lavi a pral sanble pandan Milenyòm nan***

- Ezayi 2:3–4 (Pral gen de gwo vil kapital mond lan, epi tout mond lan pral gen lapè.)
- Ezayi 11: 6–9 (Pral gen lapè nan mitan zannimo youn ak lòt.)
- Revelasyon 20:1–3 (Satan pral mare.)

*Yon batay final pral fèt nan fen Milenyòm nan*

- Revelasyon 20:7–10 (Satan ak disip li yo pral pran defèt nan batay final sa a.)

# LAVI APRE LANMÒ

*Pati 10*





*Nou pral jwenn fanmi nou yo ak moun nou renmen*
*yo nan mond espri a apre nou mouri.*

# LAVI APRE LANMÒ

*Chapit 35*

*Kòman nou kapab prepare n pou vi k ap vini an?*

**Espri nou pral viv apre nou mouri**
Nou se pitit espri Papa nou ki nan Syèl la. Lè nou t ap viv avèk li nan syèl la an espri, nou pa t gen yon kò fizik. Se te yon pati nan plan li pou nou fèt sou tè a epi pou espri nou resevwa yon kò chè ak zo. Espri nou se sa ki bay kò fizik nou lavi pandan n ap viv sou tè a.

Menm jan pou nou fèt se te yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la, yon lòt pati nan plan an se pou nou mouri. Lè yon moun mouri, espri li kite kò li. San espri a, kò a pa gen vi e yo mete l nan yon tonm.

Men espri nou te viv anvan nou te fèt, epi yo pral kontinye viv apre nou mouri. Lè nou mouri, espri nou yo prale nan mond espri yo pou ret tann rezirèksyon, pandan kò a nan tonm nan.

Nan mond espri yo, espri nou pral gen menm fòm nan tankou lè n t ap viv sou tè a avèk yon kò chò ak zo. Nou pral sanble menm jan nou ye kounyeya. Nou pral panse menm jan epi kwè menm bagay menm jan nou te ye isit la. Moun ki te jis nan vi sa a pral kontinye rete jis. Moun ki pa t jis yo pral kontinye pa jis. Nou pral gen menm dezi apre nou mouri jan nou te gen sou tè a.

***Diskisyon***
- Kote espri nou yo soti?
- Kisa ki pase avèk yo lè yo mouri?
- Kisa kò espri yo sanble?

**Mond espri yo se yon kote pou travay, aprann, epi tann**

Pwofèt Papa nou ki nan Syèl la yo te di nou anpil bagay konsènan mond espri a. Genyen yon kote ki rele Paradi. Lè yon moun ki te aksepte levanjil epi te yon sèvitè fidèl Jezi mouri, espri li ale nan paradi a. Se yon plas kote moun kontan epi gen lapè. Kote sa yo libere anba pwoblèm, sousi, ak tristès. Yo kapab fè anpil bon bagay tankou anseye lòt yo konsènan levanjil la oubyen aprann yomenm pi plis konsènan li.

Lòt plas la rele prizon espri. Twa kalte moun pral la. Se pral moun ki te mechan nan vi sa a, moun ki te viv bòn vi men ki pa t aksepte levanjil la epi moun ki pa t janm gen okazyon pou tande levanjil la.

Pwofèt Papa nou ki nan Syèl la yo te di nou gen misyonè jis k ap soti nan mond espri a pou al anseye levanjil la bay tout espri moun ki mouri yo. Anpil pral aksepte levanjil la epi repanti. Òdonans sali nesesè yo pral fèt pou yo pa moun ki vivan nan tanp Papa nou ki nan Syèl la yo. Fanmi yo ak lòt manm legliz la fè òdonans sa yo pou yo. Konsa, yo pral kapab kite prizon an. Nan fason sa a, Papa nou ki nan Syèl la founi okazyon pou tout pitit li yo resevwa benediksyon levanjil la nenpòt lè yo te viv sou tè.

Natirèlman tout moun nan mond espri yo ap resisite. Nan rezirèksyon, espri a avèk kò a pral reyini ansanm ankò. Menm si kò a te pouri epi vin tounen pousyè pandan l te nan tonm lan, l ap vin tounen yon kò pafè epi imòtèl. Pwofèt Alma te di: "Chak membre, chaque jointure sera restituée à son corps; oui, pas même un cheveu de la tête ne sera perdu, mais toutes choses seront restaurées dans leur forme propre et parfaite."

Nan rezirèksyon kò a ak espri pral reyini, pou l pa janm separe ankò. Jezi te bay chak moun ki viv sou tè sa a bèl don rezirèksyon sa a grasa lanmou li ak gran sakrifis ekspyatwa l la pou nou.

***Diskisyon***

- Ki de divizyon ki genyen nan mond espri a?
- Ki moun ki pral nan paradi? Kisa espri ki nan paradi yo ap fè?
- Ki moun ki ap nan prizon? Sa k ap pase la?

**Nou tout pral jije nan jijman final la**

Yo jije nou plizyè fwa pandan lavi etènèl nou. Yo te jije nou pandan nou t ap viv avèk Papa nou ki nan Syèl la pou wè si nou te diy pou vin sou tè a pou gen yon kò. Yo te jije nou pandan nou isit la pou wè si nou diy pou vin batize. Yo jije mesye yo pou wè si yo diy pou resevwa prètriz la. Yo te

jije nou pou wè si nou diy pou antre nan tanp pou resevwa benediksyon espesyal. Apre nou mouri, yo jije nou, epi rekonpans n ap resevwa a ap depann sou kòman nou te viv sou tè a.

Apre nou resisite, yo pral mennen nou devan Papa nou ki nan Syèl la pou jije pou yon dènye fwa. Sa rele jijman dènye a. Jijman dènye sa a pral deside kibò nou pral viv pou toutan. Isit la nou pral jije pou bagay nou di epi fè epi panse nan vi sa a. Yo pral jije nou sou fason nou te suiv ansèyman Jezi yo. Yo pral jije nou ak gwo rejis ki fèt sou tè a ak nan syèl la. Papa nou ki nan Syèl la ap fè Jezi jije nou.

Jezi renmen nou anpil, men li se yon jij jis epi li dwe jije nou dapre mòd lavi nou te viv. Tout sa nou te panse, di, oubyen fè anrejistre, premyèman nan memwa nou, epi nan rejis yo. Jezi konnen tout aksyon nou yo, lè nou kanpe devan li, nou pral sonje yo tout.

***Diskisyon***
- Site kèk lè nou jije.
- Kisa pou kèk bagay nou pral jije?

**Nou deside nan aksyon chak jou yo kisa ki pral pase avèk nou apre nou mouri**
Si nou fè sa ki byen nan lavi nou, n ap prepare tèt nou pou viv pou toutan avèk Papa nou ki nan Syèl la ak bon moun sou tè a. Si nou pa t suiv kòmandman Papa nou ki nan Syèl la, n ap santi nou trè mal lè nou kanpe devan Jezi pou jije.

Pwofèt yo te di "Pawòl nou yo pral kondane nou, wi, tout travay nou yo pral kondane no; nou p ap san tach, epi panse nou yo tou ap kondane nou." "Yo te di mechan yo pral kanpe devan Jezi" avèk wont epi santiman koupab epi swete pou wòch ak montay ta kapab tonbe sou yo pou kache yo nan prezans li.

Pou tout moun ki te viv sou tè sa a, jou jijman dènye pral swa yon jou mèveye swa yon jou tris. Nou ta dwe prepare pou moman sa yo k ap vini an pou jou pa nou an kapab yon jou kè kontan. Nou vle kapab kanpe devan Papa nou ki nan Syèl la san wont epi tande li di li kontan avèk sa nou te fè pandan lavi nou.

Nou ta dwe reflechi sou jijman dènye sa a. Nou ta dwe gen fwa nan Jezikri epi repanti pou peche nou yo jis nan fen vi nou pou nou kapab pre pou li.

Sa se sèl fason nou kapab libere anba peche nou yo lè sa a vini. Si nou gen fwa nan Jezikri epi repanti pou tout peche nou yo, Papa nou ki nan Syèl la pral padone nou pou peche nou yo epi ede nou vin konplètman san peche. Si nou gen fwa nan Jezikri nou pral pase vi nou ap fè bon bagay, panse bon panse, epi pale bon pawòl. Nou pral evite moun, liv, ak kote ki ta kapab fè nou panse move bagay oubyen vin yon moun ki pa jis.

Papa nou ki nan Syèl la renmen nou chak epi vle nou viv diy pou retounen nan prezans li. Si nou gen dezi pou viv avèk l epi bon moun nou renmen yo, nou dwe gen fwa nan Jezikri epi fè bagay li kòmande nou fè. Nou dwe tou ede fanmi nou yo viv bon vi. Papa nou ki nan Syèl la pral ede nou. Li te bay nou levanjil la pou montre nou chemen an epi te di nou nou kapab toujou priye pou èd li.

***Diskisyon***

- Poukisa panse ak aksyon chak jou nou yo tèlman enpòtan?
- Kisa nou kapab fè pou amelyore panse nou, pawòl nou, ak aksyon nou?
- Poukisa nou bezwen èd Papa nou ki nan Syèl la pou n vin pafè?
- Poukisa se sèlman atravè fwa nan Jezikri nou kapab jije diy pou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la?

***Referans***

*Espri nou yo viv apre nou mouri*

- Lik 23:43 (Jezi te pwomèt vòlè sou kwa a anvan lontan y ap nan paradi a ansanm.)
- Alma 40:41 (Espri nou yo retounen jwenn Papa nou ki nan Syèl la apre nou mouri.)

*Mond espri yo se yon kote pou travay, aprann, epi tann*

- 1 Pyè 3:18–20 (Jezi te preche espri nan prizon yo.)
- Alma 40:12–14 (Jis yo pral kontan nan paradi, pandan mechan yo pral gen gwo lapenn nan prizon )

*Nou tout pral jije nan jijman final la*

- Ak 17:31; Women 14:10 (Jezikri pral jije tout moun yon jou.)
- Revelasyon 20:12 (Yo pral jije dapre liv ki te ekri sou tè a ak nan syèl la.)

*Nou deside pa aksyon chak jou nou yo sa k ap pase apre nou mouri*

- Matye 25:31–46 (Jezikri pral jije nou pa aksyon nou yo.)

- 2 Nefi 29:11 (Yo pral jije dapre ekriti yo.)
- Jakòb 6:9 (Nou pral kanpe avèk wont e santiman koupab si nou pa repanti.)
- Alma 12:14 (Pawòl nou yo, panse nou yo, ak aksyon nou yo pral kondane nou si yo pa bon.)
- 2 Nefi 31:19–20 (Nou dwe kontinye gen fwa nan Jezikri jis nan fen lavi nou, repanti pou tout peche nou yo pou n gen lavi etènèl.)



*Moun ki andire jiska lafen yo ap egzalte avèk Papa nou ki nan Syèl la epi Jezikri.*

# LAVI ETÈNÈL

*Chapit 36*

*Kikote nou pral viv apre Jijman Final la?*

**Nou chak prale kote nou te prepare pou ale a**

Jezi te anseye Papa nou ki nan Syèl la te prepare anpil kote pou nou viv. Nou chak prale nan youn nan kat kote sa yo, dapre jan fwa nou nan Jezikri te ye. Nou prale nan wayòm ki te prepare pou ou, dapre chwa nou te fè yo. Kat kote sa yo se wayòm selès, wayòm terès, wayòm telès, ak tenèb deyò a.

*Wayòm Selès la*

Se yon plas kote Papa nou ki nan Syèl avèk Jezi rete. Se yon plas kote moun pral kontan, e li pral pi bèl pase sa nou kapab imajine. Moun k ap viv nan wayòm sa a pral renmen Papa nou ki nan Syèl avèk Jezi epi chwazi pou obeyi yo. Yo dwe repanti pou tout peche yo epi yo dwe aksepte Jezi kòm Sovè yo. Yo dwe batize epi resevwa don Sentespri. Yo dwe gen yon temwayaj apwopo Sentespri a Jezi se Sovè a.

Viv nan pati pi wo nan Wayòm selès la rele egzaltasyon oubyen lavi etènèl. Pou n kapab viv nan pati wayòm selès sa a, moun yo dwe marye nan tanp epi kenbe pwomès sakre yo te fè nan tanp lan. Yo pral resevwa tout bagay Papa nou ki nan Syèl genyen epi vin tankou l. Yo pral kapab menm genyen pitit espri epi fè nouvo mond pou yo viv, epi fè tout bagay Papa nou ki nan syèl la fè. Moun ki pa marye nan tanp kapab viv nan yon lòt kote nan wayòm selès la, men yo p ap egzalte.

*Wayòm Terès la*

Wayòm sa a pa bèl bèl menm jan avèk wayòm selès la. Menm si Jezi pral vizite wayòm terès la, moun k ap viv la yo p ap viv avèk Papa nou ki nan

Syèl la epi yo p ap gen tout sa l genyen. Moun ki ale nan wayòm terès yo ap moun ki onorab. Kèk nan yo ap manm Legliz e lòt yo p ap manm. Yo ap moun ki pa t aksepte Jezi sou tè a men ki aksepte l pita nan mond espri a. Moun k ap viv la yo p ap fè pati yon fanmi etènèl, men y ap viv separe, san fanmi. Papa nou ki nan Syèl a pral bay moun sa yo kè kontan yo te prepare pou resevwa a.

*Wayòm Telès la*

Wayòm sa a pa bèl menm jan avèk wayòm selès la ni wayòm terès la. Ni Papa nou ki nan Syèl la, ni Jezi p ap vizite moun k ap viv la a. Zanj yo pral vizite moun sa yo, epi y ap gen enfliyans Sentespri a. Moun ki viv nan wayòm telès la se moun ki Pat aksepte levanjil oubyen yon temwayaj sou Jezi, sou tè a oubyen nan mond espri a. Yo pral soufri pou pwòp peche yo nan prizon espri yo jis apre milenyòm nan. Epi alafen yo pral resisite.

Pandan yo sou tè a, metye yo se manti, vòlè asasen, fo pwofèt, adiltè, ak moun k ap pase bagay sakre yo nan betiz. Yo te moun ki te aksepte kwayans mond lan pase ansèyman Jezi yo. Anpil moun pral viv nan wayòm sa a. Papa nou ki nan Syèl la pral bay moun sa yo kè kontan yo te prepare pou resevwa a.

*Tenèb deyò a*

Tenèb deyò a se kote Satan ak moun ki kwè nan li yo pral viv. Moun sa yo se moun ki te chwazi pou viv avèk Satan. Yo p ap jwenn padon. Moun sa yo ap viv pou toutan nan fè nwa, tribilasyon, ak soufrans avèk Satan ak espri ki te suiv li y.

***Diskisyon***

- Pou ki wayòm nou dwe prepare nou pou nou vin tankou Papa nou ki nan Syèl la?
- Kisa kèk bagay nou bezwen fè pou nou prepare pou nou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la?

**Papa nou ki nan Syèl la te ban nou levanjil la pou prepare nou pou Lavi Etènèl nan Wayòm Selès la**

Papa nou ki nan Syèl la bay nou chak yon chans pou n gen lavi etènèl avèk li. Lavi Etènèl se kalite lavi Papa nou ki nan Syèl avèk Jezi viv. Papa nou ki nan Syèl la pafè. Li konnen tout bagay. Li gen pouvwa sou tout bagay. Li dirije tout bagay. Li viv dapre verite ak lwa etènèl yo.

Jezi te obeyi Papa nou ki nan Syèl la, epi se poutèt sa li pral viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Si nou fè sa Jezi te anseye nou fè yo, nou pral kapab viv tankou limenm ak Papa nou ki nan Syèl la ap viv la. L ap pote plis bonè pou nou pase nenpòt bagay.

Levanjil la di nou tout sa nou bezwen konnen, tout sa nou bezwen fè pou n resevwa lavi etènèl. Li ede nou konnen Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezi. Li anseye nou kòman pou n viv menm jan avè yo. Lè nou priye epi etidye ekriti yo nou kapab konnen yo pi byen. Lè nou konnen epi renmen yo, nou pral vle obeyi pawòl yo. Lè nou obeyi, nou pral kapab vin tankou yo epi vin diy pou viv avèk yo pou toutan.

***Diskisyon***
- Kisa lavi etènèl ye? Kiyès k ap resevwa l?
- Kòman levanjil la ede nan preparasyon nou pou lavi etènèl nou?

**Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou lè nou chwazi pou obeyi levanjil la**

Papa nou ki nan Syèl la konnen li posib pou nou tout viv levanjil la epi resevwa lavi etènèl. Paske nou se pitit li, nou gen pouvwa pou n vin tankou l. Li konnen feblès nou chak epi kisa k ap tante nou. Li te pèmèt nou pou vin sou tè a nan yon tan epi yon kote k ap ban nou opòtinite pou n fè bon bagay epi aprann.

Kounyeya se lè pou nou fè tout sa nou bezwen fè pou n resevwa lavi etènèl. Papa nou ki nan Syèl la renmen nou epi li vle nou gen siksè. Li te fè tout sa l kapab pou nou. Li te ban nou yon tè kote nou te kapab aprann epi pwogrese. Li te voye Pitit Gason l lan Jezikri, kòm Sovè nou pou anseye nou levanjil la. Li te envite nou priye pou li. Li te rann li posib pou Sentespri kòm gid nou. Kounyeya nou bezwen fè sa ki byen. Si nou chwazi pou n gen fwa nan Jezikri epi obeyi li, l ap ede nou epi bay nou fòs pou simonte tantasyon ak lòt pwoblèm k ap vini nan vi nou.

Papa nou ki nan Syèl la te mande nou pou aksepte levanjil la. Pou n fè sa a, nou dwe premyèman gen fwa nan Jezikri. Konsa nou dwe repanti pou peche nou yo pou nou kapab batize epi konfime manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Lè nou konfime, nou resevwa don Sentespri a nan yon moun ki gen prètriz la. Sentespri a di nou chak sa Jezi vle nou fè epi pou n resevwa lavi etènèl nou dwe pase rès lavi nou ap obeyi epi sèvi li.

Jezi rekòmande nou tout pou obeyi kòmandman yo pou ede nou retounen epi al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la. Sa gen ladan l, obeyi lwa chastete

a, peye dim nan epi bay ofrann, obeyi Pawòl Sajès la, rete onèt nan tout tan, epi kenbe jou Saba a sen.

Pou n vin tankou Papa nou ki nan Syèl la, nou dwe resevwa tou òdonans nan tanp lan, ki rele dotasyon. Nou bezwen vin sèl, konsa n ap ansanm avèk fanmi nou pou letènite. Nou ta dwe chèche non ak enfòmasyon konsènan fanmi nou ki mouri epi ba yo nan legliz la, nan yon fason pou fè òdonans ki nesesè pou yo nan tanp lan.

Jezi te kòmande nou pou fè anpil bagay. Sa gen ladan pale lòt yo apwopo levanjil, renmen epi ede yo, epi vin yon bon egzanp pou yo.

Nou ta dwe tou kenbe tout pwomès nou fè a Papa nou ki nan Syèl la, asiste reyinyon legliz yo regilyèman, anseye fanmi nou levanjil la nan etidye ekriti yo chak jou, epi priye poukont nou epi avèk fanmi nou chak jou.

Si nou gen fwa nan Jezikri epi eseye obeyi tout kòmandman yo, n ap resevwa lavi etènèl epi vin tankou Papa nou nan Syèl la.

Vin tankou Papa nou ki nan Syèl la se tankou monte yon nechèl. Nou dwe kòmanse kote ki pi ba a epi monte chak mach jiskaske nou rive nan tèt la. Pwofèt Joseph Smith te di si nou vle vin tankou Papa nou ki nan Syèl la, nou dwe aprann kòman li santi, panse, epi aji. Lè nou konprann bagay sa yo konsènan li, nou kapab aprann tout lòt bagay konsènan li, jiskaske nou konnen kòman pou nou vin tankou l.

L ap ede nou sonje Papa nou ki nan Syèl la te yon fwa yon moun ki te viv sou tè a, menm jan avèk nou. Li te vin Papa nou ki nan Syèl la nan simonte pwoblèm yo, jis menm jan nou gen pou n fè sou tè a. Sepandan Pwofèt Joseph Smith te di nou p ap aprann tout bagay nou bezwen aprann nan mond sa a. Sa ap pran yon bon tan apre nou fini avèk vi sa a pou nou konnen tout bagay nou bezwen konnen pou kapab vin tankou Papa nou ki nan Syèl la.

Lè nou aprann gade tout kòmandman Papa nou ki nan Syèl la, panse kòman n ap kontan lè n ap retounen jwenn li pou li di nou li kontan avèk fason nou te viv epi n ap vin tankou li epi viv avèk li pou toutan.

***Diskisyon***

- Poukisa li posib pou nou tout vin tankou Papa nou ki nan Syèl la?
- Ki bagay nou dwe fè pou n gen fason viv Papa nou ki nan Syèl la genyen an?

- Kòman Papa nou ki nan Syèl la ede nou vin tankou li?
- Dekri kòman ou tap santi ou si ou ta tande Papa nou ki nan Syèl la di nou, nou te viv byen epi li renmen nou.

***Referans***

*Nou chak prale nan kote nou te prepare pou n ale a*

- Jan 14:2 (Jezi te prepare yon plas pou nou nan kay Papa l la.)

*Papa nou ki nan Syèl la te ban nou levanjil la pou prepare nou pou lavi etènèl nan Wayòm Selès la*

- Mozya 4:26–27 (Yo di nou sa nou bezwen fè pou n eritye lavi etènèl.)
- Alma 34:32–34 (Kounyeya se lè pou nou prepare nou pou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.)

*Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou lè nou chwazi pou obeyi levanjil la*

- Matye 25:23 (Papa nou ki nan Syèl la ap fè moun ki fidèl yo dirije anpil bagay.)

# ATIK FWA YO

Nan prentan 1842, Pwofèt Joseph Smith te voye yon lèt bay John Wentworth, ki te editè yon rejis ki te rele *Chicago Demokrat*. Lèt sa a gen yon resi anpil evenman ki te pase nan istwa Legliz la. Dokiman an gen trèz sitasyon ki eksplike kwayans Sen Dènye Jou yo. Yo rele yo Atik Fwa yo ki nan lis anba a.

Atik Fwa yo se doktrin ofisyèl legliz la epi li fè pati ekriti kanonik Sen Dènye Jou yo. Yo se sitasyon klè kwayans k ap ede manm yo konprann kwayans debaz Legliz la epi eksplike kwayans sa a a lòt moun yo. Sepandan yo pa yon rezime konplè doktrin Legliz la. Atravè pwofèt vivan yo, Legliz la gide pa revelasyon kontini epi enspire.

1 Nou kwè nan Bondye, Papa Etènèl la, ak Pitit li Jezikri, epi nan Sentespri a.

2 Nou kwè lèzòm ap pini pou pwòp peche yo, pa pou transgresyon Adan an.

3 Nou kwè atravè ekspyasyon Kris la, tout limanite ap sove, pa obeyisans a lwa yo epi òdonans levanjil la.

4 Nou kwè premye prensip ak òdonans levanjil la se: premyèman, Fwa nan Senyè a Jezikri; dezyèmman, Repantans, twazyèmman, Batèm pa imèsyon pou remisyon peche yo, katriyèmman, enpozisyon men pou don Sentespri.

5 Nou kwè yon moun te rele pa Bondye, pa pwofesi, ak pa enpozisyon men pa moun ki gen otorite, pou preche levanjil epi administre òdonans yo.

6 Nou kwè nan menm òganizasyon ki te egziste nan Legliz primitif, site konsa, apot, pwofèt, pastè, enstriktè, evanjelis, eksetera.

7 Nou kwè nan don lang pwofesi, revelasyon, vizyon, gerizon, entèpretasyon lang, eksetera.

8 Nou kwè Bib la se pawòl Bondye toutotan li tradui kòrèkteman; nou kwè tou Liv Mòmon an se pawòl Bondye.

9 Nou kwè tout sa Bondye te revele, tout sa li poko revele, epi nou kwè ap revele anpil gwo bagay enpòtan konsènan wayòm Bondye a.

10 Nou kwè nan rasanbleman literal Izrayèl ak nan retablisman dis tribi yo; Siyon (Nouvo Jerizalèm nan) ap bati sou kontinan Ameriken; Kris ap reye pèsonèlman sou latè; epi, tè a ap renouvle epi resevwa glwa paradizyak li.

11 Nou reklame privilèj pou nou adore Bondye Toupuisan an dapre pwòp konsyans nou, epi pèmèt tout moun gen menm privilèj la, kite yo adore, jan yo vle, kote yo vle oubyen sa yo vle.

12 Nou kwè nou dwe soumèt a wa yo, prezidan yo, jij yo, ak majistra yo nan obeyi, onore, ak soutni lalwa.

13 Nou kwè nou dwe onèt, sensè, chas, bienveyan, vètye, epi fè byen a tout moun; an efè, nou dwe di nou suiv egzòtasyon Pòl la—Nou kwè tout bagay, nou espere tout bagay, nou te andire anpil bagay, epi espere kapab andire tout bagay. Si gen yon bagay vètye, emab, ak bòn repitasyon oubyen diy pou louwanj, n ap chèche bagay sa yo.

Joseph Smith

# KANTIK YO

*Mizik*



# Vini, Sen Yo

*Avèk konviksyon* ♩ = 66-84






*Tèks:* William Clayton, 1814–1879
*Mizik:* Chan fòlklò Anglè

Doktrin ak Alyans 61:36–39
Doktrin ak Alyans 59:1–4

# Pitit Bondye An N' Chante




*Tèks:* James H. Wallis, 1861–1940
*Mizik:* Mizik espayòl; Aranjman: Benjamin Carr, 1768–1831

Doktrin ak Alyans 133:25, 33, 56
Revelasyon 7:9–17

# Redanmtè Izrayel




5. Redanmtè mwen an restore zeklè figi ou;
   Ban nou rekonfò nanm bezwen
   Ranpli nou esperans pou nou tann bèl
      wayòm sen an
   Pou kè nou kapab sispann dezole.

6. Lè ou leve tèt pou gade, tout zanj yo,
      kontan
   Anpil moun ap ret tann pawòl ou
   Lè ou leve vwa ou tout letènite a ranpli
   Pou voye eko louwanj sovè a.

*Tèks:* William W. Phelps, 1792–1872; sòti nan Joseph Swain, 1761–1796
Parèt nan premye liv chan SDJ, 1835.
*Mizik:* Freeman Lewis, 1780–1859

Ekzòd 13:21–22
1 Nefi 22:12

# Yon Fondasyon Solid






4. Lè mwen rele ou vwayaje sou dlo fon
   Lavalas tristès pa pral anpòte ou
   Paske m'ap avèk ou pou mwen beni ou
   Pou mwen sanntifye ou pou mwen sanntifye ou
   Pou mwen sanntifye ou nan tribilasyon ou.

5. Lè tribilasyon kouvri tout chemen ou
   Gras mwen sifizan pou pote ou sekou
   Flanm yo pap boule ou, yo pap fè ou mal
   Flanm yo pap boule ou, flanm yo pap boule ou
   Flanm yo pap boule ou, yo pap fè ou mal.

6. Jis nan laj gran moun m'pral pwouve pèp mwen
   Gran amou etènèl mwen an pop chanje
   Epi lè tèt yo fin chaje cheve blan
   Tankou ti mouton yo, tankou ti mouton yo
   Tankou ti mouton yo pral sou pwatrin mwen.

7. Yon nanm ki repoze tèt li sou Jezi
   M'pap janm livre li nan men enmi ya
   Menm si lanfè a pare pou kraze li
   M'pap janm bliye li M'pap janm bliye li
   M'pap janm bliye li menmsi lanfè gwonde.

*Tèks:* Attr. to Robert Keen, ka. 1787.
Ekri nan premye liv chan SDJ a, 1835.
*Mizik:* Attr. to J. Ellis, ca. 1889

Ezayi 41:10; 43:2–5
Elaman 5:12

# Konte Benediksyon Ou Yo






*Tèks:* Johnson Oatman, Jr., 1856–1922
*Mizik:* Edwin O. Excell, 1851–1921

Doktrin ak Alyans 78:17–19
Alma 34:38

# An Nou Tout Travay






*Tèks ak mizik:* Evan Stephens, 1854–1930

Doktrin ak Alyans 6:33–37
1 Nefi 22:15–17

# Mwen Bezwen ou Tout Tan




*Tèks:* Annie S. Hawks, 1835–1918
*Mizik:* Robert Lowry, 1826–1899

2 Nefi 4:16–35
Sòm 143:1

# Travay La Bèl




5. Peche te gran advèsè mwen,
li pa ka toumante m'ankò
Ennmi mwen yo prale tonbe.
Satan pral sispann toumante m'.

6. Lè sa m'a wè, tande, konnen
Tout sa mwen te vle sou tè a
Tout pouvwa mwen ap vin itil
Nan mond plen jwa etènèl sa.

*Tèks:* Isaac Watts, 1674–1748
*Mizik:* John J. McClellan, 1874–1925

Sòm 92:1–5
Enòs 1:27

# Premye Priyè Jozèf Smit La






*Tèks:* George Manwaring, 1854–1889
*Mizik:* Sylvanus Billings Pond, 1792–1871; adaptasyon A. C. Smyth, 1840–1909

Istwa Jozèf Smit 1:14–20, 25
Jak 1:5

# Gran Redanmtè A Te Mouri






5. Li te mouri epi lè sa
Solèy la te kache figi l′
Tè a tranble, nati fache
Poutèt yon Bondye te mouri
Tè a te tranble toupatou.

6. Li vivan, li vivan tout bon
Se poutèt sa nou ajenou
Nan yon fason byen senbolik
Pou nou ka louwe, adore l′
Pou nou tout kàpab adore l′.

*Tèks:* Eliza R. Snow, 1804–1887
*Mizik:* George Careless, 1839–1932

Doktrin ak Alyans 18:11
Lik 22:42; 23:46

# Oumenm Papa Letènèl




*Tèks:* William W. Phelps, 1792–1872.
Te parèt nan premye liv chan SDJ, 1835.
*Mizik:* Felix Mendelssohn, 1809–1847

Doktrin ak Alyans 20:77, 79
Ezayi 53:2–5

# Sajès Ak Amou Li Gran Anpil




5. Pou nou ka sonje kò Jezi
Nou manje pen beni.
Nou bwè dlo a pou non sonje
Nou dwe gen fwa nan li.

6. Ala yon gran glwa li montre
Nan plan redanmsyon li
Kote jistis, mizèrikòd
Asosye fè yon sèl.

*Tèks:* Eliza R. Snow, 1804–1887
*Mizik:* Thomas McIntyre, 1833–1914

Moyiz 4:1–2
Alma 42:14–15

Vèsè 1, 2, 5, ak 6 espesyalman apwopriye pou sakreman.

# Jezi Te Fèt Kon Ti Pòv




*Tèks:* Parley P. Pratt, 1807–1857 — Lik 2:7
*Mizik:* Giacomo Meyerbeer, 1791–1864, adaptasyon — Matye 25:31

# Papa Bondye Tande Vwa Nou




*Tèks:* Annie Pinnock Malin, 1863–1935
*Mizik:* Louis M. Gottschalk, 1829–1869; adaptasyon: Edwin P. Parker, 1836–1925

Doktrin ak Alyans 59:9–12
2 Nefi 10:24–25

# Mwen Sezi Anpil






*Tèks ak mizik:* Charles H. Gabriel, 1856–1932

Mozya 3:5–8
Jan 15:13

# Gen Yon Mòn Jaden Byen Lwen




*Tèks:* Cecil Frances Alexander, 1818–1895
*Mizik:* John H. Gower, 1855–1922

Jan 19:16–20
Ebre 13:12

# N'ap Chante Non Jezi Kris

*Avèk fèmte* ♩ = 76-88




*Tèks:* Richard Alldridge, 1815–1896 — 2 Nefi 9:5, 10–12
*Mizik:* Joseph Coslett, 1850–1910 — Moyiz 4:20–21

# Nan Imilite, Sovè Nou An

*Avèk imilite* ♩ = 72-84






*Tèks:* Mabel Jones Gabbott, b. 1910. © 1948 SDJ
*Mizik:* Rowland H. Prichard, 1811–1887

2 Nefi 2:7
Doktrin ak Alyans 59:9

# Lespri Bondye Tankou Dife






*Tèks:* William W. Phelps, 1792–1872. Te parèt nan premye liv chan SDJ, 1835. Yo te chante l'nan dedikasyon Tanp Kirtland nan, 1836.
*Mizik:* Henry Tucker, ca. 1863

Doktrin ak Alyans 109:79–80
Doktrin ak Alyans 110

# Anlè sou tèt mòn nan




*Tèks:* Joel H. Johnson, 1802–1882 — Ezayi 2:2–3
*Mizik:* Ebenezer Beesley, 1840–1906 — Ezayi 5:26

# Ki Sa Verite Ye




*Tèks:* John Jaques, 1827–1900
*Mizik:* Ellen Knowles Melling, 1820–1905

Doktrin ak Alyans 93:23–28
Jan 18:37–38

# Kounyeya an Nou Rejwi






*Tèks:* William W. Phelps, 1792–1872.
Te parèt nan premye liv chan SDJ, 1835.
*Mizik:* Henry Tucker, ca. 1863

Moyiz 7:61–67
Dizyem Atik Fwa a

# Fè Sa Ki Byen



Avèk rezolisyon ♩ = 96-116
1. Fè sa ki byen; Jou - nen an ap pa - se,
2. Fè sa ki byen; An - trav yo ap ton - be.
3. Fè sa ki byen; Gen fwa, pa pè an - yen.
A - non - se li - myè a - vèk li - bè - te.
Moun an - che - ne yo ap ka - se chenn yo;
Ma - che an - na - van, ak yon ob - jek - tif.
Zanj yo an - lè a ap pran nòt se - krèt - man,
Yo gen es - pwa pou yo sis - pann mi - ze - rab.
Je ki plen dlo yo yon jou gen pou se - che.
Kon - sè - nan zèv ou yo; fè sa ki byen!
Ve - ri - te ap ma - che, fè sa ki byen!
Ou a' jwenn be - ne - dik - syon, fè sa ki byen!




*Tèks:* Anon., *The Psalms of Life,* Boston, 1857
*Mizik:* George Kaillmark, 1781–1835

Detewonòn 6:17–18
Elaman 10:4–5

# Mèsi Bondye Poutèt Pwofèt Ou






*Tèks:* William Fowler, 1830–1865
*Mizik:* Caroline Sheridan Norton, 1808–ca. 1877

Doktrin ak Alyans 21:1–5
Mozya 2:41

# Mwen Konnen Jezi Kris Vivan






*Tèks:* Samuel Medley, 1738–1799.
Te parèt nan premye liv chan SDJ, 1835.
*Mizik:* Lewis D. Edwards, 1858–1921

Jòb 19:25
Sòm 104:33–34

# Bondye Avèk Ou






*Tèks:* Jeremiah E. Rankin, 1828–1904 — 2 Tesalonisyen 3:16
*Mizik:* William G. Tomer, 1833–1896 — Nonb 6:24–26

# Oumenm Papa


Avèk fòs ♩ = 42-56
1. Ou menm Pa - pa ki nan syèl la, Nan wa -
2. Pou yon re - zon ki plen sa - jès, ou te
3. Mwen a - prann re - le ou Pa - pa, Jan Les -
4. Lè eg - zis - tans fèb sa fi - ni, Lè kò
yòm ki pi bèl la, Ki lè m'ap tou - nen ko -
vo - ye nou i - sit. Ou vwa - le je tout pi -
pri ou mon - tre mwen. Mwen pat kon - nen Sa sa
mwen al' re - po - ze, Pa - pa, Man - man, fè m' vin
te - ou, Pou mwen wè fi gi w' an - kò?
tit ou, Pou nou ka bli - ye pa - se;
vle di An - van res - to - ra - syon an.
jwenn ou, Nan syèl la, pou m' re - po - ze.




*Tèks:* Eliza R. Snow, 1804–1887 | Ròm. 8:16–17
*Mizik:* James McGranahan, 1840–1907 | Ak 17:28–29 (22–31)

# Lè Yonn Renmen Lòt






*Tèks ak mizik:* John Hugh McNaughton, 1829–1891

Mozya 4:14–15
Eklezyas 9:9

# Mwen Prale Kote Ou Vle






*Tèks:* Mary Brown, 1856–1918
*Mizik:* Carrie E. Rounsefell, 1861–1930

1 Nefi 3:7
Doktrin ak Alyans 4:2

# Maten An Anvan Ou Sòti






*Tèks:* Mary A. Pepper Kidder, 1820–1905
*Mizik:* William O. Perkins, 1831–1902

Sòm 5:3, 12
Mak 11:24–25

# Louwe Nonm Sa






*Tèks:* William W. Phelps, 1792–1872
*Mizik:* Chan fòlklò Ekosè

Doktrin ak Alyans 135

# Lwen Lòtbò Nan Laplèn Jide




*Tèks ak mizik:* John Menzies Macfarlane, 1833–1892

Lik 2:8–20
Doktrin ak Alyans 45:71

# Yon bèl niwt!




*Tèks:* Joseph Mohr, 1792–1848
*Mizik:* Franz Gruber, 1787–1863

Lik 2:7–14
Alma 7:10–12

# Jezi Kris Resisite




*Tèks:* Charles Wesley, 1707–1788
*Mizik:* Anon., *Lyra Davidica*, 1708

Matye 28:5–6
1 Korentyen 15:20, 53–57

# Li Resisite!

*Avèk diyite* ♩ = 92-104




*Tèks:* Cecil Frances Alexander, 1818–1895 Mak 16:6–7
*Mizik:* Joachim Neander, 1650–1680 Mozya 16:7–9

# M′ Se Pitit Bondye




*Tèks:* Naomi W. Randall, b. 1908. © 1957 SDJ
*Mizik:* Mildred T. Pettit, 1895–1977. © 1957 SDJ

Sòm 82:6; Mozya 4:15
Doktrin ak Alyans 14:7

# Mwen Konnen Papa Bondye Vivan




*Tèks ak mizik:* Reid N. Nibley, b. 1923. © 1969 SDJ
Lè ou ap jwe sou òg, itilize klavye a sèlman (pa itilize pedal).

Mowoni 10:5
Abraham 3:22–28

# Lè M' Te Li Istwa Sa




*Tèks:* Jemima Luke, 1813–1906
*Mizik:* Leah Ashton Lloyd, 1894–1965

3 Nefi 17:21–23
Lik 18:16

# Mwen Remèsye ou, Papa




*Tèks:* Anon.
*Mizik:* George Careless, 1839–1932

Efezyen 5:20
Alma 37:36–37

# Lesenyè Te Ban Mwen Yon Tanp






*Tèks:* Donnell Hunter, b. 1930. © 1969 SDJ
*Mizik:* Darwin Wolford, b. 1936. © 1969 SDJ

1 Korentyen 3:16–17
Doktrin ak Alyans 88:27–29

# M′ Vle Fè Jantiyès

*Avèk senplisite* ♩. = 60-69




*Tèks ak mizik:* Clara W. McMaster, b. 1904. © 1969 SDJ

Lik 6:31, 10:30–37
Efezyen 4:32

# Fèm, Fè Sa Ki Bon






*Tèks:* Anon.
*Mizik:* Aranjman: A. C. Smyth, 1840–1909

Matye 4:1–11
Efezyen 6:1

# Plak Lò Yo




*Tèks:* Rose Thomas Graham, 1876–1967
*Mizik:* J. Spencer Cornwall, 1888–1983
Aranjman; © 1989 SDJ

Istwa—Jozèf Smit 1:51–53, 59

# Aprann Mwen Mache Nan Limyè A




*Tèks ak mizik:* Clara W. McMaster, b. 1904 © 1958 SDJ

Ezayi 2:5
Efezyen 5:8

# Priyè Familyal




*Tèks ak mizik:* DeVota Mifflin Peterson b. 1910.
© 1969 SDJ

Doktrin ak Alyans 59:7
3 Nefi 18:21

# MO POU KONNEN

**Prètriz Aawon:** Otorite Prètriz ki pi piti a Papa nou ki nan Syèl la te bay lèzòm sou tè a pou aji nan non li pou sali pitit li yo. Ti prètriz sa a jwenn non li a nan men Aawon, frè Moyiz la, epi li diferan de pi gran an, oubyen Prètriz Melkizedèk. Prètriz Aawon gen ladan li ofis dyak, enstriktè, prèt, ak evèk.

**Apot:** Yon ofis nan Prètriz Mèlkizedèk la. Youn nan douz temwen espesyal Jezi.

**Ekspyasyon:** Jezi peye pou soufrans ak lanmò li pou peche tout limanite k ap pèmèt nou soti sou konsekans lanmò fizik ak espirityèl transgresyon Adan an te pote ak separasyon lòm avèk Papa nou ki nan Syèl la.

**Batèm:** Yon òdonans nesesè nan levanjil la kote yon moun fè alyans avèk Papa nou ki nan Syèl la pou obeyi l. Papa nou ki nan Syèl la pwomèt pou l padone epi netwaye li anba peche epi pèmèt li vin yon manm nan legliz li a. Òdonans lan senbolize refèt ankò nan plonje nan dlo epi soti nan yon nouvèl vi. Òdonans sa a fèt pa moun ki gen prètriz epi aji pou Papa nou ki nan Syèl la.

**Batèm pou mò yo:** Batèm yon moun ki vivan nan tanp Papa nou ki nan Syèl la nan plas yon moun ki te mouri.

**Batize:** Plonje nan dlo epi soti nan dlo a pou viv yon nouvèl vi. Gade batèm.

**Evèk:** Yon ofis nan Prètriz Melkisedèk an ki bay yon gason otorite pou byennèt espirityèl ak tanporèl yon gwoup manm Legliz la.

**Liv Mòmon:** Yon liv ekriti ki genyen ansèyman Papa nou ki nan Syèl la bay moun ki t ap viv sou kontinan Ameriken an.

**Branch:** Sèvi ak sans kache yon pye bwa pou reprezante yon ti gwoup oubyen yon inite òganize yon gran fanmi legliz la. Gwoup sa a baze sou sitiyasyon jeyografik kote manm yo ap viv epi rasanble ansanm anba gouvènman sèvitè ki gen dwa Papa nou ki nan Syèl la.

**Wayòm Selès:** Wayòm sa a kote jis yo ap viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la epi eritye tout sa l genyen.

**Alyans:** Pwomès sakre ki fèt ant Papa nou ki nan Syèl la ak lòm.

**Dyak:** Premye ofis nan Prètriz Aawon an yo bay jèn gason ki diy nan laj douzan. Li ba yo otorite pou yo fè kèk devwa tanporèl.

**Distri:** Yon zòn oubyen gwoup ki divize an branch sou direksyon yon misyon Legliz la.

**Doktrin ak Alyans:** Yon liv ekriti ki gen Pawòl Papa nou ki nan Syèl la pou pèp nan tan modèn yo.

**Ansyen:** Premye ofis nan Prètriz Mèlkizedèk la yo bay gason ki gen 18 an oubyen plis. Li ba yo otorite pou yo fè kèk òdonans, ki se benediksyon nan lavi lòt moun yo.

**Dotasyon:** Benediksyon Papa nou ki nan Syèl la bay nan tanp ki nesesè pou n ka jwenn egzaltasyon.

**Pè Etènèl:** Yon lòt non nou bay Papa nou ki nan Syèl la.

**Lavi Etènèl:** Sa pa fè referans sèlman pou viv etènèlman, men viv kalite vi Papa nou ki nan Syèl la ap viv la epi vin tankou l. Sa vle di menm bagay ak egzaltasyon.

**Maryaj Etènèl:** Yon maryaj ki sele nan tanp epi ki kontinye etènèlman apre nou mouri si nou diy pou viv avèk Papa nou ki nan Syèl la.

**Egzaltasyon:** Pi wo nivo nan wayòm selès la. Moun k ap viv la a, ap vin tankou Papa nou ki nan Syèl la.

**Chit Adan:** Chanjman ki te fèt nan Adan avèk Èv paske yo te manje fwi defandi a. Papa nou ki nan Syèl la te retire yo nan prezans li, epi yo te vin mòtèl. Sa te rann li posib pou tout moun fèt epi mouri.

**Sware Familyal:** Yon reyinyon familyal, dabitid chak lendi swa, ki gen chante, etid levanjil diskite konsènan nenpòt pwoblèm yo genyen, jwe jwèt epi fè lòt bagay antanke fanmi.

**Ofrann Jèn:** Bay lajan pou n te manje pandan de oubyen plis repa nou pa t pran paske nou t ap jene a. Nou bay Legliz la li pou ede pòv yo.

**Papa ki nan Syèl la:** Yon moun ki pafè ki sanble avèk yon moun mòtèl men ki te gen yon kò chè ak zo. Li se Papa espri nou yo, se li nou priye. Li

plen pouvwa epi li pa kapab mouri. Li renmen nou paske nou se pitit li. Nou rele l tou Papa nou ki nan Syèl la.

**Don Sentespri:** Dwa pou n gen enfliyans konstan Sentespri. Don sa a bay apre batèm.

**Bondye:** Yon èt siprèm epi gouvènè Linivè a. Non Bondye a toujou fè referans ak Papa nou ki nan Syèl la, men pafwa nan ekriti yo, li refere a Jezi.

**Levanjil:** Ansèyman Jezikri yo, si nou suiv yo, k ap pèmèt yon moun retounen epi viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la.

**Syèl:** Plas kote Papa nou ki nan Syèl la ap viv la. Pafwa li fè referans a kote espri nou te viv anvan nou te vin sou tè a, epi kote yo prale apre nou fin mouri (mond espri yo). Se yon non tou pou kote jis yo ap viv pou toutan apre rezirèksyon an (wayòm selès).

**Papa ki nan Syèl la:** Gade Papa ki nan Syèl la.

**Granprèt:** Yon ofis nan Prètriz Mèlkisedèk ki responsab administrasyon bagay espirityèl yo.

**Sentespri:** Yon pèsonaj espri ki pa gen yon kò fizik epi ki gen bi pou temwaye sa Papa nou ki nan Syèl la ak Jezi di epi fè. Lè nou di lespri Papa nou ki nan Syèl la avèk nou, nou fè referans avèk Sentespri a.

**Enstriktè nan Fwaye:** De gason ki gen prètriz la epi ki gen tach pou vizite kèk fanmi nan Legliz la. Yo ede fanmi yo avèk bezwen espirityèl ak tanporèl yo.

**Mezon Izrayèl:** Nenpòt nan desandan natirèl oubyen adopsyon douz pitit gason Jakòb, ke non te chanje an Izrayèl la (Jenèz 32:28).

**Jezikri:** Pi gran frè nou nan Syèl la epi Sovè nou. Li te vin sou tè a pou peye pou peche nou tout. (Gade espesyalman chapit 3, 11 ak 12.)

**Kle Prètriz yo:** Dwa pou bay otorizasyon pou akonpli òdonans prètriz yo.

**Lwa Chastete:** Yon kòmandman Papa nou ki nan Syèl la ke yon moun gen dwa gen relasyon seksyèl sèlman avèk konjwen li.

**Senyè:** Yon non pou Bondye. Li fè referans kèk fwa a Papa nou ki nan Syèl la epi kèk fwa a Jezikri.

**Prètriz Mèlkisedèk:** Pi gran nan de prètriz yo, ki gen ofis ansyen, gran prèt, patriyach, Swasanndis, ak Apot.

**Milenyòm:** Milan lapè k ap kòmanse lè Jezi vin sou tè a ankò nan sa ki fè referans a dezyèm aparisyon li an.

**Misyon:** (1) Yon zòn nan mond lan kote legliz la gen yon òganizasyon travay misyonè oubyen gen pou l fè sa. Dabitid li divize nan ti inite ki rele distri. (2) Yon apèl pa yon dirijan Legliz la pou preche levanjil oubyen fè yon travay pou yon tan espesifik.

**Nouvo Jerizalèm:** Yon site k ap bati nan sant Etazini jis anvan kòmansman Milenyòm nan. Jezi ap administre gouvènman l, wayòm Papa l la sou tè a kote sa a pandan Milenyòm nan.

**Odone:** Bay yon moun diy yon ofis nan prètriz la pa enpozisyon men.

**Ofis:** Yon pozisyon otorite nan prètriz la. (Gade dyak, enstriktè, prèt, eksetera.)

**Òdonans:** Yon rit oubyen seremoni ki fèt gras ak otorite prètriz la.

**Tenèb deyò:** Plas kote Satan ak moun ki chwazi pou suiv li yo ap viv. Moun k ap viv la yo p ap gen enfliyans Sentespri a epi konsa y ap san limyè ak verite.

**Paradi:** Yon kote nan mond espri a kote moun jis yo ap viv.

**Patriyach:** Yon ofis nan Prètriz Mèlkisedèk la, yo bay moun ki deja granprèt, ki gen dwa bay benediksyon espesyal apre l fin òdone Patriyach ki rele benediksyon patriyakal pou manm Legliz ki diy yo.

**Pèl Gran Pri a:** Yon liv ekriti ki gen ekriti Moyiz yo, Abraram, ak Joseph Smith. Non an kounyeya vle di yon bijou ki trè presye ki se yon fason manm Legliz yo gade liv sa a.

**Mò Espirityèl:** Mò kote kò nou separe avèk lespri nou.

**Prèt:** Yon nan ofis Prètriz Aawon an yo bay jèn gason ki diy ki gen omwen 16 an. Ofis sa a ba yo otorite pou fè batèm ak òdinasyon Prètriz Aawon yo, benediksyon sentsèn, epi akonpli lòt devwa.

**Prètriz:** Otorite Papa nou ki nan Syèl la bay gason yo pou fè travay li a epi pou pale nan non li. Gen de kalite: Pi gran an oubyen Prètriz Mèlkisedèk epi pi piti a oubyen Prètriz Aawon.

**Pwofesi:** Pawòl enspire pwofèt nou yo, dabitid konsènan yon bagay ki pral rive.

**Pwofèt:** Yon gason Papa nou ki nan Syèl la rele pou kominike avèk li epi pale pou li.

**Kolèj:** Yon gwoup òganize gason ak jèn gason ki gen menm ofis nan prètriz la. Chak kolèj gouvènen pa yon prezidan ak de konseye.

**Repantans:** Pwosedi yon moun ki peche dwe suiv pou l jwen padon. (Gade chapit 14.)

**Rezirèksyon:** Reyinyon kò a ak espri, apre lanmò pou fòme yon kò imòtèl.

**Revelasyon:** Konesans Papa nou ki nan Syèl la bay yon gason, dabitid pa enspirasyon Sentespri a, ki pale sou bagay ki pase, k ap pase kounyeya ak nan lavni.

**Jou Saba:** Jou repo Jezi bay kòm yon jou adorasyon Papa nou ki nan Syèl la epi sèvi lòt yo. Anpil kote nan mond lan, se dimanch yo obsève.

**Sentsèn:** Yon òdonans nan Legliz la kote manm Legliz yo pataje pen ak dlo pou reprezante kò ak san Jezikri pou raple nou ekspyasyon pou peche yo.

**Sakrifis:** (1) Nan tan lontan, touye yon bèt pou obeyi lwa Papa nou ki nan Syèl la. (2) Jodi a, konsakre yon bagay ki gen valè pou nou tankou tan nou, ak resous nou vag pou n ede yon lòt.

**Sen:** Tèm sa a itilize pou idantifye manm Legliz Jezikri a.

**Sovè:** Yon moun ki sove yon lòt nan yon bagay ki danjere Jezi se Sovè nou paske li sove nou nan de bagay lanmò fizik ak espirityèl.

**Sele:** Yon òdonans ki fèt nan tanp ki ini pou toutan yon mari ak yon madanm, oubyen pitit ak paran yo.

**Dezyèm Aparisyon:** Retou Sovè nou an Jezikri, pou kòmanse Milenyòm nan oubyen milan lapè.

**Vwayan:** Yon moun ki kapab predi lavni paske Papa nou ki nan Syèl la te revele l ba li. Yon vwayan se menm ak pwofèt.

**Swasanndis:** Yon ofis nan Prètriz Mèlkisedèk ki gen responsablite pou preche levanjil epi ede gouvène Legliz la.

**Nanm:** Sa vle di menm bagay ak moun (kò ak espri ansanm). Pafwa, mo sa a itilize pou siyifikasyon espri nou.

**Espri:** Sa ki bay kò a vi. Se pati nan kò a ki te egziste anvan vi sa a epi k ap kontinye egziste menm apre nou mouri. Espri ak kò a ap reyini nan rezirèksyon, pou yo pa janm separe ankò.

**Prizyon Espri:** Yon pati nan mond espri a kote espri twa kalite moun yo prale apre lanmò: Moun ki te mechan nan vi sa a, moun ki te viv yon bon vi men ki pa t aksepte oubyen viv levanjil la, epi moun ki pa t gen opòtinite pou tande levanjil la. Nòmalman tout moun sa yo ap resisite.

**Mond Espri yo:** Plas kote espri tout moun prale apre lanmò jiska rezirèksyon an.

**Mò Espirityèl:** Separasyon nou avèk Papa nou ki nan Syèl la.

**Pye:** Yon òganizasyon manm nan yon zòn jeyografik kote Legliz la òganize nèt epi gouvène pa dirijan prètriz ki nome. Li divize nan ti inite ki rele pawas ak branch.

**Enstriktè:** Yon ofis nan Prètriz Aawon yo bay jèn gason ki gen omwen 14 an. Non an soti nan youn nan responsablite nan ofis sa a, ki se anseye manm Legliz yo.

**Wayòm Telès:** Pi piti nan twa wayòm glwa kote y ap voye moun apre rezirèksyon an. Wayòm sa a la pou moun ki bay manti, asasen, moun ki vòlè, epi lòt moun ki mechan yo.

**Rekòmandasyon Tanp:** Yon papye siyen ki pèmèt yon moun antre nan nenpòt tanp Legliz la. Pou gen papye sa a, moun nan dwe yon manm Legliz ki diy. Rekòmandasyon an siyen pa pwòp dirijan prètriz li, ki temwaye diyite moun nan.

**Tanp:** Yon batiman sakre ki fè referans ak kay Senyè a (Papa nou ki nan Syèl la) kote yo fè òdonans sakre yo, maryaj etènèl la tou.

**Dis Tribi:** Desandan dis nan dous pitit gason Izrayèl yo (Jakòb) ki te nan esklavaj epi pèsonn pa gen konesans kote tras yo ye.

**Wayòm Terès:** Yon wayòm glwa kote sitiyasyon li pi piti pase wayòm selès la men ki pi wo ke wayòm telès la. Li rezève pou bon moun sou tè a ki pa t fè tout sa Papa nou ki nan Syèl te mande yo.

**Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo:** Non ofisyèl Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo li te restore pa Pwofèt Joseph Smith nan tan nou an. Yo rele Legliz sa a pafwa pa tinon Legliz Mòmon.

**Dim:** Yon dizyèm nan revni nou, nou bay Legliz la.

**Pawas:** Yon gwoup manm Legliz ki òganize nan yon pye ki gouvène pa yon evèk ak de konseye.

**Pawòs Sajès:** Yon kòmandman Papa nou ki nan Syèl la ki di nou sa nou ta dwe oubyen pa ta dwe manje oubyen bwè. Li di klèman nou pa ta dwe itilize alkòl, tabak, te, ak kafe. (Gade chapit 27.)

**Siyon:** Yon lòt non pou Nouvo Jerizalèm nan; yon site kote Jezi ap gouvène tè a pandan Milenyòm nan.

LEGLIZ

JEZIKRI

POU SEN

DÈNYE JOU YO

4 023112 90369
31129 036